

IGIHAGARARO

C'UMUNTU ATUNGANYE

 Urakoze, Mwene Data Neville. Umwami Aguhezagire.

Ni vyiza gusubira kuba mw'ihema muri iki gitondo. “Igitondo ciza” cane, kuri mwese. Kandi nizigiye ko uyu uza kuba umunsi uhambaye kuri twese, turi mu—mu Nyonga z’Umwami Wacu. Rero naronse icigwa mu gitondo. Ndashaka guca ntumbera kuri iki cigwa nyene, kuko ni... niyumvira yuko ari ngirakamaro. Kandi ni... Kandi kugira ngo abantu ntibiyumve nabi cane, murazi, mu gihe bategerezwa kuguma igihe kirekire, benshi bahagaze. Ngiye kwinjira buno nyene mu cigwa.

² Rero, uyu mugoroba, nshaka kuvuga ku cigwa c’*Umurongozi w’Ubuzima Bwanje*. Kandi ndipfuza ko abenshi bashobora, benshi uko bishoboka, bazoba bahari ico gihe, ku mugoroba. Ariko, namba ufise ishengero ryawe bwite, turi... ata nkeka, dushaka ko woba uri kw’i—kw’ishengero ryawe. Ni inshingano zawe kubayo, aho urangurira igikorwa cawe, kugira ngo watse umuco wawe.

³ Rero, tuguma twizigiye yuko, igihe cose mugarutse, tuzoba dufise ikindi kibanza cyongereye ng’aha. Ariko turafise ingorane kuri vyo, oo, ahantu hose. Inama y’abazewabintu ata nkeka yaragerageje ibintu vyose. Barabirungika ahantu hamwe, bakavyemera; hanyuma bakabirungika ahandi hantu, bagaca bavyanka. Hanyuma bakabigarukana, maze bakavyemera ng’aha, hanyuma bikazogaruka. Oo, mbega ibihe twagize! Ariko, murazi, Satani yama arwanya ikintu c’ukuri. Gusa mwibuke, mwama muri mu kuri ku vyerekeye...

⁴ Nariko ndibaza aho wari uri, Anthony. Nabonye ko wabonanye na so. Naciye nitegereza, aho mw’ikoraniro. Yavuze ko wari wicaye ng’aho. Turanezerewe no kuba hamwe nawe na so ng’aha, Mwene Data Milano w’i New York. Nizigiye yuko, ninajya hakurya y’amazi kuri iyi neuro, ko nzashobora gusimbira hariya mvuye New York, ahantu hamwe, Umwami Abishatse.

⁵ Rero turanezerewe kubw’umwe wese muri mwebwe. Ni vyiza gusa—gusa kuri mwebwe kuba hano.

⁶ Kandi twagize ibihe bihambaye ijoro riheze, canke n’imiburiburi jewe narabigize. Naragize i... [Ikoraniro rivuze riti: “Amen.”—Umw.] “Hanyuma Yesaya mu rusengero.” Kandi na mwebwe...

⁷ Kino gitondo, dushaka kuvuga ku cigwa, canke kwigisha nako, namba tubishoboye, “Kwubaka Ihema rizima; kwubaka I—kwubaka Ihema rizima aho Imana Nzima Iba, Umuntu Atunganye; Ihema rizima ry’Imana Nzima, aho Iba.” Kandi namba...

⁸ Ndatahura ko bafise zimwe muri izi ndirimbo nziza hano. Sindonka akaryo ko kuzumviriza. Kandi uyu mugoroba, ndaza kugerageza kuza hano. Umugore wanje yambwiye ivya Mwene Data yitwa Ungren, nibaza ko ariko yitwa, ava hariya muri—muri Tennessee. Rero, yari ng’aha ejo ku mugoroba uheze. Sindamubona muri iki gitondo, ariko nibaza ko ari ahantu hanaka hano. Kandi noshima kumwumva aririmba uyu mugoroba, namba bishoboka, yaba irya, *Yamanutse Avuye mu Bwiza bwiWe* canke *Ingene Uri Nkuru*. Noshima kuyumva. Ni bangahe boshima kwumviriza Mwene Data Ungren? [Ikoraniro rivuze riti: “Amen.”—Umw.] Oo, nda—ndakunda indirimbo nziza. Kandi Meda yavuze ko yari afise ijwi risa n’iryo hasi. Binyibutsa Mwene Data Baxter; nawe ni umuririmvyi, nkuko twese tubizi. Rero *Yamanutse Avuye mu Bwiza bwiWe* canke *Ingene Uri Nkuru*. Ndibaza ko namubonye aho ari ubu, hariya... Vyoba vyiza, Mwene Data Ungren, ku mugoroba, namba ubishaka, woguma ng’aha? Uraguma ng’aha, canke uragerageza kuguma ng’aha mu gikorane co ku mugoroba? Rero, nda—nda... Rero, ntimu... Ndababwire, mubona gute ibi, hamwe tu... Sinshaka kugora umuntu n’umwe. Ariko kuki, none, tutobikora mu gihe tuzoba turi kuri ya *Mashashara Indwi*, igihe tuzoba turiko turayigisha, nimba mwiza. Ndipfuza kuzobifata kuri bande, murabona, kugira ngo ndazironke, *Ingene Uri Nkuru*, na *Yamanutse Avuye mu Bwiza bwiWe*, ico gihe.

⁹ Oo, mbega si vyiza cane gukorera Umwami? Sinzi ico nokoze iyo mba ntari Umukristo!...?... Ni vyiza cane kuba Umukristo. Numva gusa nk’aho nosimbashimba nkavuzi induru, n’ijwi ryanje ryose. Kuba Umukristo, ni muvuyiyumvire, gushinga inanga wese muri Kristo!

¹⁰ Ndazi ko izina ry’uyu mugabo ndarivuga ukutari kwo igihe cose. Namba ari S.T. canke T.S., canke ikintu nk’ico. Sumners, Mwene Data Sumner. Ya... Nshaka kumushimira hamwe n’umugore wiwe muto w’igiciro. Niyumvira yuko yamaze hafi, ni nk’ivyo, hafi amezi atandatu, ariko arandika ku mashini ibi *Bihe Ndwi vy’Ishengero*. Kandi ubu turagifise ng’aha, canditswe ku mashini, kigeze gukosorwa, hanyuma kije mu buryo bw’igitabu, *Ibihe Ndwi vy’Ishengero*. Mushikiwacu Sumner, aho uri hose, nta nkeka uzoreke tukurihe kubw’ivyo. Ivyo, ivyo vyasavye akazi kenshi. Emwe, kingana *gutya*. Vyomfata nk’amezi atandatu kugira ngo ndagisome, ureke rero ivyo kurinda kucandika ukura ku mabande, hanyuma rero no gukuramwo ukwisubiramwo, no kukigira igitabu. Tugiye kugitegura tuzoce tukirungika

gisohorwe ari igitabu, kuko twiyumvira yuko ari ikintu abantu botegerezwa kuba bafise kano kanya, kugira ngo mushobore kuciga. Billy yariko aranyereka, igihe ninjira hariya inyuma, haraheze iminota mikeya, yuko—yuko—yuko cari—cari kigeze ubu kuja gusohorwa. Rero, mushikiwacu, ishengerero rizokuriha kubw'ivyo. Siniteze yuko wobikorera ubusa. Kandi—kandi canke naho twebwe... Ni twaronka ico gitabu tukaba dutegerezwa kugishirako igiciro, canke ikintu kinaka, tuzoshirako igiciro ku buryo ugira ico uronka igihe cose bakigurishije, ico ari co cose. Uvugane gusa n'inama, inama y'abazewabintu, canke umwe muri bo hariya, bazoca bavyitwararika kubwawe. Umwami Aguhezagire cane rwose.

¹¹ Umutama Mwene Data na Mushikiwacu Kidd bicaye ng'aha, ni nk'aho bafise muni y'inyaka ijana, gatoyi gusa. Kandi twahuye n'uwo mushikiwacu mu kanya gaheze, aca avuga ati: "Emwe, ubu buzoba kumbure ari ubwa nyuma ndonse akaryo ko kukubona, Mwene Data Billy." Ati: "Ndiko ndasaza cane."

¹² Nca mvuga nti: "Oo, bagenzi! Sinshaka kukwumva uvuga ivyo. Muri gusa nk'abasaza mama na data." Turakunda Mwene Data na Mushikiwacu Kidd. Twebwe, twese, turabakunda. Gusa bi...

¹³ Hari ikintu binkorako iyo ndababonye binjira mu rusengeru, umutamakazi n'umutama nka kurya. Ni mwiyumvire gusa, bavuga Ubutumwa Bwiza imbere yuko mvuka. None ndi umutama. Ego, ni mwiyumvire gusa, bavuga ubutumwa imbere yuko mvuka. None ndi ng'aha ubu, ntanguye kwiyumvira ko ndiko ndasaza cane. Niyumvira ko ndi hafi guheba. Mbonye Mwene Data na Mushikiwacu Kidd binjiye, "Imana Ihabwe icubahiro! Haleluya!" Nca mvuga nti: "Oya, niyumva neza." Ego, mushingantahe. Kubabona, ukuntu bashoboye, ukuntu vy'ukuri bakubera akarorero!

¹⁴ Ugaca rero ubona yuko, bafise hafi imyaka yanje incuro zibiri, bakaba kandi bakija ku gikorwa. Baje mu gitondo maze basaba ibitabu, namba boshobora gufata ibitabu bakabigurisha. Bashaka amabande, ku buryo boshobora kugenda hanze, bagakiza imishaha biciye mu kuvuza aya mabande, ku myaka hafi ijana. None, "amababa yawe abiri" ari hehe amwe twariko tuvugako ejo ku mugoroba? Ego. Natanguye kwiyumvira nti: "Ayanje ari hehe?" igihe yavugaga ivyo—ivyo ejo hahise. Mbega ufise imyaka ingahe, Mushikiwacu Kidd? [Mushikiwacu Kidd avuze ati: "Mfise mirongo umunani n'umwe."—Umw.] Mirongo umunani n'umwe. Mbega ufise imyaka ingahe MweneData Tom? [MweneData Kidd avuze ati, "Mirongo umunani n'ibiri."] Mirongo umunani n'umwe na mirongo umunani n'ibiri kandi baracakoresha amababa yabo, mu gikorwa, baracagenda.

¹⁵ Ikintu cose kigenze nabi muri Ohio, Mushikiwacu Kidd akimenye, iterefone ica ivuga muhira. Ejo bundi, yarahamagaye,

kandi akayoya gatoya, akayoya gatoya k'agakobwa, nibaza ko kwari uko, kari kavutse, amara yako ari hanze. [Mushikiwacu Kidd avuze ati: "Uruhago."—Umw.] Uruhago, rwari hanze kuri urwo ruyoya. Kandi umuganga ntiyarazi ico yobikorako, yari yanatinye gufata ingingo yo kumubaga. Twarasenze. ["Yarabazwe, Mwene Data Branham, baca barayasubizayo, kuko, bavuga bati: 'Ntiyoshobora kubaho.' Baciye basubiza amara yiwe mu nda."] Basubije amara mu nda, babanje kumubaga, kandi biyumvira ko atoshobora kubaho. Ariko yarabayeho. ["Ata nzira."] Ata nzira rero y'u—y'i...mu nzira y'umwanda mukuru, kugira ngo umwanda usohoke. Mushikiwacu Kidd yarasubiye arahamagara. Twongera turasenga, none ubu arafise inzira ukuri kwamye. Kandi ng'uyu, nk'icabona; n'umuganga, nawe. Murabona? Ni icabona yuko Umwami Yesu, Ari Umuremyi Ahambaye! Murabona ico Satani yagerageje gukora? Kwaka ubuzima urwo ruyoya. Kandi rero, murabona, hanyuma nibaza ko uwo mupfasoni yaje ku Mwami. ["Yaragarutse ku Mwami, aho nyene mu nzu yanje."] Yaragarutse ku Mwami. Mushikiwacu Kidd yaramugarukanye kuri Kristo, inyuma y'iki gitangaza gihambaye cashitse ku ruyoya rwiwe.

¹⁶ Nararonse terefone ivuye i California, ejo hahise, Mwene Data umwe w'umuvugabutumwa mutoya hariya, uwo twari kumwe igihe naja ubwa mbere i California, haraheze imyaka. Umwuzukuru wiwe mutoya yari yavutse afise—afise utuntuze tune...uduheha dutatu twugaye mu mutima wiwe. Nca ndamubwira ico kintu cabaye. Navuze nti: "Imana Yashoboye kurema ico kindi Ikakigira neza, Irashobora ata nkeka gukiza umwuzukuru wawe." Bwira gusa uwo muhungu ngo agire intege.

¹⁷ Kandi uwo muhungu yari mu gikorane igihe naja ubwa mbere muri California, haraheze hafi imyaka cumi n'umunanai ubu, haheze imyaka cumi n'itandatu, igihe vyaba. Nari muri California. Yari...Igikorane caragize akosho kuri uwo muhungu gushika...Igihe baronka uwo mwana, yavutse, babonye ko hariho ikintu kitagenda neza, yasa n'ubururu, kandi baragerageje kumwongerereza impwemu, n'ibindi. Ntiyasa n'uwari kurokoka, nuko abaganga ico gihe baramupimye, baca basanga uduheha dutatu turugaye mu mutima wiwe. Tutuguruye na gatoya, murabona, agaheha kamwe gusa—gusa ari ko gapompa. Aca ahamagara se, aravuga ati: "Data, hamagara Mwene Data Branham, ubu nyene. Mubwire yuko vyose... 'Saba Kristo gusa. Arabikora.'" Ni ivyo. Oo, bagenzi! Ako kosho, ico babona, murabona, twarabivuze, ejo ku mugoroba. Ikintu gikwiye mu gihe gikwiye.

¹⁸ Emwe, ni twabandanya tuvuga, ntiduhava dushika na mba ku cigwa, sivyo? Ni nk'umutsama gusa mu gitondo gikanye, uba ufatanaye uko bishoboka, murazi, kandi urafatana neza. Turanezerewe cane kugira isangira nk'uko. Ego, mushingantahe.

¹⁹ Rero ubu reka dutekereze, ubu, maze dushike ku cigwa. Kumbure tugiye... Sinzi namba mushobora kubibona canke mutabibona, ku kibaho. Kumbure ndagihindukije nk'uko, mu mwanya mutoya, erega, turashobora, rero, bamwe muri mwebwe, ku... [Mwene Data Edgar "Doc" Branham avuze ati: "Ushaka tumurikeko itara?"—Umw.] Uvuze iki? ["Ushaka tumurikeko itara?"] Oya, sindavyibaza, ubu nyene, Doc. Kumbure nko mu kanya gatoya gusa. ["Hasi nyene, ndashobora gushirako itara."] Ego, tura—turabikora ni naronka... Murafise itara hano? Ni vyiza. Reka turihindukirizeko neza. Murashobora kubona hariya inyuma? Murabibona? Namba mushobora kubona, duze ibiganza vyanyu, namba mushobora kubona ico kibaho, gusona ibiri hariya. Oya. Ni vyiza. Nimuzane itara. Ubu, mu gihe bariko baritegurira ivyo...

²⁰ Ntanguye ntevye iki gitondo; nako, oya, oya, ndi imbere hafi iminota cumi n'itanu. None rero, aho, turafata umwanya wacu gusa ubu, kubera tudashaka kwihuta. Iyo ugiye mu vyo kwihuta, aho rero uca wonona ibintu wari ugiye kuvuga. Rero, nariko ndumviriza ibande, ejo bundi, nk'uko nababwiye, nca ndagira isoni za jewe ubwanje; atari n'ivyo nariko ndavuga, ariko uburyo nariko ndabivuga nyarutsa cane, kandi ni ijwi ririmwo uruhagarara nyene. Numva nshaka kurindira. I...

²¹ Na—narabonye ejo bundi aho bari bagiye kwubaka ikigo kininiya c'iratiro ry'ibikoko, ng'aha hagati muri Louisville. Kandi umushingantahe Brown, ndibaza ko ari we, hariya, yaratanze umuriyoni w'amadorari kubw'ico kigo. Emwe, iyo mba ndayafise, nari gupfuma ndayabaha kugira ngo barekure ivyo bikoko. Si—sinemera ivyo kugarana ikintu ico ari co cose nka kurya. Gusa nda... Ndaja mu kigo c'iratiro ry'ibikoko nkabona ivyo bikoko bigowe bishaje, amadubu, n'intambwe, n'ibindi, bigenda bija hirya no hino, bifunzwe ubuzima bwavyo bwose, murabona. Bituma wumva nabi. Nakare, bifatwa kubera ubwenge bw'umuntu azi ubwenge kubisumvya. Murabona? Kandi barabicakira bakabishira mu ngoyi.

²² Rero ndavyiyumvira: umurwanizi nawe ni vyo akora. Afata abantu b'igicro botegerejwe kugendagenda mu bibanza bihambaye vy'Imana, no ku rubuga, n'i—ibindi nk'ivyo, akamushira mu nzu y'ibohero ry'idini rinaka, canke nemera kanaka, canke ikintu kinaka, agaca amuboheramwo. Mbega ikintu giteye ubwoba.

²³ Kandi sinkunda ibigo vy'iratiro ry'ibikoko. Ariko ndiyumva nka kimwe muri ivyo bikoko, iyo wugaranywe hanyuma ukagerageza kwidegemvya, murazi, gu—gusohoka ngo ukore ikintu kinaka.

²⁴ Rero, imbere yuko twegera Ijambo, muze twegere Umwanditsi w'Ijambo, mu gihe twunamitse imitwe yacu ubu mu gusenga.

²⁵ Data Wa twese Wo mw'Ijuru Nyenubuntu, twongeye gukorana muri iki gitondo mw'Izina ry'Umwami Yesu, Umwana WaWe w'igicro. Imana, Yihaye umubiri, Iza kw'isi, kubw'impongano y'ivyaha vyacu, maze Arapfa, Umugororotsi; kugira ngo twebwe, kubw'ubugororotsi bwiWe, twari abagabitanya, tugirwe abatunganye muri We. Tuje kwatura ko tutabereye, Mwami. Nta kintu na kimwe ciza kuri twebwe. Twese turi mu nzu niniya y'ibohero. Imfuruka yose twoba duhagazemwo, turacari mw'ibohero. Nta wushoboye gufasha uwundi. Ariko, Mana, mu mbabazi ziWe zitagira iherezo, Yaramanutse Yugurura inzugi z'ibohero, ngo Atugire abidegemvya. Ntitucugaranywe ubu. Nturi mu kigo c'isi c'iratiro ry'ibikoko, ariko ubu turi abidegemvya. Turi hanze.

²⁶ Oo, ukuntu tuMukunda kandi tuMusenga! Ese ukuntu dushobora kugendagenda muri ya mirima minini y'amasezerano yiWe, tukayabona agaragajwe imbere yacu! Turabona n'amaso yacu bwite, Imana Ihambaye y'Ibihe Bidashira Yihishuye imbere yacu, kandi Yigira ubwaYo nyaYo, nk'uko Yabikoze ku bavugishwa ba kera. Tuzi ibi, ko baruhutse bafise ivyizigiro, yuko umunsi uri izina tuzogarukanwa ubugira kandi, ubu buzima turimwo bumaze kurangira, kw'izuka, mu Bugingo Budashira butazozimangana namba. Imibiri yacu ntizosaza. Ntituzokwigera dupfa. Ntituzokwigera dusanza. Ntituzokwigera tugira ico dukena. Ariko tuzogendana na Yo. Dushaka kuYumva Ivuga Iti: "Injire mu minezero y'Umwami, yateguwe kubwanyu kuva kw'itanguriro ry'isi." Kera imbere yuko icaha cinjira, ukuntu Yari Yaramaze gubitegura, nko kuri Adamu na Eva, ku buryo batari kwigera barwara canke ngo bagire ingorane. None rero Yarabiduteguriye, kandi Yari Ibizi imbere yuko tuza. Icaha cakoze uruzitiro runini, none ubu icaha carakuweho, n'Amaraso ya Yesu. Ubu, twagenewe Igihugu c'Isezerano, kubw'isezerano ry'Imana, rikaba ari iry'Ibihe Bidashira.

²⁷ Duhezagire rero, Data, uko twiga Ijambo ryaWe. Dushaka kumenya ubwoko bw'abantu dutegerezwa kuba, kugira ngo tube Hariya. Dufashe uno munsi muri iri shure, kugira ngo dushobore kuronka wa Mwigisha Mukuru hamwe natwe, Mpwemu Yera, Yomanuka Akatwihishurira ubwiWe, biciye kw'Ijambo ryiWe. Kuko tubisavye mw'Izina ryiWe no kubw'icubahiro ciWe. Amen.

²⁸ Ubu, ubwa mbere, nipfuza ko mwugurura hamwe nanje muri Petero wa Kabiri, igice ca 1. Ndashaka gusoma igice c'ibi Vyanditswe, Petero wa Kabiri, igice ca 1. Rero kuri mwebwe mufise amakaramu n'impapuro...

²⁹ Kandi nibaza ko bambwiye mu gitondo yuko—yuko rimwe na rimwe, iyo mpindukije umutwe kure y'aho, bituma ibande itumvikana neza. Mu vy'ukuri si vyo mba nshaka gukora. Nibaza ko, rimwe na rimwe, twokwiyumvira kurondera mikoro ushobora kurabisha ahantu hose, tukayimanika ku gisenge

hano, aho woba uri hose rero, vyoba vyiza, vyoba bitunganye, ku mpande zose nyene, mikoro hejuru ku gisenge.

³⁰ None rero, nko mu gihe ndiko ndavuga; namba wewe, inyuma y'igikorane, canke ushaka, ushobora kwimura kino gicapo kiri hano. Kandi vyongeye, navyandikishije ku mashini. Nzofata igikwashu, nce ndabimanika ng'aha imbere, namba mushaka kubikora igihe kinaka. Muze kuza imbere gatoya uno muhingamo, kugira ngo dushobore kubitahura.

³¹ Ubu rero turiko turegereza ya *Mashashara Indwi*. Duherutse guheza *Ibihe Indwi vy'Ishengero*. Ubu ni Ubutumwa ku nyigisho, zibohere umuntu imbere, uwuzocungurwa n'Amaraso y'Umwami Yesu, kandi azoba muri ico gihe c'Ishengero, ico gihe Gihoraho c'Ishengero ku mpera y'Amashashara. Rero turazi yuko dufise Inzamba Indwi, Ivyago Indwi, Inzavya, n'ibindi, tuzokwinjiramwo, uko tubandanya. Ariko turarindiriye ibindi bibanza kugira ngo abantu bashobore kwicara.

³² Rero, kandi niyumviriye yuko ibi vyofatana nyene n'aho nari niteze. Sinari niteze gushushanya kino gicapo, ariko ejo bundi nari kumwe n'abagenzi banje bamwe b'igicro, ba Cox, hariya muri Kentucky. Naramanutse, niyumvira kumbure kuronka uwundi muni wo guhiga imihare imbere yuko igihe co guhiga gihera. Nari hariya mw'ishamba ndi kumwe n'umugenzi wanjye, Charlie, ahagaze hariya, na Rodney, mwenewabo. Nta nubwo nigeze mbona n'umuhare. Niyumvira ko nayiteye ubwoba, igihe natangura gusemerera hariya mw'ishamba. Ivyo nivy vyanshikiye, bahungu, na—na Mushikiwacu Nellie na Margie, kandi igihe nababwira ko nobabwiye ku muni w'iyinga ndabishitseko. Ivyo ni vyo vyanshikiye, ku butumwa nari ngiye kuvugako. Ese ukuntu ibisigaye vyari bifatanye neza! Kandi, oo, ndakunda ivyo. Nagize i—impwemu yo gusemerera y'ukuri—y'ukuri, hariya mw'ishamba.

³³ Rero ubu, reka dusome ubu, Petero Wa mbere, canke... Petero Wa kabiri, nako, igice ca 1, igice caVyo.

Simoni Petero, umushumba wa Yesu Kristo, kandi intumwa yiwe, ndabandikiye mwebwe abahawe ukwizera kw'akaburarugero kungana n'ukwacu muguheshejwe n'ukugororoka kwa Yesu Kristo, ni We Mana Yacu n'Umukiza:

³⁴ Ndakunda ukuntu vyanditswe neza hariya, kuko icigwa canje cose iki gitondo gishimikiye ku kwizera. Murabona? Mureke nsubire ndabisome. Mwumvirize neza.

Simoni Petero, umushumba wa Yesu Kristo, kandi intumwa yiwe, ndabandikiye mwebwe abahawe—abahawe ukwizera kw'akaburarugero... muguheshejwe n'ukugororoka kwa Yesu Kristo... ni we Mana Yacu n'Umukiza:

³⁵ Murabe, ariko aravuga, yuko, “Nahawe uku kwizera, kandi ndiko nandikira ibi abahawe ukwizera kw’akaburarugero nk’ukwo.” Ndashaka... Si ku b’isi yo hanze. Ibi bigenewe Ishengero, murabona, abari muri Kristo.

*Ubuntu n’amahoro bigwire muri mwebwe,
mubiheshwa no kumenya Imana, na (mubiheshwa)
Yesu Kristo Umwami wacu,*

*Kuko ubushobozi bw’ubumana bwayo bwaduhaye
ivy... ubushobozi bw’ubumana bwayo rero bwaduhaye
ivy ubugingo... kwubaha Imana vyose, tubiheshwa
no kumenya neza uwaduhamagarishije ubwiza bwiwe
n’ingeso ziwe nziza:*

*Ivyo vyatumye aduha... aduha ivyo yasezeranye
vyakaburarugero bihambaye cane, kugira ngo bidutere
(aya masezerano) gusangira n’Imana akameremere
kayo,...*

³⁶ Rero reka ivyo vyinjire ibwina ubu. Sindiko ndavuga ubutumwa kino gitondo; turiko twigisha gusa iki cigwa. “Kamere y’Imana.” Reka ubu nsubire nsome urya murongo wa 4, ku buryo mutabihusha. “Vyatumye aduha...”

*Ivyo vyatumye aduha ivyo yasezeranye
vyakaburarugero bihambaye cane, kugira ngo bidutere
(aya masezerano) gusangira n’Imana akameremere
kayo, mumaze guhunga muva mu’iborero ryazanywe
mu’isi no kwipfuza.*

³⁷ Murabona, “isi”, ivyo twarabihunze ubu. Ariko yandikira ibi Ishengero. Nico gituma turi ng’aha kino gitondo, kugira ngo turabe inzira iyo ari yo, ivyo n’Imana isaba. Nta muntu ari ng’aha, akunda Imana, atoba ashaka ku—ashaka kurushiriza kuba nka Kristo. Ubu biri ng’aha. Umukristo wese! Ndi igicocoro. Ni murabe Mwene Data na Mushikiwacu Kidd ng’aha, kumbure nibo bashaje kuruta abandi bose muri iyi nyubakwa. Ariko nobabaza nti: “Icipfuzo kiri ku mutima wanyu ni ikihe?” Coba: “Kuba hafi y’Imana.” Iyo wize kuri Kristo, hariho ikintu kuri We c’igikundiye cane, uca ugerageza gusa kwinjira neza muri We.

³⁸ Mumbabarire iyo mvugo. Nabwiye umukenyezi wanjye, aha nta gihe giheze, ya... twempe turiko turasaza, naramubajije, navuze nti: “Mbega urankunda nk’uko wahora?”

Aca avuga ati: “Ata nkeka ndagukunda koko.”

³⁹ Nca mvuga nti: “Urazi, ndagukunda cane gushika n’aho noshima kugufata nkagukwegera muri jewe, ku buryo twoba nyene, vy’ukuri, twoba umwe, birushirije.”

⁴⁰ Rero, ivyo, bigwize n’incuro imiriyoni ijana, uraca rero ubona ukuntu uwizera, yakunze Kristo, ashaka kwinjira muri We, kuko ni urukundo. Kandi ng’aha Agiye kutwereka ukuntu,

biciye muri aya masezerano, dutegerezwa kuba abasangiye kameremere k'Imana ka Kristo. Ivyo, umubiri upfa, ukuntu dushobora kuba abasangira.

⁴¹ Nshobora kuvuga ikintu kimwe ng'aha. Igituma nizeye... Rero umuntu umwe yarantahuye nabi rwose, ng'aha nta gihe kinini giheze. Nararonse ikete rivuye mw'ishirahamwe ry'abavugabutumwa, ryavuga yuko nizeye ko hariho... "Turi imishaha mivukanyi. Kandi ko dutegerezwa kuvana n'abo twubakanye namba tutari imishaha mivukanyi nabo, kugira ngo twubakane n'uwundi twunze imishaha." Oo, Bagenzi!

⁴² Navuze nti, "Jewe sinagirizwa ubuzimire nk'ubwo." Namyé ndabirwanya igihe cose. Si—sinizera ivyo. Nta gukeka sindavyizera. Nizera yuko Imana ari Yo Iduha umufasha. Ivyo ni ukuri. Tugaca rero ducika umwe igice c'uwundi. Ni vyo. Kandi imbere yuko umugabo arongora, yotegerejwe kwiyumvira ibi bintu, kuvyiga.

⁴³ Umusore umwe yarambajije ejo bundi, ati: "Wiyumvira ko nshobora, notegerejwe kurongora urya mukobwa *kanaka*, ga Mwene Data Branham,?"

Nca mvuga nti: "Umwiyumvira akangana gute?"

Aca avuga ati: "Oo, bagenzi, ndamukunda pe."

Nca mvuga nti: "Emwe, namba utobaho utamufise, icoba ciza n'uko womurongora rero. Ariko namba woshobora kubaho utamufise, vyoba vyiza ubiretse. Kubw'ivyo, ariko namba vyokwica, vyoba vyiza—vyoba vyiza ubandanije ukarongora," niko navuze. Kandi rero, ico nariko ndagerageza kumwumvisha, iki, yuko, namba umukunda cane!

⁴⁴ Rero, muri uyu mwanya, imbere yuko mwubakana, ibintu biba ari vyiza kandi bibereye ijisho. Ariko mumaze kwubaka, ubutame n'ibigeragezo vy'ubuzima bica biza. Ni co gihe mutegerezwa gukundana cane ku buryo mutahurana. Igihe aguhemukiye, ukamuhemukira, muguma mutahuranana.

⁴⁵ Ni ko biri no kuri Kristo. Murabona? Dutegerezwa kuMukunda cane, gushika aho iyo dusavye ikintu, ntAkiduhe, ivyo bitatunyiganyiza na gatoya. Murabona? Murabona? Kuki? Kandi uburyo bwonyene ushobora gukora ivyo, ni ugucika uwusangiye kameremere k'Ubumana bwiWe, ni ho uzotahura impamvu Adashobora kukiguha. "Abasangiye kameremere k'Ubumana bwiWe."

⁴⁶ Kandi itegereze hano, "Mumaze guhunga muva mw'iborero ryazanywe mw'isi no kwipfuza." Mwarayihunze! Murabona uwo vyerekeye? Vyerekeye Ishengero, abari muri Kristo, bajanywe hejuru y'ibi bintu. Atari uwishize hejuru ubwiwe, ariko Kristo Yamushize hejuru.

⁴⁷ Kuri bene Data b'abirabure na bashikibacu bari ng'aha iki gitondo, singomba kuvuga ibi ku nabi. Ariko, nari mu

gikorane haraheze igihe, sinzi namba narigeze ndabivuga muri iri koraniri. Narabivuze ahantu henshi. Hariho mushikanje w'umwirabure yavuze ati: "Ndashobora kugira intahe, canke gushinga intahe?"

"Nta nkeka, mushikanje, bandanya."

⁴⁸ Aca avuga ati: "Nashaka gushinga iyi ntahe kubw'icubahiro c'Imana." Avuga ati: "Murazi, si—si ndi ico notegerejwe kuba," avuga ati: "Si—si ndi ico nshaka kuba, ariko," ati: "ico nzi neza, si nkiri uko nahora meze kera." Murabona? Yari yaravuye ahantu hanaka. Yari yaradugijwe.

⁴⁹ Uko ni ko tumenya ko twavuye mu rupfu tuja mu Bugingo. Turaba inyuma mu kinogo aho twavanywe. Murabona? Ntituri ico dushaka kuba; ntituri n'ico twotegerejwe kuba; ariko ico dukenguruka, ntutukiri ico twahora turi. Ukwo ni ukuri. Turi mu rugendo.

⁵⁰ "Mumaze guhunga muva mw'iborero ryazanywe mw'isi." Mumaze guhunga ivyo, ukwipfuzza n'iborero vyo mw'isi, muri hejuru yavyo. Rero ico ni—rero ubwo ni bwo bwoko bw'umuntu Ariko aravugana na we, umuntu yahunze ibi bintu, murabona, iborero ryo mw'isi.

Kubwo icyo nyanduruko nyene, ubwanyu nimugire umwete rwose, ukwizera kwanyu mukwongereko ubushobozi; ubushobozi mubwongereko ubwenge;

ubwenge mubwongereko kwirinda; . . . ukwirinda mukwongereko ukwihangana; . . . ukwihangana mukwongereko ukwubaha Imana;

ukwubaha Imana mukwongereko ugukunda bene Data; ugukunda bene Data mukwongereko urukundo.

⁵¹ Rero Yatweretse ng'aha ivyo twokora, kumenya ukwo tubikora. Rero, nk'uko nabivuze, twese turiko turagerageza kwegera hafi y'Imana. Ni co gituma nahisemwo ubu butumwa iki gitondo, kubw'ishengero, nzi yuko abantu bari mu rugendo. Kuko ejo ku mugoroba, naravuze nti: "Ni bangahe hano, bava hanze y'igisagara?" Nka mirongo icenda n'umunani kw'ijana vy'abantu, bava hanze y'igisagara. "Ni bangahe hano bava ku birometero ijana na mirongo itanu?" Emwe, bararenga, ndibaza, mirongo umunani kw'ijana. "Ni bangahe bari hano bava ku birometero birenga amajana indwi na mirongo itanu?" Hafi i—ica gatau c'abantu bari ng'aha bava aharenga ibirometero ijana na mirongo itanu, amajana indwi na mirongo itanu. Ni muvuyiyumvire, abo bantu bafata ingendo. Rero, abo bantu ntibaza kw'ishengero gutyo kugira ngo babonwe gusa. Nta . . . ico abantu bo hanze boshobora kubona nk'iciza hano hantu. Bose n'abantu basanzwe, bakenye, bambaye ibisanzwe. Nta ndirimbo zihambaye ziririmbwa n'umugwi w'abaririmvyi wiyita ko ari uw'abamarayika, inanga z'imiheha, canke amadirisha y'ibiyo bideshe. Birabagora kuronka icicaró ku ntebe, no guhagarara ku

mpome. Ntibazanwa n'ibintu nk'ivyo. Ariko baza kuko imbere muri bo hariho ikintu kibona ubwiza ijisho risanzwe ritabona. Ni ijisho ry'impwemu ricakira ubwiza bwa Kristo. Ni co gituma baza.

⁵² Rero, iminsi myinshi imbere yuko tugira igikorane, ndasenga ntahengeshanya. Ndaja mw'ishamba, ngatwara mu mufuko wanjye... Nkabwira umukenyezi nti: "Ngiye guhiga imihare iki gitondo." Ngaca nshira ikaramu n'impapuro mu mufuko wanjye. Iyo bumaze guca neza ku buryo nshobora kubona, ndicara negamiye igiti ahantu hamwe, ndugije ibiganza hejuru mu kirere, nkavuga nti: "Mwami, nkore iki uno muni? Urampa iki kubwo abana baWe?"

⁵³ Maze iyo nguye ku kintu gisa n'ikirurumba, haza haza ikintu nk'iki. Iyo Ukubaho kwiWe kwegereje, ntangura kwumva nk'ikintu kiri kure, ikintu muri ubu buryo. "Kabiri kugwiza kabiri bingana kane." Vyegereza gusumba, "Kabiri kugwiza kabiri bingana kane. Kabiri kugwiza kabiri bingana kane. Kabiri kugwiza kabiri bingana kane." Gutyo gutyo nk'ukwo. Ni Ukubaho kwiWe kuba kuje.

⁵⁴ Uriheba, hanyuma hacye akanya ukirekura ubwawe. Ng'iryo iyerekwa riraje, "Genda mu kibanza *ahanaka*, n'ikintu *kinaka*." Murabona? Bitangura, biva ku kuzirikana ivyiyumviro vyawe ku Mana, hanze y'isi, kure y'isi, hanze mu bugaragwa, wenyene.

⁵⁵ Kandi Bitangura kuza, "Rimwe, rimwe..." Ndavuga, igiharuro ico ari co cose, canke ikintu ico ari co cose gitangura bukebuke kiduga, kiza ata nkomezi. Hanyuma kikaza kinyaruka kuruta, kinyaruka kuruta. Ukaba wicaye aho ugashira ibiganza hejuru, ntihagire ico uvuga, ukagumiza ibiganza vyawe hejuru gusa. Ica mbere urazi, urajanwa wese. Hanyuma ukabona ibintu Ashaka ko umenya, Akakwereka ibintu bigiye kuza.

⁵⁶ Rimwe na rimwe biraza gushika ahantu hamwe, gushika ahantu kanaka, hanyuma bigahagarara. Ntibihinduka iyerekwa. Hanyuma Ivyanditswe bigaca bitangura gusa kwisukira. Nca mfata ikaramu yanje, kugira ngo sindavyibagire, maze nkavyandika, nkavyandika.

⁵⁷ Ngaca nza muhira nkabiraba, nkavyiga. Kandi rimwe na rimwe nta n'ubwo biba bifise ico bivuga kuri jewe iyo ndiko ndabiraba. Hanyuma rero, haheze akanya, ng'ibi! Biramashura, bikongera bikagenda. Ngaca mfata rero agatabu gatoya nka *kano*, ngatangura gusa kwandika, nyarutsa uko nshoboye, ivyo Ambwira. Niyumvirirye nti: "Mwami, ndagiye ku rusengeri hanyuma ndababwire. Nda... 'Ni muze.' Ndabafitiye ikintu." Rero, ni uko biza. Ni ivyo neza cane. Atabanje, ubwa mbere, kubimpa, sinshobora kubitanga.

⁵⁸ Nuko, rero, nico gituma mubona ndaba kuri ivyo bicapo. Kandi ibi, ubwa mbere, igihe natangura, sinari mfise iki gice

gushika haheze gusa nk'umunsi umwe canke ibiri, ndi hariya ruguru mw'ishamba.

⁵⁹ Rero, aba bantu ni—ni...Petero ariko aravuga, ng'aha, ukuntu dutegerezwa kuba abasangiye kameremere kiWe k'Ubumana. Ubu rero, umwe wese muri twabwe turiko turagerageza gukurira mu gihagararo c'Imana.

⁶⁰ Rero, tumaze guheza Amashashara Indwi, hanyuma, muri ico gihe aho Ishashara ry'Indwi ryumvikana, canke ryugururwa...Nta nkeka, turazi ishashara ico ari co, ni ukubohora igikorwa, kumenagura Amashashara Indwi. Kandi turaza kubibona neza ku gicapo. Ni ukubohora Ubutumwa, ikintu kimatanishije ishashara.

⁶¹ Kuw'iyinga uheze ku mugoroba navuze ubutumwa, "Urufunguruzo." Kandi urufunguruzo ni ukwizera. Ukwizera ni kwo gufise urufunguruzo, kandi urufunguruzo ni Ivyanditswe. Kristo na We ni We Muryango. Murabona? Rero ukwizera gufata utwo tuntu twiyungiro ry'Ivyanditswe maze kukugururira ibitangaza n'ivyiza vy'Imana, kuvyugururira ihanga ryaYo. Murabona? Rero, ni, ukwizera nikwo gufashe urufunguruzo rwugurura Kristo kw'ihanga ; kuravyugurura, kukabihishura.

⁶² Rero, uno munsi, tugiye kugerageza gufata urwo rufunguruzo nyene, kugira twugurure inzira yo kuba Abakristo b'ingeso nziza mu gihagararo c'Imana, gutyo, no kuba Ihema Rizima Imana Nzima Igereramwo.

⁶³ Mwibuke, Imana Yihishura mu buryo butatu. Ubwa mbere, Yihishuye mu Nkingi y'Umuriro, ivyo vyitwa Ubudata. Hanyuma iyo Mana nyene Yigaragaje muri Yesu Kristo, Yubatse umubiri, Yaremye uyu mubiri. Ubwa gatatu, biciye mu rupfu rw'urya mubiri, Yejeje Ishengero kugira Ishobore kurigereramwo. Yari Imana hejuru yacu; Imana hamwe natwe; Imana muri twabwe; ya Mana nyene.

⁶⁴ Ni co gituma vyiswe Data, Umwana, Mpwemu Yera. Si Imana zitatu; ibikorwa bitatu vy'Imana imwe. Iyo baba bariyumviriye gusa kuri ivyo muri ya Nama Nkuru y'i Nikeya, ntitwobaye turi muri aka kajagari kose, si vyo? Ni vyo. Si imana zitatu. Abantu ntibashobora gutahura ukuntu Yesu Yavugana na Data, kandi We na Data ari Umwe. Ego cane, aho ni ho vyose biri. Nkako, ivyo birihishura gusa. Nta gukeka. Murabona? Si Imana zitatu. Ibikorwa bitatu! Ukug-...gutatu.

⁶⁵ Ni ibiki? Imana Yishira hejuru y'ivyaremwe vyaYo. Imana Irashaka gusengwa. Ijambo *Imana* risigura "ikintu gisengwa." Kandi ni Imana Igerageza gutunganya ihanga ryaYo, kugira ngo Ishobore kubaronkamwo ico Yabaremye. NtiYigeze Ikurema ngo ube ikindi kintu atari umuhungu n'umukobwa w'Imana. Namba warabihushije, ivyo kuba umuhungu n'umukobwa w'Imana, warahushije intumbero.

⁶⁶ Kandi “guhusha”, ijambo *i-c-a-h-a* risigura “guhusha intumbero,” guhusha intumbero. Rero, iyo ndiko ndarasa ku ntumbero, ntumbereje ku metero mirongo itanu, hanyuma nkarasa; ngafata inkoho yanje nkarasa, hanyuma ngahusha, isantimetero cumi canke cumi na zibiri, haba habaye iki? Inkoho yanje iba ikeneye kuregerwa neza. Haba hariho ikintu kitagenda neza. Rero, iyo mpushije ukwizera Imana, iyo mpushije ukuba Umukristo... Imana Yagushize ng’aha kugira ngo ube Umukristo. Namba uri ku ruhande, garuka uregerwe neza. Kandi hari ikintu kimwe conyene gishobora kukuregera neza, ni Ivyanditswe. Mpwemu Yera mu Vyanditswe, Arakuregera neza, Akongera Akakuzana neza na neza ku ntumbero. Ni vyo.

⁶⁷ Ubu rero, tugiye kwiga Ijambo ryiWe. Sitefano yavuze, mu Vyakozwe n’intumwa 7, no muri... Reka maze tubisome. (Turiko turavuga ubu, turiko tuvuga kw’Ihema ry’Imana.) Rero Sitefano yavuze... (Kubera, hagiye kuba Ihema ry’Imana Nzima.) Stefano yavuze, mu Vyakozwe n’Intumwa igice ca 7, kandi ndibaza yuko tu... mu Vyakozwe n’Intumwa 7, duhereye nko ku murongo wa 44:

Ba sogokuruza bari bafise ihema ryibishinga intahe, hamwe bari mu bugaragwa, nk’uko iyavuganyye na Mose yabigeze, yamubwiye kurigereranya n’ikigereranyo yabonye.

Iryo, ba sogokuruza barihawe na ba sekuru babo, barishikana ino... Yesu ari kumwe na bo, hamwe batsinda amahanga, Imana iyirukana imbere ya ba sogokuruza, gushitsa ku gihe ca Dawidi.

Kandi Dawidi agirirwa ubuntu imbere y’Imana, asaba kwubakira Imana ya Yakobo aho kuba.

Ariko Salomo ni we yayubakiye ingoro.

Yamara Iyisumbavyose ntiba mu zubakishijwe amaboko; nk’uko uwavugishijwe n’Imana yavuze ati:

“Ijuru ni ryo ntebe yanje y’ubwami, isi na yo ni indava y’ibirenge vyanje: Muzonyubakira inzu nki? Niko Uhoraho abajije, Canke nzoruhukira ahantu ki?”

⁶⁸ Rero mu... Rero, “Ihema” ni, mu bisanzwe, ahantu tuja kuruhukira, kugira, tuharonke akayaga keza, n’ibindi, nko kuruhuka mu gusinzira, canke ibindi. Rero, mu Baheburayo 10, umurongo wa 5, Paulo arabizana.

Nico catumye, hamwe yaza mu’isi, avuga ati: “Ibimazi... (Uwo ni Kristo)... Ibimazi n’amashikanwa ntiwabigombye, Ariko wanteguriye umubiri:

⁶⁹ None rero Ihema ni iki? Umubiri, Imana Igerera mu mubiri.

⁷⁰ Imana igihe kimwe, hariya hejuru, igihe Yamanuka ku musozi, naho i—impfizi canke inka yakora kuri uwo musozi, yategerezwa kwicwa. Imana Irera.

⁷¹ Ejo ku mugoroba, igihe bariya Bamarayika bipfuka mu maso haBo. Abaserafi Bera no mu maso habo hera, batanazi n'ico icaha gisigura, kandi Bategerezwa kwipfuka mu maso, bari mu Nyonga z'Imana; gupfuka ibirenge vyaBo, mu kwicisha bugufi.

⁷² Rero, Imana Yera ntiYashobora kwihanganira icaha, kubw'ivyo nta kintu na kimwe cashobora gukora ku musozi aho Imana Yari Iri.

⁷³ Maze Imana Yihaye umubiri Ibana natwe, mw'ishusho ya Yesu Kristo, Umwana WaYo, Ikiremwa CaYo. Uwo Mwana Aca Atanga ubuzima bwiWe, maze Akaremangingo k'Amaraso y'Imana karamenagurwa, kugira ngo Ubugingo bushobore kuva muri ayo Maraso, ngo butuzeko.

⁷⁴ Biciye muri ayo Maraso twarejewe. None rero amaraso yacu, ubuzima bwacu, bwabayeho biciye mu kwipfuka kw'umubiri, ni vyo vyazanye ubuzima bwacu mw'isi. Amaraso ya Yesu Kristo Aratweza, Agahindura kameremere kacu, mu kuturungikako Mpwemu Yera; maze tugaca twinjira muri kameremere y'Imana, tugaca ducika ikibanza co kubamwo c'Imana. Yesu Yavuze Ati: "Uwo munsu muzomenya ko Ndi muri Data, na Data Ari muri Jewe; Jewe muri mwebwe, namwe muri Jewe." Murabona?

⁷⁵ Murazi ukuntu biba bimeze Iyo Imana Iri mw'Ishengero ryaYo. Ishengero rero Ryategerezwa gufata ikibanza ca Kristo, Rikabandanya igikorwa c'ibango ciWe. "Uwunyizera, ibikorwa Jewe Nkora na we azobikora. Hasigaye igihe gito, ab'isi ntibababakimbona ukundi; ariko mweho muzombona, kuko Nzoba Ndi kumwe namwe, mbere no muri mwebwe, gushitsa ku muhera w'isi." Murabona? Ng'ivyo, Ribandanya igikorwa ciWe.

⁷⁶ Rero, Imana, nako Bibiliya Ivuga hano, ivyo. Sitefano yavuze ku vyerekeye Salomo yubaka urusengero, "Yamara Iyisumbavyose ntiba mu zubakishijwe amaboko. 'Kuko Ijuru ni Ryo ntebe yaNje y'ubwami, isi na yo ni indava y'ibirenge vyaNje. Aho kuruhukira haNje ni he?' 'Ariko WaNteguriye Umubiri.'" Amen. Ng'aho.

⁷⁷ "WaNteguriye Umubiri." Imana Igerera mu gihagararo c'umuntu, Yigaragaza ubwaYo muri ico Kiremwa. Ugusenga gutunganye! Imana muri twebwe, turi Ihema ryaYo, Imana Yigaragaza. Oo, ese ukuntu twoguma tuvuga ivyo kugeza aho muhakwa kubura impwemu ng'aha, kubera ubushuhe. Nimurabe, Imana Yamyeye, ibihe vyose, Yigaragariza ubwaYo mu muntu.

⁷⁸ Yari Imana muri Mose. Ni mumwitegereze, yavutse ari umurongozi; Kristo. Igihe yavuka hariho uguhamwa kw'abana, bagerageza kumuhiga; niko vyagenze no kuri Kristo. Kandi ya—yararokotse muri ico gihe; na Kristo kwari ukwo. Yari

umutanzi w'ivyagezwe; na Kristo kwari ukwo. Mose yaraduze, amara iminsi mirongo ine, aronka amabwirizwa, hanyuma aramanuka. Kristo Yagiye mu bugaragwa, iminsi mirongo ine, maze Aragaruka Avuga Ati, "Mwarumvise ko vyavuzwe kera ngo: 'ntugasambane.' Ariko, Jeho Ndababwira yuko, umuntu wese araba umugore akamwipfuza, aba amaze gusambana na we mu mutima wiwe." Murabona? Ivyo bintu vyose bitandukanye, ivyo, Imana Yigaragaza ubwaYo.

⁷⁹ Ni mwitegereze Yosefu, yavutse ari umuhungu wa mpwemu mu bo ba—bavukana. Bose bari abantu beza, abo ba sogokuruza bose. Ariko, igihe Yosefu yaza, yari atandukanye. Yarashobora kugira iyerekwa, agasobanura indoto, kandi yarankwa na benewabo kubera ivyo. Kubera igikorwa nyene Imana Yari Yaramushiriye kw'isi gukora, benewabo barabimwankira. Murabona? Kandi vyose vyerekeza ku musaraba. Kandi, nimurabe, yagurishijwe intete z'ifeza hafi mirongo itatu, agurishijwe na benewabo. Yatawe mu kinogo na benewabo, ngo apfe. Yakuwe muri ico kinogo, aca aragenda yicara i buryo bwa Farawo. Kandi nta muntu yashobora gushikira Farawo, ariwe yagenzura isi muri ico gihe, nta n'umwe yashobora gushikira Farawo, adaciye kuri Yosefu. Nta muntu ashobora kuza ku Mana, kiretse aciye kuri Kristo. Kandi igihe Yosefu yaba avuye mu kirimba, imbere yuko agenda, hariho inzamba yavuzwa, abiruka bagaca biruka imbere yiwe, basemerera bati: "Pfukame! Yosefu araje!" Aho waba uri hose, canke ico waba uriko urakora cose, uko akazi kawo kaba gahambaye kwose; wabwirizwa gupfukama kugeza Yosefu ashitse ngaho.

⁸⁰ Kandi igihe Inzamba izovuga, umwe muri iyi minsi, amavi yose azopfukama n'indimi zose zature. Igihe Kristo, Yosefu wacu, azovira mu Bwiza Akaza, akazi kawo ntikazoba gahambaye ico gihe. Amavi yose azopfukama, kandi yature ko We Ari Umwana W'Imana. Ni vyo.

⁸¹ Oo, ese ukuntu tuMubona muri Dawidi! Ukuntu Dawidi, umwami yanswe, yakuwe ku ntebe y'ubwami yiwe bwite, na benewabo, umuhungu wiwe bwite, yicaye ku musozi wa Elayono, igihe yariko araduga, hejuru ku musozi wa Elayono, yarahindukiye araba i Yerusalemu maze ararira; kuko hariya abantu biwe, yari yarakoreye akabigisha ivy'Imana, kandi abantu biwe baramuhinduka bamutera ibintu, bamucirako baranamutwenga, igihe yatangura kuduga umusozi yanswe. Oo, ese ukuntu bigaragaza neza Umwana W'Imana, inyuma y'imyaka amajana umunani; Umwami Yanswe, mu bantu biwe bwite, Yicaye ku musozi Aririra Yerusalemu, nk'Umwami Yanswe.

⁸² Vyari ibiki? Imana Yigaragaza muri abo bavugishwa, Igaragaza Kristo.

83 Hanyuma haza Umwe Yari ugutungana kw'Imana. Yari Imana hagati yacu.

84 Kandi kuva icyo gihe, Yigaragariye mw'Ishengero RyiWe, kuri uru ruhande rw'i Kaluvariyo. Rero, murabona, twese turiko turagerageza gushika kuri iki kibanza co kugereramwo, Ihema ry'Imana Nzima. Rero hariho abantu bamwe bamwe. . .

85 Turabona ko ng'aha, yavuze ati: "Ubwa mbere dufise ukwizera, ubushobozi, ubwenge, ukwirinda, ukwihangana, ukugira neza canke kwubaha Imana, n'urukundo rwa bene Data." Ni vyiza. Ugukundana kwa bene Data, hanyuma mwongereko urukundo. Reka ndabisome vyose, ubugira kandi, kugira mumenye neza ko ubu mwabitahuye. Rero turatangurira ku murongo wa gatanu.

*Mbere kubw' icyo nyanduruko nyene, ubwanyu
nimugire umwete rwose, ukwizera kwanyu
mukwongereko ubushobozi; ubushobozi
mubwongereko ubwenge;*

*ubwenge mubwongereko ukwirinda; ukwirinda
mukwongereko ukwihangana; ukwihangana
mukwongereko ukwubaha Imana;*

*ukwubaha Imana mukwongereko ugukunda bene
Data; ugukunda bene Data mukwongereko urukundo,
ari rwo rukundo.*

*. . . Kuko namba mugira ivyo, bikagwira, bituma
mutaba abanyabute canke ingumba ku vyo kumenya
neza Umwami wacu Yesu Kristo.*

86 Rero, Petero ariko aradusobanurira ikintu kimwe hano, ngo atwereke ingene twoshikaye.

87 Rero ndashaka kuvuga ibi, ko hari abantu bamwe bafise igice c'izi ngeso nziza, ubumenyi, ubwenge, ukwihangana, n'ibindi, kandi batanatura ko ari Abakristo. rero tu. . . turiko turigisha amiga yo ku muni w'iyinga. Kandi ivyo ni ukuri. Hariho abantu bafise igice c'ibi, batanigira ko ari Abakristo. Ariko ivyo ntibi. . . Ivyo ntaco bimara. Ni nk'igikona kigerageza gushira amubi y'umusambi mu mababa yaco, ngo cigire umusambi. Kiba kiriko citesha agaciro gusa. Vyoba vyiza kigumye ari igikona. Murabona? Iyo agerageje kwimenyereza gukora ivyo bintu kandi atari Umukristo, aba gusa atari mu kibanza ciwe.

88 Ni nk'igiti c'umusikomora kigerageza guhingura amapome. Nticobishobora, murabona, naho ari igiti. Ariko ntigishobora guhingura amapome.

89 Ni nk'inyumbu igerageza guhingura ubwoya, igerageza kuba intama mu gihe ari ubwoya, nako, ari inyumbu. Murabona, ntishobora guhingura ubwoya. Ntiyobishobora. Ubwoya ni ingabire yahawe intama, ntiyahawe inyumbu.

Yoshobora kugerageza gukora nk'intama, ariko iguma ari inyumbu. Murabona? Rero, ivuga iti: "Emwe, ndashobora kurya nk'intama. Ndashobora gukora *iki* nk'intama." Ntaco bitwaye ivyo woshobora gukora, utegerezwa kuba intama kugira uronke ubwoya.

⁹⁰ Reka mpagarare ng'aha akanya gatoya. Intama ntihingura ubwoya. Ifise ubwoya kuko ari intama. Abantu benshi bagerageza kuvuga bati: "Emwe, nzogerageza kuba mwiza. Nzogerageza gukora *iki*." Ntuhingure ikintu na kimwe. Oya, ntushobora kubikora. Intama ntikora, ntisabwa, ntiyitezweko guhingura ubwoya. Ifise ubwoya, kandi ibikora kuko ari intama.

⁹¹ Rero iyo uri Umukristo, wama nyene icamwa ca Mpwemu. Ntu—ntugihingura. Ntugerageza kugikora. Ugerageza... Ntiwigire ubwawe ico utari. Uciika gusa ico wotegerejwe kuba, hanyuma bica vyikora. Muramaze kumva abantu bavuga bati: "Emwe, ndakubwiye. Ndi... Narifataniye n'ishengero. Nte—ntegerezwa vy'ukuri guheba kubesha"? Uriko urasubira kugerageza gusubira guhingura ikintu kanaka, ubu. Ntushobora kubikora, rero ntibikenewe ko ubigerageza, ni nk'uko i—nk'uko i—inyumbu idashobora kuvyigira ngo ironke ubwoya. Ntiyoshobora kubikora.

⁹² Canke, ikinyakabaka kigerageza gusangira n'inuma, ikinyakabaka kigerageza—ikinyakabaka kigerageza kuba inuma. Mwoshobora kwibaza ikinyamwanira ng'aho, kivuga ngo: "Murazi, jewe ndi inuma," maze kikishirako amubi makeya, kivuga kiti: "Nimurabe, nsa..." Murabona? Coba gisa nabi cane gusa. Uwo ni u—umuntu yatura ko ari ikintu kinaka mu gihe atari co. Murabona, ntushobora kubikora.

⁹³ Ntushobora kuvuga uti: "Ubu itegereze, nategerezwa kugira ubushobozi, rero nzogira ubushobozi. Nategerezwa kugira ukwubaha Imana, rero nzoba uko nyene." Erega, uba uriko uragerageza gushirako amubi gusa. Naho uba ushoboye kuyaronka, ariko ntushobora gushira amubi ku nyoni itari yo. Murabona? Ivyo ntakivamwo. Vyerekana gusa ukuntu iyo nyoni iba ari indyarya. Murabona? Mwoshobora kwibaza igisiga ca kera kiriko kigerageza kurondera amubi makeyi y'inuma, kikavuga giti: "Raba ng'aha, murabona, ndi inuma"? Murabona? Erega, turazi twese ko ari igisiga. Murabona? Murabona? Nta kindi. Turashobora kuvuga yuko ari igisiga.

⁹⁴ Ego cane, rero ni ko bimeze, no kugerageza gu—guhingura Ubukristo. Ntiwobishobora. Ikintu ca mbere utegerezwa gukora, ni ukuvuka ubwa kabiri. Utegerezwa guhinduka. Murabona? Hanyuma iyo uhindutse, ucika icaremwe gishasha. Aho uba utanguye neza, rero. Murabona? Rero ntuba ukeneye kugira umwitwarariko ku bijanye n'amubi, bizokwikora ubwavyo, igihe—igihe uvutse ubwa kabiri. Ego, mushingantahe.

⁹⁵ Nk'uko nama ndabivuga. Fata i—ingurube, uyoze neza, uyambike ikositime ya tuxsailor, canke ikositime ya tuxedo, nako, hanyuma uyirekure igende; ica igenda ubudakebuka mu vyondo ikivayanga. Kuko, murabona, ntaco vyoyimarira. Ni ingurube. Iyo ni yo kameremere kayo. Kwivayanga ni yo kamere kayo. Bigusaba guhindura kamere kayo, hanyuma (yo) ibisigaye bizoca vyikora ubwavyo.

⁹⁶ Rero, nimurabe. Utegerezwa kuvuka ubwa kabiri, ni ukuvuga, guhinduka. Hategerezwa kuba impinduka.

⁹⁷ Uravuga uti: “Erega, Mwene Data Branham, ndazi uyu mugore umwe ng’aha, emwe, nta kintu kibi arigera akora. Ni umugore mwiza. Canke, uyu mugabo *kanaka*, ni umugabo mwiza. Nta kintu na kimwe yigera akora. Urazi ko ata n’umwe agirira nabi.” Ivyo nta na kimwe bivuze. Ashobora kuba umubanyi mwiza, ariko ntaba araba Umukristo gushitsa avutse ubwa kabiri.

⁹⁸ Yesu Yavuze Ati: “Iyo umuntu atavyawe ubwa kabiri,” Yohana Mweranda 3, ko, “ntashobora no kubona Ubwami.” Rero, ivyo bisigura, *kubona*, bisigura “gutahura.”

⁹⁹ Uraraba ikintu kanaka, ukavuga uti: “Ntaco mbona pe.” Uba ushatse kuvuga ko utagitahura.

¹⁰⁰ Umuntu ntashobora gutahura igituma abantu bavuzza akaruru. Umuntu ntashobora gutahura igituma ururimi rw’umuntu rwohinduka hanyuma akavuga mu ndimi. Umuntu asanzwe ntashobora kubona ukuntu ubwiza bw’Imana bwoza mu maso h’umuntu, agaca yerekwa akabwira umuntu ibintu kanaka, n’ico yokora; akababwira ibintu bigira bibe, akavuga n’ibintu bizoshika, nk’uko Umwami Yabidukoreye hano n’ejo ku mugoroba. Murabona? Murabona? U—ubwenge busanzwe bugerageza gutahura. “None, yakoze iki? Canke, ni ubuhe bwoko bw’ubukorikori akoresha? Ni ayahe mareba afise?” Kubona umuntu avuga mu ndimi, bovuga bati... hanyuma uwundi agasobanura akabwira neza na neza urugingo runaka rw’Umubiri ico bakoze, n’ico badategerezwa gukora. Murabona? Murabona? Biyumvira ko ari ubwoko kanaka bw’ubukorikori. “Hariho ikintu bafunditse hagati yabo.”

¹⁰¹ Ntibashobora kubitahura gushika uwo muntu avutse ubwa kabiri. Maze iyo avutse ubwa kabiri, niho aba ari mw’isangira, kuko aba ari icaremwe gishasha. Iyo kameremere ya kera yo kugira amakenga, yo gukekeranya yari afise, iba yapfuye. Ubu, ni icaremwe gishasha. Rero, murabona, ntaco ategerezwa kwongerako na kimwe, ubu, kuko bizokwiyongerako ubwavyo.

¹⁰² Itegereze, utegerezwa kuvuka ubwa kabiri. Kandi iyo uvutse ubwa kabiri, ntushobora kuvuka ubwa kabiri udafise ukwizera. Ni vyo. Kubw’ivyo, murabona, ku gicapo canje ng’aha, ndafise wa mushinge nyene, ukwizera ni wo mushinge wa vyose. “Kuko uwutizera ntibishoboka ko ahimbara Imana. Uwegera

Imana akwiye kwizera yuko Iriho, Igaha impera abaYirondera.” Murabona? Ategerezwa. Kandi iyo ukekeranya kuri Bibiliya, iyo ukekeranya ko Ijambo ari ukuri, vyiza wokwigumira inyuma gushika ubanje kuvyizera.

¹⁰³ Icaha ni iki? Ukutizera. Hariho ibintu bibiri gusa bigenzura ikiremnamuntu. Ivyo ni ugukekeranya be n'ukwizera, kimwe canke ikindi. Ufise n'ico kiganza ubuzima bwawe. Bivana gusa n'uko ukwizera ufise kungana, aho ushobora kuduga gushika.

¹⁰⁴ Ariko, imbere ya vyose, hategerezwa kuba ukwizera. Reka ngume kuri uwo mushinge umwanya mutoyi. Rero, ukwizera ni ico utegerezwa kwizera. Ukwizera ni ico... “Ukwizera ni ukumenya rwose ivyizigirwa.” Ni, uba uza ubifise iyo ufise ukwizera, kuko bihishurirwa mu kwizera. “Ukwizera ni ukumenya rwose ivyizigirwa,” Abaheburayo 11, murabona, “icemezo.” Ni iki? Ni icemezo kimeze gute? Icemezo ceranda.

¹⁰⁵ Kubw'ivyo, iyo uvuze uti: “Mwene Data Branham, ndizera ko Imana Ikiza indwara.” Rero, namba wizera ivyo, hanyuma rero ukaMwemera nk'Uwugukiza indwara, ukaba utabesha, ariko vy'ukuri ukizera ko mu mishishagu yiWe wakize, nta kintu na kimwe cobigukurako. Ni ikintu caheze. Rero woshobora kuba ufise ivyizigiro, ukomeza gusa gusimbira kuri iki wongera usimbira kuri kirya. Ariko iyo ufise ukwizera, urabimenya, kuko ni icemezo. Uba wamaze kukironka. Nari...

¹⁰⁶ Ni bangahe, umuntu wese, yigeze kwumva Oral Roberts mu gitondo, igihe yariko aravuga ubutumwa mu gitondo, Oral Roberts? Na—namwumvise avuga ikintu kimwe canke ikindi kijanye nuko hariho ukwizera, kwo kubohorwa, gusenga isengesho ryo kwizera, ryo kubohorwa. Yavuze ati: “Shiraho ugukoranako mu gukora kw'iradiyo, shiraho ugukoranako mu gukora ku kintu kanaka, kugira ngo...” Uwo mugabo yariko arabikora, kugira ngo bihe abantu ikintu bashobora gushirako amaboko yabo. Ikintu, muvuga muti: “Ubu nakironse, kuko yambwiye ngo nkore kw'iradiyo yanje. Nakironse.” Murabona? Rero, ni vyiza. Ariko, ubu, ukwizera nyakuri ntikurinda gukora ku kintu na kimwe muri ivyo bintu. Rero, sindiko ndifatira mu gahanga Mwene Data Oral, habe na gatoya. Ariko akora igikorwa gihambaye, ni umuntu yubaha Imana, kandi jewe—jewe koko ndaha agaciro cane Oral Roberts. Birababaje cane kubona tudafise benshi nka we.

¹⁰⁷ Ariko ico ndiko ndagerageza kuvuga, ni uko—ni uko, ukwizera kudakeneye ikintu na kimwe. Murabona? Ukwizera kwizera Ijambo ry'Imana. Kuko ukwizera kuva ku “gukorakora”? Oya. “Ukwizera kuva ku kwumva, ukwumva Ijambo ry'Imana.” Ivyo birabishimangira. Ni ivyo. Murabona? Kandi ukwizera, nkuko vyavuzwe, nta kirere kugira. Ukwizera ni ubu nyene. Ukwizera kuri hano. Ni nk'aho hoba hari umuntu kanaka...

¹⁰⁸ Nka wa mwana mutoya, ejo bundi. Wa muvyei Mushikiwacu Kidd n'abandi bavuzeko, yari afise urya mwana mutoya yari afise amara ari hanze, ahaca umwanda mukuru hatuguruye, kugira ngo asohoreremwo ivyo yariye. Rero, uwu mupfasoni, amaze kumva Mushikiwacu Kidd n'abandi bashinga intahe, yarizeye yuko hamwe yoshobora kunshikira, ngasengera uwo mwana. Rero, murabona, Imana Iduha abantu . . .

¹⁰⁹ Bamwe muri twebwe barafise ivyo bacishijwemwo n'Imana, bi—bigaragara cane ku buryo Imana Ihinduka gusa nko kuja ng'aha, nk'uko, ukavugana na Mwene Data Neville canke umuntu mumenyeranye. Kandi rimwe na rimwe turasaba abo bantu kudusengera. Ni vyo twategerezwa gukora. Rero iyo dufise ukwizera ko uwo mugabo canke umugore, uwo ari we wese ariko aradusengera, ariko avugana n'Imana, aho rero ukwizera kwacu kuba gufashe. Kurashinze inanga. Kurashikamyey.

¹¹⁰ Hano. Wa Muroma yagiye gusanganira Yesu. Aca avuga ati: "Jewe—jewe simbereye ko Woza mu nzu yanje. Si—sindabibereye. Si—simbereye. Kandi si—sinagize . . . Si—siniharura mu babereye. Ariko," ati: "umuhungu wanje ararembye cane. Kandi uvuge Ijambo gusa, murabona, umuhungu wanje arakira."

¹¹¹ Vyari ibiki? Kuba kure ntaco vyahindura. Murabona? Kuko Imana Ibera hose icarimwe. Imana Ishoboye vyose. Kandi aho Imana Iri hose, ugushobora vyose kuri aho. Kandi Imana, Yo Ibera hose ica rimwe, ivyo bituma Imana Iba ahantu hose, hose. Murabona? Imana ni Nkuru mu Budagi, mu Buswise, na hariya muri Afrika, muri uyu mwanya nyene, nk'uko Iri hano nyene. Oo! Ng'ivyo.

¹¹² Nuko rero aca avuga ati: "Ntibimbereye ko Uza mu nzu yanje. Vuga Ijambo gusa." Vyari ibiki? Kwari ukwizera kw'uwo Muroma. Yaravizeye.

Yesu Aca Avuga Ati: "Igire. Umuhungu wawe ni muzima."

¹¹³ Nuko aragenda, urugendo rw'iminsi ibiri. Maze bukeye, atarashika i muhira, ahura na bamwe mu basuku biwe bariko baraza. Na bo bati: "Umwana wawe ni muzima."

¹¹⁴ Uwo Muroma yagize umunezero mwinshi, gushika aho avuga ati: "Yatanguye kumera neza isaha zingaye? Isaha zingaye?"

Aca avuga ati: "Nk'isaha icumi n'imwe, niho yatanguye kumera neza."

¹¹⁵ Uwo Muroma aca amenya ko cari ca gihe nyene Yesu Yavuga Ati: "Umwana wawe ni muzima" kandi yari yavizeye. Amen.

¹¹⁶ Ishobora vyose, Ibera hose ica rimwe, Izi vyose, ntIgira intango n'iherezo, Iyo ni Imana. Rero, iyo baterefonye bakavuga bati: "Senga!" Ukwo ni ugukoranako! Ukwizera kwawe guca kuzana Imana. Ni co kintu kizana ugusenga n'Imana, hamwe, mu

gikorwa. Ugusenga! Ukwizera kuva *hano* kuja *hano*. Kurabizana hamwe.

¹¹⁷ “Vuga Ijambo. Ico nshaka gusa ko Ukora ni ukuvuga Ijambo, vyose bica bigenda neza.” Murabona, ntivyari ngombwa ko Arinda kujayo. “Vuga Ijambo gusa.” Kuki? Imana Ibera hose icarimwe. Ni Mushoboravyose. Ishoboye vyose muni y’isi nk’uko ariko Iri hejuru y’isi, canke ku ruhande urwo ari rwo rwose. Ni Imana. “Ikintu conyene Wokora ni ukuvuga Ijambo gusa,” niko yavuze.

¹¹⁸ Hanyuma, ukwizera guca gukora ibisigaye. Ukwizera guca gukora ibisigaye. Kubw’ivyo utegerezwa kugira ukwizera nk’umushinge. Ubukristo bwose, ivyo uri vyose, ico uzoba cose, bishingiye ku kwizera Ijambo. Ni co gituma nizera Ijambo. Murabona?

¹¹⁹ Sinshobora gushira ukwizera kwanje ku kindi kintu. Hamwe nogushira kw’ishengero, ni irihe shengero nogushirako: Gatolika, Luteriyano, Metodiste, Batista, Pentekoti? Ni hehe nogushira? Ntavyo nzi. Bose barazazaniwe n’ibindi, urudubi n’ibindi.

¹²⁰ Ariko iyo nshize ukwizera kwanje mw’Ijambo ryiWe, kuba gushinze inanga. Nta n’umwe aRisigura. Ng’Iri, UKU NIKO UHORAHO AVUZE. Rero nca ndaVyizera. Ng’urwo urufatiro.

¹²¹ Umuganga umwe muto mwiza hano mu gisagara, umugenzi wanjye, Muganga Sam Adair. Twarakuranye nk’imisore. Mwese murazi Sam. Yambariye, yavuze ati, “Bill...” Rya yerekwa rimaze kuza, nkamubwira aho yokubatse inyubako yiwe, ingene yobaye isa. Nimugende rero hariya, mumubaze igihe kimwe, namba ivyo atari ukuri. Imyaka ibiri canke itatu imbere yuko bishika, naramubwiye aho yobaye iri. Navuze nti: “Uzofata hafi aka gace kose k’igisagara.” Kandi nta kindi na kimwe gisigaye hagati yiwe n’ivyo, atari kirya kibanza co kugororeramwo abagenda ubumuga. Muganga Adair afise aho hasigaye, n’aho kugurishiriza imiti. Ni ivyo gusa. Muganga Adair yashikije gusa neza na neza, iryo yerekwa. Aho, igihe kimwe yavuze ati: “Ntoshobora no gukorwako mu kiringo c’imyaka mirongo ibiri n’itanu. Kiri muri sentare.”

¹²² Nca mvuga nti: “Muganga, Umwami Arakiguhaye, kubwo kwicisha bugufi kwawe.”

Yavuze ati, “Ntaco maze.”

¹²³ Nca mvuga nti, “Uri nk’ikinyamasyo. Urafise ikizu inyuma, ikibarara ico urabiramwo abagenzi bawe ng’aho, ariko imbere uri umuntu mwiza cane. Va muri ico kizu.” Nca mvuga nti: “Imana Irahaguhaye.”

¹²⁴ Aca avuga ati: “Sinari bwigere ndagukekeranyako, Billy, ariko ivyo ntegerezwa kubikekeranya.”

Nca mvuga nti: “Genda mu biro vyawe.” N’uko aca aragenda.

¹²⁵ Bukeye mu gitondo, yarampamagaye, arambwira ati: “ndatangaye vyo gupfa.”

¹²⁶ Nca mvuga nti: “Ni ibiki bibaye?” Hari nko muri Mukakaro. Nca mvuga nti: “Ni ibiki vyabaye, Muga?”

¹²⁷ Ati: “Namaze kugura ca kibanza, Billy. Bari bafise inama ejo ku mugoroba i Boston, none namaze kugura ca kibanza uyu munsu mu gitondo.”

Nanje nti: “Sinari nakubwiye.”

¹²⁸ Nari hariya ejo bundi, turiko turavugana, igihe inkoho yanturikira mu maso. Aca avuga ati: “Nibaza ko maze kubibwira abantu igihumbi baza ng’aha, nk’uko.” Ni igiki? Rero, iyo Imana Ivuze ikintu icyo ari cyo cose, gitegerezwa gushika.

¹²⁹ Ejo ku mugoroba abagenzi banje bamwe baraje. Bari barumvise rirya yerekwa ry’impongo yari ifise amahembe apima isantimetero 105, hamwe n’idubu niniya y’imirongo isa n’ifeza. Sinzi igitigiri c’abantu baje muhira, bashaka kubibona. Nca mvuga nti: “Ng’iyi imetero. Nimupime iryo hembere.” Yavumvise bivugwa imbere yuko bishika. Murabona? Kubera iki? Iyo Imana Ivuze ikintu icyo ari cyo cose, gitegerezwa gushika. Ni cyo gituma, bifise umushinga.

¹³⁰ Rero, ng’uyu umugambi w’agakiza. None rero namba iyerekwa ryiWe ryarashitse mu buryo butunganye, neza na neza nk’uko vyavuzwe ko biba, n’iri shengero rikaba rizi yuko ari ukuri, none ni gute kw’Ijambo ryiWe naryo? Murabona? Ivyo ni ivy’ukuri kurusha iyerekwa. Namba iyerekwa ridahuza n’Ijambo, aho rero iryo yerekwa si ryo. Ariko ni Ijambo, ubwa mbere, kuko Ijambo ari Imana. Murabona? Rero, Ibara hose icarimwe. Yabivugiyeye ng’aha, Ica Ibishitsa muri Canada. Amen. Murabona, Ibara hose icarimwe. Ni vyo.

¹³¹ Ubwa mbere, utegerezwa kuvuka ubwa kabiri. Hanyuma iyo wavutse ubwa kabiri, uba ufise ukwizera; urizera Ijambo. Utaravuka ubwa kabiri, uharira na Ryo. Namba gusa ufise impengamiro y’ivy’idini, uka—ukaba ufise u—u—ubwenge bukeya bw’umuntu bukubwira ko ukwiye gukora neza, ntuzokwigera ushobora kwemeranya n’Ijambo ry’Imana. Ntuzokwigera ubikora. Utegerezwa kuvuka ubwa kabiri. Ukuvuka ubwa kabiri, bivurira ukwizera. Ni vyiza. Hanyuma umaze kuronka ukwizera, *hano* nyene, u-k-w-i-z-e-r-a, ukwizera, aho rero uba uri mu gihagararo co gukura.

¹³² Rero, abantu benshi baraja ku gicaniro, bagasenga, bakavuga bati: “Mwami, mbabarira.” Maze bagashikwako n’ikimenyamenya c’ivyo bacishijwemwo gihambaye co kwezwa, n’ibindi. Hanyuma mukagira ibihe vyiza, mugahaguruka ku gicaniro, muvuzura akaruru. Mugasubira inyuma, muvugira uti: “Imana Ishimwe, nabironse.” Oya, watanguriye gusa ahantu aho ushobora gukura. Ntaco urakora. Murabona? Ikintu conyene wakoze ni ugushiraho umushinga.

¹³³ Ubu iyo ugiye kwubaka inzu, maze ugashiraho umushinge, ugaca uvuga uti: “Muhungu, nayironse.” Murabona? Waronse umushinge wo kwubakako inzu yawe. Ubu naho utegerezwa kwubaka inzu.

¹³⁴ Aho rero ni ho haza ikintu, tugiye kuvugako ubu, kino gitondo. Ni vyiza. Inzu, uyu mushinge ni wo wa mbere. Umushinge w'Ubukristo ni iki? Ukwizera Ijambo ry'Imana. Uwo ni wo mushinge wawe. Hanyuma ugaca utangura gukura. Rero uca utangura, utangura kwongerako kuri uyu mushinge.

¹³⁵ Rero, mu kwubaka inzu, urashinga inkingi hamwe n'ibindi vyose. Mwene Data Wood, hamwe n'abo bandi bahinga mu kumanika n'abubakisha ng'aha boshobora kutubwira ingene wubaka inzu yawe. Murabona? Ariko ngiye kubabwira ingene wokubaka inzu yawe yo mu buryo bw'impwemu, aho Imana Ishobora kuba. Ishaka kwibera muri wewe. Ishaka kukugira nka Yo. Ikeneye ko ugaragazwa, ugaragaza, nako, uko Iri.

¹³⁶ Murazi, kera igihe bakora inzahabu, imbere yuko baronka aho bazishongeshereza ngo baziturire, bahora bakubita inzahabu, bagakuramwo imicafu yose, bakuramwo icuma n'umuringa n'ibindi, bakabandanya bakubita, bakayihindukiza, bayikubita. Abahindi barabikora n'ubu, barakubita inzahabu, bakayikubita. Murazi ingene bashobora kuvuga ko ivyuma vyose vyayivuyemwo, n'uwundi mucaf uwo n'ibindi bintu, n'inkamba ko vyayivuyemwo? Ni igihe urya ariko arakubita yashobora kubona ishusho yiwe, nko mu cirore, muri yo. Yaba yakuwemwo ubucaf uka kandi ibona neza ku buryo yerekana ishusho y'uwuriko arayikubita.

¹³⁷ Uko niko Imana Ikora. Ifata Inzahabu Yatoye mw'ivu, Ikayikubita, Ikoresha Mpwemu Yera, Ikayihindura, Igasubira, Igasubira, Ikayikubita gushika aho (Yakira) Ishobora kubona ishusho yaYo. [Mwene Data Branham akomye amashi incuro nyinshi—Umw.]

¹³⁸ Kandi ivyo ni vyo twategerezwa gukora, kwerekana ishusho y'Umwana w'Imana. Kandi twategerezwa gukora igikorwa caYo. Yavuze ati: “UwuNyizera...” Yohana Mweranda 14:7, “UwuNyizera, ibikorwa Jewe Nkora na we azobikora.” Uba Utanguye kwerekana ibikorwa vya Kristo.

¹³⁹ Ariko benshi cane muri twebwe bagerageza gukora ibikorwa vya Kristo imbere yuko ishusho ya Kristo iba muri twebwe. Aho rero ni ho hari ingorane. Turabona ko ivyo bintu biba. Murabizi. Ndabizi. Turabona abo baguye mu nzira. Turasanga ikirundo c'imicafu y'abavugabutumwa, y'Abakristo, barundanye iruhande y'ibarabara, kuko batavyifashemwo neza.

¹⁴⁰ Ni co gituma ndi hano kino gitondo, kugira ngerageze kwigisha iri shengero ritoya, na jewe ubwanje, ingene dushobora kuba ikibanza Imana Nzima Yiberamwo. Ni bangahe bashaka kuba uko? Ahantu Imana Nzima Iba!

¹⁴¹ Rero ng'ivuyo ivyo dukora. Ikintu ca mbere ni ikihe? Kugira ukwizera ukavuka ubwa kabiri. Ivyo ni ugushiraho umushinge.

¹⁴² Hanyuma, duhejeje gushiraho umushinge, ica kabiri uca wongerako ku mushinge wawe. “Ukwizera kwanyu mukwongereko,” niko Petero yavuze hano. Mwongere ku... Ubwa mbere ufise ukwizera, hanyuma ukongerako ubushobozi ku kwizera kwawe. Iyi ni yo nkingi ikurikira. Ubwa mbere shiraho umushinge, ukwizera. Hanyuma, ku kwizera kwawe, wongereko ubushobozi.

¹⁴³ Rero, aho nyene benshi muri twebwe haratunanira. Ego, mushingantahe. Ego. “Ukwizera kwawe ukwongereko ubushobozi.” Ivyo ntibisigura gusa kubaho ubuzima butanduye, murazi, nk'umugore canke umugabo, n'ibindi. Ivyo ntaco bisana na vyo.

¹⁴⁴ Bibiliya Ivuga, twarasomye ng'aha mu Gitabu ca Luka, Ahavuga ko, “Ubushobozi bwamuvuyemwo.” Ivyo n'ukuri? Nimba tubwirizwa kuba nka We, dutegerezwa rero kugira ubushobozi. Dutegerezwa kubugira, kugira tube nka We. Indirimbo ya mbere nakunze, mu—mu gitabu c'indirimbo, imwe mu za mbere nziza, yari, *Kumera Nka Yesu*. Rero, nimba mbwirizwa kumera nka Yesu, ntegerezwa kugira ubushobozi, n'inzira ituma buva kuri jewe bukaja ku bantu. Kuko “Ubushobozi bwaMuvuyemwo buja ku bantu.” Ubushobozi! Kandi imbere yo gushobora kuburekura, ubwirizwa kubanza kuba ubufise. Utabufise, ntibuzokuvamwo. Nta kihari bwovamwo.

¹⁴⁵ None vyogenda gute hamwe umuntu agerageje gukura ubushobozi muri twebwe, maze isheke ikagaruka ivuga iti “nta mahera akwiye ariko”? Murabona? Oya, oya, nta kiriho vyovamwo, isheke yanswe. Umuntu akwitegereje nk'Umukristo, hanyuma ejo akakubona wigenza nk'umunyavyaha, nta bushobozi bushobora kuva muri ivyo. Murabona? Ni vyo.

¹⁴⁶ Ubushobozi butegerezwa kuba muri twebwe. Kandi tutaronka ubushobozi...Rero iyo turonse ubushobozi bw'ukuri, turashobora rero kubwongera ku kwizera kwacu. Ni wo mushinge w'uruhome ukurikira. Rero, ubwa mbere utegerezwa kugira ukwizera. Ukwizera kwonyene ntikuzobikora. Utegerezwa...Petero yavuze ati: “Ukwizera kwanyu mukwongereko ubushobozi.” Utegerezwa kugira ubushobozi, kugira ngo ubwongere ku kwizera kwawe.

¹⁴⁷ Ubu, rero, birashoboka yuko, impamvu mutabufise, ari uko amashengero menshi y'uno muni abigisha yuko atari ngombwa ko mubugira, canke ngo iminsi yabwo yararenganye. “Ntibikenewe ko mubugira. Ikintu conyene utegerezwa gukora n'ukuba umunywanyi w'ishengero gusa. Ego, iminsi yararenganye.”

¹⁴⁸ Ubushobozi, umuntu wese arazi ico jambo ubushobozi risigura, murabona, kandi dutegerezwa kubugira. Namba ubushobozi bwavuye muri We, kugira bukize urya mugore yari arwaye, Yiteze burya bushobozi nyene mw'ishengero ryiWe, kuko ni We karorero kacu. Kandi namba Yari Afise ubushobozi bwo guha abantu, Atwitezeko ko tugira ubushobozi bwo guha abantu. None ubushobozi ni iki? Ubushobozi ni inguvu, inkomezi.

¹⁴⁹ Bamwe muri bo ntibanizera ubushobozi bw'Imana. Bavuga bati: "Ivyo—ivyo—ivyo vyararanganye. Ikintu conyene utegerezwa gukora ni ugushira izina ryawe mu gitabu, bakakumijako amazi, canke bakagusukako amazi, canke ukabatizwa, canke ikindi cose. Kandi ivyo ni vyo vyonyene utegerezwa gukora."

¹⁵⁰ Ariko Petero yavuze ng'aha ati: "Ongerako ubushobozi." Rero, Petero ariko aravuga ivy'ukwubaka Inzu y'Imana, murabona, Urusengero rw'Imana, gutegura ico kibanza. Kandi umaze kuronka ubushobozi, utegerezwa kugira... Umaze kuronka ukwizera utegerezwa kugira ubushobozi hamwe na kwo. Ivyo ni vyo. Gira ubushobozi kubw'isi yose.

¹⁵¹ Narigishije ubutumwa hacye nk'imyaka mirongo ibiri, ndibaza, kuri Revera Mushingantahe Shurwe. Shurwe, umwungere. Nabukuye mu gisomwa aho Yesu Yavuze Ati: "Nimurabe amashurwe yo ku misozi ingene ataruha canke ngo ajishe impuzu. Ariko ndababwira yuko, na Salomo mu bwiza bwiwe bwose atari ashajije nka rimwe muri yo."

¹⁵² Nimwitegereze ishurwe. Riva hariya muni mu vyondo. Kandi buri munota ku muni ritegerezwa gukwega rikura mw'ivu. Murabona? None rikoza iki izo nkomezi rikwega? Rirazitanga. Ritanga ishusho nziza kuwuryitegereza. Ririyugurura rigatanga ubuki, kugira ngo uruyuki ruze runonke umugabane warwo. Ntiriyidoga. Ribufise gusa, ngo ributange. Vyogenda gute hamwe uruyuki rwokwinjiraye ng'aho rugasanga ngo; nta mahera akwiye ariko, nta buki? Urwo ruyuki rutoyi rwoca rwiya gaza mu mutwe ruti: "Iryo ni ishurwe bwoko ki?"

¹⁵³ Hamwe umuntu yoza, agerageza kurondera agakiza, akaja mw'ishengero ryizera yuko iminsi y'ibitangaza yaheze?

¹⁵⁴ Nka kurya Jack Coe yavuze igihe kimwe. Ko yagiye mu nzu imwe y'uburiro, bamuha urutonde runini rw'ibihari; atangura kurusoma, inyama ya T-bone n'ibindi. Aravuga ati: "Ndafata T-bone."

"Emwe, ivyo vyari ivyo umunsi warenganye. Ntavyo dufise."

¹⁵⁵ Vyoba vyiza ushize hasi urwo rutonde rw'ibifungurwa ukisohokera, murabona, ni vyo, kuko ataco bafise na kimwe co gufungura, uko biri kwose. Rero vyoba vyiza ugiye mu buriro aho bafise ibintu vyo gufungura.

¹⁵⁶ Kandi umuntu wa mpwemu, kugira akure, arakenera ivyo gufungura. Iryo ni Ijambo ry’Imana. Ndizera Ijambo ryaVyo Ryose.

Imana Irafise imeza iteguwe aho abera
b’Imana bagaburirwa,
Iratumira abantu baYo Yatoranije Iti: “Ingo mufungure.”
Manu Yayo ni yo Ibagaburira, Ituronsa ivyo dukeneye vyose,
Oo, ni vyiza gusangira na Yesu ibihe vyose!

¹⁵⁷ Ivyo ni vyo. Ego, mushingantahe. IraRifise. Ishengero riraRifise, Ishengero ry’Imana Nzima, ryubatswe muri uyu muntu atunganye, w’ubwenge bwa Kristo. Rero, rero mutegerezwa kugira ubushobozi.

¹⁵⁸ Navuze rero, ikintu ca mbere kihari, ni uko hariho umuntu akunda kwumva akamoto. Ntiriyigungirako. Rirafise akamoto. Imbere yuko rishobora gutanga akamoto, ritegerezwa kuba rigafise. Imbere yuko ritanga ubuki, ritegerezwa kuba ribufise. Imbere yuko ritanga ubwiza, ritegerezwa kuba ribufise.

¹⁵⁹ Imbere yuko utanga ubushobozi, utegerezwa kuba ubufise. Rero, ukwizera kwawe ukwongereko, ubushobozi. Amen. Muratahura? Twoshobora kuguma kuri ivyo igihe kirekire, ariko umwanya wacu woduherana. Kwongerako ubushobozi ku kwizera kwanyu. Rero, ica mbere ni ukwizera, hanyuma ubushobozi.

¹⁶⁰ Hanyuma rero, ubwa gatatu, mwongereko ubwenge. Ubwenge, rero, ivyo ntibisigura ubwenge bw’isi, kuko ari ubupfu ku Mana; ariko ubwenge bwo gusuzuma, gusuzuma (iki?) gutandukanya iciza n’ikibi. Usuzuma gute, rero, nimba ufise ubwenge Rukristo be n’ubushobozi n’ukwizera? Usuzuma nimba Ijambo Ari ryo canke atari ryo. Kandi nimba ushobora gushira ku ruhande za nemera zawe zose, n’ukutizera kwawe kwose, ikintu cose uvuga yuko wakoze, aho rero urafise ubwenge bwo kwizera yuko Imana Idashobora kubesha. “Ijambo ryose ry’umuntu ribe ikinyoma, ariko IryaNje Ribes ukuri.” Murabona? Ubu muriko muraronka ubwenge. Ubwo ni bwo bwenge kaminiza. Ntubwirizwa kuba ufise indangabumenyi zine muri kaminuza kanaka, canke ikintu nk’ico, kugira uburonke, kuko izo ngeso zose uzihabwa n’Imana, ngo uzishire ku mushinge w’ukwizera kwawe, kugira ngo ushikire igihagararo gishitse c’umuntu nyawe, muzima w’Imana. Ego, mushingantahe.

¹⁶¹ Wongereko, wongereko ubwenge, kuko, ubwenge bw’Ijambo ryiWe. Utegerezwa kuvyizera muri ubu buryo. Nk’uko, utegerezwa kwizera uno muni yuko i...ukavyemera, ko iminsi y’ibitangaza itaheze. Ubwenge bw’uko ivyo Imana Yavuze, Imana Ishoboye kubikora.

¹⁶² Aburahamu yaravyizeye. Kandi igihe yari amaze imyaka ijana, ntiyakekeranishijwe isezerano ry'Imana n'ukutizera. Rabe ingene iryo Jambo ryaboneka nk'iriteye isoni. Ehe ng'uyo umugabo, w'imyaka ijana, yiteze ko umwana avukira mu nzu yiwe, avyawe n'umugore w'imyaka mirongo icenda. Murabona? Haciye nk'imyaka mirongo itanu yaraciye, yari yabanye na we kuva akiri u—umukobwa mutoya, canke umuyabaga. None ng'uwo, umuhora wiwe w'ubuzima wari warapfuye. Kandi igitereko ca Sara cari carapfuye. N'ivyizigiro vyose vyaraheze, aho ivyizigiro vyashika. Ariko, naho vyari uko, ibitokwizigiwe, yarizeye icizigiro, kuko yari afise ubwenge bw'uko Imana Yari Ishoboye kushitsa ivyo Yasezeranye vyose.

¹⁶³ Rero, iyo ubironse gutyo, ivyo uca uvongerera ku kwizera kwawe. Uronse ubushobozi nyakuri, ubwongere ku kwizera kwawe. Iyo ushobora kugenda hano mw'ibarabara, ukabaho nk'Umukristo, ukora nk'Umukristo, uri Umukristo, ivyo vyongere ku kwizera kwawe. Iyo ufise ubwenge...

¹⁶⁴ Muravuga muti: “Emwe, sinzi rero nimba *iki* Canditswe ari co koko. Ubu rero ng'ibi Ivyakozwe n'Intumwa 2:38, sinzi ukuntu nobihuza n'ivyakozwe n'Intumwa 28:19, ntavyo nzi.” Ni vyiza. Ntu—ntugire ico wongerako, kuko nturaKironka. Murabona? None uca ukora iki? Kuko, nta bwenge bukwiye uraronka bwo kumenya ivy'Imana, yuko Bibiliya Itivuguruza. Vyihozze. Ntubire kugira ico ubivugako. Murabona? Vyihozze.

¹⁶⁵ Ariko iyo ushobora kubona ko Ivyanditswe bitavuguruzanya, ko ushobora kuvuga gutyo; ukaba ushobora kubona, yuko, biciye kuguhishurirwa n'Imana, ko Ijambo ryose ryanditswe mu mabanga, kandi ko ubwenge bw'Imana ari bwo bwonyene bushobora kuBihishura; rero iyo uburonse ukavuga, Ijambo ry'Imana ryose ukarishimangiza na “amen”, aho rero ivyo vyongere ku kwizera kwawe.

¹⁶⁶ Oo, uriko urashika ku kuba umuntu mwiza cane ubu nyene. Murabona? Uriko uraza, urabona. Hamwe n'iki? N'ukwizera, hanyuma n'ubushobozi, hanyuma ubwenge. Murabona ingene biriko vyubaka uyu muntu? Murashobora kubona ko ata—ata buryo bwo kubihunga. Iyi ni yo nzira yo kuba mu gihagararo cuzuye ca Kristo. Ego, mushingante.

¹⁶⁷ Gusuzuma, gusuzuma neza. Gusuzuma namba ari vyiza canke ari bibi, kwizera Ijambo ry'Imana. Gusuzuma namba ari vyiza canke ari bibi, nimba nkwiye gukorera za nemera canke gukorera Imana. Gusuzuma ko ari vyiza canke bibi, ko nkwiye kuvuka ubwa kabiri canke kuba umunywanyu w'ishengero. Aho rero uriko uratangura. Gusuzuma neza, iyo umuvugabutumwa avuze ngo: “Iminsi y'ibitangaza yararenganye.” Bibiliya Ivuga Iti: “Yesu Kristo uko Yari Ari ejo, n'uyu muni ni ko Ari, kandi niko Azokwama ibihe bidashira.” None ni ibihe uhava wizera?

168 Iyo muvuze muti, “Nzofata Imana.” Rero, ntuvuge ivyo gusa kugira ngo uvuge, “Emwe, nda-ndabifata,” bivuye ku mutima wawe nyene. Ariko, ikintu kanaka muri wewe, ukwizera kwawe kuricira inzira. Ng’ivyo. Ukwizera kwawe kuvuga guti: “Ndazi ko Ari Wa wundi. Amen. Nanje ndi icabona ko Ari wa wundi nyene. Nta na kimwe coshobora kubinkuramwo. Ndazi ko Ari Uw’ukuri.” Amen. Rero ivyo uvyongere ku kwizera kwawe. Bishire ku mushinge. Uriko uraduga rero, uriko uraduga hejuru nyene werekeza i Bwami. Washitse ahantu ubu. Ni vyiza.

169 Rero, igikurikira, umuvugabutumwa azokubwira, n’abantu benshi bavuge bati, “I...Ibi bintu usoma muri Bibiliya, vyari ivy’ikindi gihe. Rero, ndababwira igituma. Kuko, ivyo bintu ntitubikeneye uno muni. Ntitubikeneye. Murabona? Ntavyo dukeneye. Ntidutegerezwa gukora ivyo bintu, ugukizwa indwara n’Imana. Ntidukora ivyo kuvuga mu ndimi, mw’ishengero, kugira—kugira ishengero ryacu rigume rigororotse. Rero ntidukora *ibi*.”

170 Turaza kubishikako. Ndafise Ivyanditswe vyanditse ng’aha ku bijanye n’ivyo, murabona, nimba twobikora canke tutobikora, ubu.

171 Ariko hano yavuze ati, “Sinzi. Ivyo ntidukwiye kubikora uyu muni. Ikintu conyene nibaza ko dukwiye gukora, dukwiriye kwiga kuvuga neza imbere y’abantu benshi. Dukwiriye kugenda maze umuganga w’indwara zo mu mutwe agasuzuma ubwenge bwacu, kugira ngo arabe nimba dushobora kuja imbere y’abantu, namba urugero rw’ubwenge bwacu ruri hejuru bikwiye kugira tubikore, n’i—n’ibindi nk’ivyo. Nibaza yuko... Kandi dufise amakoraniro ahambaye kuruta ayandi yose. Twarubatse idini ryacu.”

172 Ntituriko twubaka idini. Sindi hano muri iki gitondo ngo nubake idini. Kristo ntiYigeze Antuma kwubaka idini. Kristo Yantumye kwubaka abantu ku giti cabo ngo bashike ku gihagararo ca Yesu Kristo, kugira ngo babe ingoro y’ubushobozi n’ahantu Mpwemu Aba, biciye kw’Ijambo ryiWe. Kubw’Ijambo ryiWe, murabona, kwubaka umuntu ku giti ciwe ngo ashike aho hantu. Si ukwubaka idini ngo ribe idini riambaye kuruta, ariko ni ukwubaka abantu ngo babe abahungu n’abakobwa b’Imana. Ico ni co cyumviro. Murabona? Ku kwizera kwawe, wongereko ubushobozi. Ku bushobozi bwawe, wongereko ubwenge. Neza, aho rero uriko urashika ahantu.

173 Rero iyo batanguye kuvuga ngo: “Emwe, ivyo si ngombwa ngo tuyemere uyu muni...” Mutegerezwa. Bitegerezwa kuba.

174 Ivyanditswe ntibishobora kubesha. “Kandi ntibishobora gusobanurwa nk’uko umuntu avyigombera,” niko Bibiliya Ivuga. Uvyizera gusa uko Vyanditse Aho. Murabona? Mutegerezwa kuronka ibi bintu. Kandi inzira yonyene yo gushobora

kubironka, ni ukuronka ubwenge buva mw'Ijuru. Kandi ubwenge buva mw'Ijuru buzokwemeza Ijambo. Murabona?

¹⁷⁵ Utegerezwa kuvyizera, atari ukwigira uwuvyizera. Nta na kimwe muri ibi ari ico kwigira, murabona, hamwe wogerageza kuvuga uti: "Ndabifise." Ntubye igikona kigerageza kwishirako amubi y'umusambi, murabona, kuko azoca akoroka ubwo nyene. Ntiyamereye ng'aho mu bisanzwe. Amaditseko gusa.

¹⁷⁶ Ndiyumvira aho Dawidi yavuga hariya, muri Zaburi 1, "Azoba nk'igiti gitewe hafi y'imigezi y'amazi." Murazi, hariho itandukaniro riri hagati yo guterwa no gushirwako, kumadikwa. Ni nk'igiti c'umwelonu ca kera, caratewe, gishinze imizi mw'ivu kandi gihagaze neza. Ako gati gashaje gateretse aho, ntuzi ikizogashikira. Nta mizi gafise. Nta mushinge gafise. Murabona?

¹⁷⁷ Ni nk'abantu bamwe baba bavuye mw'iseminari canke ikintu kinaka, murabona. Ntibafise. . . "Emwe, Dogiteri *kanaka* niwe yansengeye mu gikorwa c'ibango." Ntaco bivuze uko vyari biri kose.

¹⁷⁸ Kristo Yabavukishirije muri vyo, murabona, murabona, kubw'ukwizera kwanyu. Murabona? Mwagizwe bashasha mubivukiramwo. Rero mumaze kuvukiramwo, ibi nivyo bintu Yiteze ko mwongerako. Guma muvyongerako gusa. Ubu turiko tugenda dukurikirana.

¹⁷⁹ Rero hariho ikindi kintu kuri ubu bwenge, twovugako, ubwenge bw'Imana. Murabona? "Mbega Bibiliya muri iki gihe Yaratakaje insiguro yaYo?" Murabona, bobo, abantu benshi cane barakubwira ivyo, ko Bibiliya Itavuga ivyo neza neza. Namba Imana Inyitegereza, Ikankosora mu caha canje, kandi namba ndi Umwana w'Imana, Irabikora. Ibakorera uko, abahungu [Agace ata kiriko kuri bande—Umw.] n'abakobwa. Iyo ukoze ikintu kitari co Iragukosora. None namba iyo Mana Yamiza agatima kuri wewe, ku buryo Igucungera Ikagukosora, ntiYarushirije kubikora kw' Ijambo ryaYo, ari ryo karorero kawe, ariryo Yo ubwaYo!

Mu ntango Jambo yariho, kandi Jambo yahoranye n'Imana, kandi uwo Jambo yari Imana.

Kandi. . . Yihaye umubiri, abana natwe, . . .

¹⁸⁰ Ijambo ni impishuro ya Yesu Kristo, Bibiliya niko Ivuga, Kristo Ahishurirwa mw'Ijambo ryiWe. Kandi nimba Yarakugumijeko ijisho mu gihe warenga kuri ibi vyagezwe, Iragucira urubanza kubwa vyo, ntibirushirije uko igumiza ijisho ku vyagezwe vyaYo bigucira urubanza! Amen.

¹⁸¹ Bandanya, muhungu, ntumbwire ivyo bintu!

¹⁸² Ndizera ubwenge bw'ukuri bwa Mpwemu Yera. Ubwenge bwa Mpwemu Yera buzoshimangiza Ijambo iminsi yose na "amen." Iyo ubonye ivyo bintu bisa naho bivuguruzanya, muri Bibiliya, icara hasi uvyige, uri mu gusenga nk'uko.

Hanyuma bidatevye, Mpwemu Yera Aca Atangura kwigaragaza. Haheze akanya ubona bitangura gufatana, ni ho uca ubironka. Murabona? Ubwo ni ubwenge.

¹⁸³ Bamwe muri bo bavuga bati: “Emwe, rero, Bibiliya Ivuga ko uko Yari Ari ejo, n’uno muni ni ko Ari, kandi ni ko Azokwama ibihe bidashira.”

¹⁸⁴ Ishengero na ryo riti: “Mu buryo kanaka, ni Wa wundi nyene.” Huh-uh! Huh-uh! Muhejeje kwugurura igihengeri, aho nyene. Murabona? Ego, mushingantahe. Oya, mushingantahe. Ni Wa wundi nyene. Ego, mushingantahe.

¹⁸⁵ “Yesu Kristo uko Yari Ari ejo, n’uno muni ni ko Ari, kandi niko Azokwama ibihe bidashira.” Nta tandukaniro muri We, na gatoya. Aba mw’Ishengero ryiWe, Akora vya bindi nyene. “Hasigaye igihe gito,” nk’uko navuze mu kanya gaheze, “igihe gito ab’isi ntibabe bakiMbona, ariko mweho muzoMbona.” Kuko, Ati: “Nzoba ndi kumwe namwe, mbere no muri mwebwe, gushitsa ku muhero w’isi.” Vyongeye, Yavuze Ati: “Ibikorwa Jewe Nkora na mwe muzobikora.” Na none, Ati: “Nzoba Umuzabibu. Muzoba amashami.” Kandi ishami ribeshwaho gusa n’Ubuzima bw’Umuzabibu. Ikiri mu Muzabibu cose gishokera mw’ishami. Ubwiza! Rero, “Kristo uko Yari Ari ejo, n’uno muni ni ko ari, n’ibihe bidashira.” Bivyara Ubugingo bw’Umwami Yesu Kristo. Amen.

¹⁸⁶ Ubwenge; atari ubw’isi (burarimbura). Ubwenge ubwo ari bwo bwose bw’isi burarimbura. Murabona? Ariko ukwizera ntukurimbura. Imana Iguhishuriye ikintu *iki n’iki* kigiye gushika, umuhinga wese wo mw’isi yashobora kukubwira, ati, “Birahushanye. Ntivyashobora gushika.” Uravyizera, uko biri kwose. Murabona? Ego, mushingantahe. Ntikwibazabaza. Bibiliya Ivuga ngo: “Dusenyure ukwibazabaza.” Ntuharira n’ukwizera. Ukwizera ntikugira ukurimbura. Ukwizera kumenya aho guhagaze. Ukwizera kurakora. Ukwizera kuguma hamwe. Ntigushobora kunyiganyiga. Nta na kimwe gishobora kukunyiganyiza. Ntaco bimbariye ico ari co cose kivuga *iki, kirya, ikindi*. Ntikunyiganyiga, na gatoya. Kuguma aho nyene, kurindiriye, kurindiriye, kurindiriye, kurindiriye. Nta co bihindura. Kuguma aho nyene.

¹⁸⁷ Imana Yabwiye Nowa ko ivyo bintu bizoba. Na we yaravyizeye. Murabona? Imana Yabwiye Mose ko ivyo bintu bizoshika. Na we yaravyizeye. Imana Yarabwiye abigishwa ibintu bimwe bimwe bizoshika, “Nimuduge hariya kuri Pentekote murindire.” Bagumye aho nyene. Ego, mushingantahe. Ni vyiza.

¹⁸⁸ Rero, ubwenge, rero, si ubwenge bw’isi, ariko ni ubwenge bwo mw’Ijuru. Kandi ubwenge bwo mw’Ijuru, mu gihe Imana ari Yo soko y’ubwenge bwose, kandi Imana ni Ijambo, rero, namba

ufise ubwenge bwo mw'Ijuru, wizera Ijambo, kandi ikintu cose uciyumvira biciye mw'Ijambo.

¹⁸⁹ Kandi uru rubanza rw'amakori ishengero ryacyemwo, nako jewe nacyemwo. Umwe mu bagabo igihe kimwe, mw'iburanisha ritoya, yarambariye. Yavuze ati, navuze nti... "Nta kintu na kimwe kibi bashobora gutora." Nuko rero baca batangura ku...

¹⁹⁰ Nca mvuga nti: "Rero, aho, namba ata kibi kirimwo, kuki mutompa amahoro?" Murabona? Murabona? Nuko nca ndabandanya, ndamubwira Ivyanditswe bimwe bimwe.

¹⁹¹ Aca avuga, yari umugabo munini n'isigareti mu ntoki, avuga ati: "Mushingantahe Branham, jewe niga Bibiliya."

Nanje nti: "Ndanezerejwe no kwumva ivyo."

¹⁹² Aca avuga ati: "None rero ndashaka kumenya ivy'ivyo bintazi, aho murihisha utwo dutambara murungika, utwo tuntu tw'ibintazi two gusengera udutambara mukaturungika, ivyo 'bitambara bisizwe,' nk'uko muvuyita, 'ibitambara.'" Aca avuga ati: "Hanyuma ivyo mukabirihisha."

Nca mvuga nti: "Oya, mushingantahe. Ntitubirihisha."

Nawe ati: "None, kuri ivyo bintazi."

¹⁹³ Nanje nti: "Uvuyita ibintazi, mushingantahe. Wambwiye mu kanya gaheze ko wiga Bibiliya."

Ati: "Egome."

¹⁹⁴ Nca mvuga nti, "Nsubiriramwo Ivyakozwe n'intumwa 19:1." Ubwenge! Yaguye mu mutego wiwe bwite neza, aca agerageza guhindura ikiganiro. Nca mvuga nti: "Uce unsubiriramwo Yohana 5:14." Ntiyashobora kubikora. Nanje nti, "Hanyuma Yakobo 5:14." Ntiyashobora kubikora. Nca mvuga nti: "Mbega urazi Yohana 3:16?" Murabona? Ubwenge, inkerebutsi, vy'isi! Ariko igihe...

¹⁹⁵ Yaciye avuga ati: "Ariko, Mushingantahe Branham, uriko ugerageza guca uru rubanza wisunze Bibiliya. Twebwe turiko turuca twisunze amategeko y'igihugu."

¹⁹⁶ Nca mvuga nti: "Mushingantahe, mbega amategeko y'igihugu ntashingiye kuri Bibiliya? Rero ni ubutungane." Amen! Nta gukeka.

¹⁹⁷ Ubwenge; atari ubw'isi. Ubwenge bw'Ijambo bwa Mpwemu, kumenya ivyo Imana Yavuze, gukora ivyo Imana Yavuze, ni vyo. Rero namba ubufise ukaba ushobora kwizera ivyo bintu vyose, ko Ari Wa wundi, n'ibi bintu vyose Ijambo Rivuga ko ari ukuri, ushimangiza buri kimwe cose "amen." Ni vyiza. Ivyo uvyongere ku kwizera kwawe. Ni vyiza. Ego.

¹⁹⁸ Hagize umuntu agerageza kukubwira, ngo, "Bibiliya Yaratakaje ubushobozi bwaYo. Nta kintu nk'ico kiriho ngo kubatizwa muri Mpwemu Yera." Huu-hu. Ivyo ntuvyongereko.

Ntibizokunda. Bizokoroka. Ni nko gushira ibumba ku rutare, ntirizoguma. Rizomaduka.

¹⁹⁹ Rero abantu barakubwira bati: “Bibiliya ntishobora kwizigirwa uyu muni. Rero witonde. Ntuze urizera ivyo. Ntishobora kwiz-...” Ivyo mwaravyumvise igihe cose. Akagani kavuga ngo: “Ntushobora kwizigira Bibiliya.” Rero, namba—namba ufise ivyo mu vyiyumviro, ntu—ntugerageze kuvyongerako, kuko ntibizokunda. Inyubakwa yose izoca isenyuka ubwo nyene.

²⁰⁰ Itegerezwa gushirwako isima na Mpwemu Yera. Nshatse kuvuga gufatanirizwa hamwe, isima iyimatanya. Kandi ico kintu nyene kibimatanya... Murazi ukuntu...

²⁰¹ Ishambarayeri batuririyeko ikiraka yama iramba kurusha iyo bateyeko gusa ikiraka. Iyo ikiraka ca kera kiri kw’ipine gishushe gatoya, ica mbere murazi, iyo ipine ishushhe gatoya, kubera yazungurutse cane, gica gihomoka. Ego, mushingantahe. Murabona?

²⁰² Kandi iyo ni yo ngorane ku bantu benshi uno muni. Bagerageza gufatanya ubwenge bwabo n’ubwenge bw’isi, bakoresheje uburembo bukeya bushaje bw’isi, maze, iyo ibigerageze bije bati: “Emwe, kumbure nari nihenze.” Murabona? Impwemu zigaca zivamwo, ugaca upomporoka mu mwanya mutoya. Induru zawe zose n’ugusimbashimba ntaco vyakumariye. Abantu bakakubona usubira neza na neza muri ca kiziba nyene kandi. Murabona? Ni vyo.

²⁰³ Ariko iyo ugumye hariya n’ubushuhe bukwiye bwa Mpwemu Yera, gushika bukugize umwe n’iyo shambarayeri. Ni vyo. Wewe n’ishambarayeri muhinduka umwe. Aho uzoguma ng’aho gushika aho wewe n’amasezerano yose y’Imana mubaye umwe, uce rero wongera ivyo ku kwizera kwawe. Utabikoze, ntuvyongereko na mba.

Uravuga uti: “Ijambo ntirishobora kwizigirwa.” Ntugerageze kwongerako ivyo.

²⁰⁴ Uvuga uti: “Amasezerano ari hano, y’umubatizo wa Mpwemu Yera, yari agenewe gusa za ntumwa cumi na zibiri,” nk’uko amashengero amwe amwe avuga uyu muni, ntugerageze kwongerako ivyo. Aho ni ho umushinge wabo uri, warabomaguritse wose. Murabona? Ni nka bimwe vya Uziya, ejo ku mugoroba, Yesaya amaze kubona umushinge w’uwo muntu yari yizigiye, wabomaguritse wose, yakubiswe n’imibembe, ivyo ntaco vyari bimaze. Rero, “Vyari ivya za ntumwa cumi na zibiri gusa, za ntumwa cumi na zibiri zonyene.”

²⁰⁵ Nari hariya kwa Mwene Data Wright... Nibaza yuko bari hariya inyuma ahanu kanaka. Umugoroba umwe, hari umuvugabutumwa hariya, nariko ndavuga, hariho abavugabutumwa bane canke batanu hamwe. Uyu muvugabutumwa yarahagurutse avuga ati: “Rero, nshaka

kubabwira bakundwa ikintu kimwe. Oo, nibaza ko muri abantu beza.”

²⁰⁶ Navuze, nabwiye umuntu umwe, mvuga nti: “Ni—ni uriya yicaye harya nyene. Mwitegereze.”

²⁰⁷ Rero, Junior Jackson, ari ng’aho inyuma, yari ahejeje kuvuga. Kandi yavuze . . . yariko aravuga ubutumwa ku buntu bw’Imana. Oo, bagenzi!

²⁰⁸ Yariko ararurumba, arindiriye ko ashikirwa. Yarahagurutse kandi yariko agera gusa gutahura. “Ubu rero, ndashaka kuvuga ko Umushingantahe Branham hano, ndababwire, ari antikristo.” Aca atangura uko, ijoro ryose.

²⁰⁹ Bamwe mu bavugabutumwa batangura . . . Nca mvuga nti: “Rindira gatoya. Rero, ntihagire ico muvuga, bene Data. We ni umwe gusa natwe turi umugwi.” Nca mvuga nti: “Mwihaze gusa ubu. Ni jewe yifatiye mu gahanga.” Nashaka cane kuvyihereza, jewe ubwanje, ku buryo ntari nkimenya ico nokora. Murabona?

²¹⁰ Rero, avuga ati: “Umushingantahe Branham ni antikristo,” aca abandanya avuga ivyo vyose, murazi, ku bijanye . . . Yavuze ati: “Yavuze hariya, ‘Umubatizo wa Mpwemu Yera.’” Ati: “Bibiliya ivuga ko bari cumi na babiri bonyene baronse umubatizo wa Mpwemu Yera.” Ku bijanye no gukizwa indwara n’Imana, “Za ntumwa cumi na zibiri zonyene ni zo zari zifise ugukizwa indwara n’Imana.” Aca avuga ati: “Tuvuga aho Bibiliya ivuga, tugahora aho Bibiliya ihoze.” Nararindiriye gushika aho yimariye agashavu hafi nk’igice c’isaha.

²¹¹ Nca mvuga nti: “Rindira gatoya. Nanditse vyinshi cane hano,” ndavuga nti: “mpa amahirwe yo kwishura bimwebimwe.” Maze mpagurutse, mvuga nti: “Uyu mushingantahe, yavuze ko ‘avuga aho Bibiliya Ivuga,’ ishengero ryiwe ni ko rikora, ‘agahora aho Ihora.’ Mwese muri ivyabona. ‘Ego.’” Nca mvuga nti: “Rero, yavuze ati: ‘Ari cumi na babiri bonyene baronse Mpwemu Yera.’ Bibiliya yanje Ivuga ko hari ijana na mirongo ibiri, ku ncuho ya mbere.” Amen! Terere hanze ubwenge nk’ubwo, murabona, ubwo yariko aragerageza.

²¹² Mvuga nti: “Rero nibaza yuko Paulo ataronse Mpwemu Yera igihe yavuga ko yaMuronse.” Murabona?

²¹³ Mvuga nti, “Hariya mu . . . Igihe Filipino yamanuka kubwira ubutumwa Abasamariya. Bari babatijwe mw’Izina rya Yesu Kristo. Gusa, Mpwemu Yera Ntiyari bwaze kuri bo. Nuko batumako Petero na Yohana, baramanuka babarambikako ibiganza, Mpwemu Yera Aca Arabazako. Nibaza ko bari bamwe cumi na babiri gusa?”

²¹⁴ Mvuga nti: “Mu Vyakozwe n’Intumwa 10:49, igihe Petero yari hejuru ku nzu, akerekwa bariko baraduga kwa Koruneliyo’. Petero akiriko aravuga ayo majambo, Mpwemu Yera Amanukira ku bariko bumva iryo Jambo.” Nti: “Bibiliya Iracariko Iravuga,

Ishengero ryanyu riri hehe?” Riri hariya inyuma muri kumbure. Ni vyo. Murabona?

215 Mvuga nti: “Ugukizwa indwara n’Imana, wavuze ngo: ‘Intumwa cumi na zibiri zonyene ni zo zari zifise ugukizwa indwara n’Imana.’ Bibiliya Ivuga ko Sitefano yamanutse i Samariya, yirukana abadayimoni, arongerera akiza abarwaye, nuko haba umunezero mwinshi mu gisagara. Kandi ntiyari umwe muri bamwe cumi na babiri. Ntiyari intumwa. Yari umudiyakoni.” Amen. Amen.

216 Mvuga nti, “Kandi Paulo ntiyari umwe muri bamwe bari mu cumba co hejuru, kandi yari afise ingabire yo gukiza indwara.”

217 Mvuga nti, “Turabe gusa ingabire zo gukiza indwara! No hanyuma, inyuma y’imyaka mirongo itatu, yari akiri i Korinto, ashira ingabire yo gukiza indwara mu Mubiri wa Kristo.” Oo, bagenzi!

218 Rero, ubwoko bw’ubwenge nk’ubwo wigira mu gitabu kinaka, vyoba vyiza ubutereye mw’iyarara. Ingo kuri ubu bwenge. Igihe Imana Yavuze Iti: “Uko Yari Ari ejo, n’uwu muni niko Ari, kandi ni ko Azokwama ibihe bidashira,” uvuge uti: “Amen.” Ego, mushingantahe. Ego, mushingantahe. Si kuri bamwe cumi na babiri; ni ivya bose. Iyo uronse u—ukwizera bene uko, iyo ukwizera kwawe gushimikisha, agace kose, na “amen,” aho rero uvuge uti: “Ni vyiza,” ivyo uvyongereko.

219 Ica kane. Tubwirizwa kwihuta, kuko ndi gusa... Bituma niyumva neza cane guhagarara hano nkabivugako. Amen. [Mwene Data umwe avuze ati: “Turiko turabinezererwa.”—Umw.] Ego. Ica kane... Urakoze.

220 Mwongereko “ukwirinda.” Oo, bagenzi! Dushitse ku kwirinda. Rero, mwararonse ukwizera, ubwa mbere; mutegerezwa kuba mugufise, mu ntango. Hanyuma ku kwizera kwanyu mukongerako ubushobozi, nimba ari ubwoko nyabwo bw’ubushobozi. Hanyuma mukongerako ubwenge, namba ari ubwoko nyabwo bw’ubwenge. Ubu rero mugiyeye kwongerako ukwirinda.

221 Ukwirinda ntibisigura, “guhagarika kunywa inzoga,” hano, na mba. Oya, oya. Ukwirinda ntibisigura umuti w’akaborerwe, si co bisigura aha. Ibi ni ukwirinda kwa Bibiliya, ukwirinda kwa Mpwemu Yera. Ivyo ni bimwe gusa mu vyipfuzo vy’umubiri, ariko turiko tuvuga ivy’ukwirinda kwa Mpwemu Yera. Ivyo bisigura, ingene woganza ururimi rwawe, ntube umunyarusaku; ingene woganza ishavu ryawe, ntusimbire hejuru igihe cose umuntu akuvuze nabi. Oo, bagenzi!

222 Muhungu, benshi muri twebwe baragwa hasi imbere y’uko tunatangura, si vyo? Murabona? Hanyuma tukibaza igituma Imana Itari mw’Ishengero ryaYo, Ikora Ibitangaza n’ibindi Yahora Ikora. Ego, mushingantahe. Murabona?

223 Wongereko ivyo bintu. Uvyongereko ukwirinda. Oo, ukwirinda, ingene wokwishura mu bugwaneza iyo bakuvugishije n'ishavu. Umuntu avuze ati: "Mwa mugwi w'aberanda bikumbagaza hasi mwe!" Ntuce usimbe rero ngo utangure kuzinga amaboko y'ishati. Murabona? Si ivyo. Ariko uvugane urukundo rw'Imana, ukwirinda, ubugwaneza. Mbega uko niko ushaka kuba? Iyo bagututse, ntusubize ibitutsi. Reka We Akubere akarorero.

224 Igihe bavuga ngo: "NiWaba Uri Umwana w'Imana, hindura aya mabuye acike imikate," Yari gushobora kubikora, Akerekana ko Ari Imana. Ariko Yari Afise ukwirinda. Igihe bamwita ngo ni, "Beyezebuli", Yavuze Ati: "Ndabahirira kuri ivyo." Si vyo? BaraMushikuye ubwanwa mu maso hiWe, baMucira mu maso, baca bavuga bati: "Ikure ku musaraba!"

225 Yavuze Ati: "Data, baharire. Ntibazi ico bakora."

226 Igihe, Yari Afise ingabire, Yari Azi ibintu vyose, kuko muri We hari ukunengesera kw'Ubumana mu buryo bw'umubiri. Bari baraMubonye akora ibitangaza, mu kubwira abantu ingorane bafise, n'ibindi nk'ivyo. Bashize igitambara mu mutwe wiWe nk'uku, mu maso yiWe, baMukubita ku mutwe n'inkoni, bavuga bati: "Vugishwa, tubwire uwaGukubise. Turaheza tuKwizere." Murabona? Yari Afise ukwirinda.

227 None, nimba warakuronse nk'uko, ukwongere ku kwizera kwawe. Niwaba ugikankama, utishurana urupfasoni, ubuza abandi amahoro, utera umuvurungano, ushwana, huh-uh, ntaco ufise...Ntushobora kwongerako ivyo, kuko ntibizokwongerwako. Murabona? Ntibizomatana. Ntiwoshobora gufata igipande c'ikawucu, murazi, ngo ugishongeshanye n'igipande c'icuma. Ntibikunda. Oya, bitegerezwa kuba bigondeka, nk'uko nyene ikawucu imeze. Murabona? Igihe ukwizera kwawe n'ukwirinda kwawe bizoba nka kwa kwirinda Mpwemu Yera Afise, Rero bizoca bishongeshanywa na We. Uba wongeweko.

Igihe ubushobozi bwawe bumeze nka bwa bushobozi bwiWe, aho rero bizokwongerwako.

228 Iyo ubwenge bwawe bumeze nk'ubwenge bwiWe, "Nje gukora ubugombe bwaWe, O Mana." Murabona? Akoresheje Ijambo rya Data, Yatsinze buri dayimoni. Ijuru n'isi bizovaho, ariko Ijambo ntirizovaho. Murabona? Iyo uronse ubwenge bene ubwo, bushongana n'ukwizera kwawe.

229 Iyo uronse ukwirinda kubereye nk'uko Afise, bizomatana. Namba utagufise, ufise gusa ukwizera kw'igice, canke ukwirinda kw'uruheyiheyi, umuntu yigira, "Oo, nari nkwiye kumukubita amakofe, ariko—ariko kumbure vyoba vyiza ndabiretse, kuko bohava banyandika mu kinyamakuru kubera ivyo." Ukwo si kwo kwirinda Ariko Aravugako. Ntugerageze kwongerako ukwo. Ntibizokunda. Ariko iyo

ushobora vy'ukuri, n'ukwiyorosha kuva mu mutima, kubabarira umuntu wese, ukaguma utekanye, ukavyihoza, murabona, aho rero bizomatana. Urashobora kuvyongera ku kwizera kwawe. Fyuuu!

²³⁰ Ntibitangaje kubona turi bake mu rushengero. Si vyo? Ntibitangaje. Novuga nti, “Ni mwihane mubatizwa, nk’uko Bibiliya Ivuga, mw’Izina rya Yesu Kristo.” Umunyabutatu ashimitse ntiyizera ivyo, avuga ngo: “Uwo antikristo wa kera. Ni uwo mu b’Izina rya Yesu. Ni uwo mu ba Yesu Wenyene.” Mera magabo, muhungu, sinzi ibijanye n’ukwirinda kwawe kano kanya. Murabona? Kubera iki utoza, ngo uvuge uti: “Reka tubiharireko turi kumwe, Mwene Data Branham. Nshaka kuVyumba bisiguwe”? Murabona? Rero n’uze uVyumvirize. Hanyuma rero Bishirwe imbere yawe nyene, maze uce wigira; tura—turabishikako mu minota mikeya, mu “kwubaha Imana,” murabona. Ariko iyo u—iyo ushavuye ugushaka gusimbira ku ntahuro iyo ari yo yose, huu-hu, si—si ivyo. Murabona? Ntuba uraronka ukwirinda kwo muri Bibiliya iyo ukora ivyo; ingene wishura. Hanyuma ivyo vyose ubironse, urashobora kuvyongera ku kwizera kwawe.

²³¹ Rero, inyuma y’ivyo, ica kane, ushaka kwongera ukwihangana ku kwizera kwawe. Bibiliya ivuga yuko niwaba ufise ukwizera, “kuzana ukwihangana.” Murabona? Rero, *uku* ni kwo kwihangana. Rero, ico ni co kintu gikurikira kizokubaka iki gihagararo. Murazi, Imana Ifise ibikoresho nyavyo mu Nyubakwa yaYo.

²³² Murabona ico tubuze, mwene Data, mushikanje? Murabona? Murabona igituma, aho turi? Ego, mushingantahe. Murabona? Turafise ubwiza, turafise akaruru k’umunezero n’ibindi, kuko dufise ukwizera. Ariko iyo dushitse kuri ibi bintu *hano*, Imana ntIshobora kutwubaka muri ico gihagararo. Murabona? NtIshobora. NtIshobora kudukingura ngo dushike mu kibanza nk’ico. Dufise ivyo bindi vyose. Turagwa, tukabinyererana tubifise. Murabona? NtIshobora kwubaka Ishengero RyaYo.

²³³ Ukwihangana hamwe n’iki? Ukwihangana bwoko ki? Ikintu ca mbere, ni ukugira ukwihangana n’Imana. Niwaba ufise ukwizera nyakuri, kw’inkomoko, uzogira ukwihangana nyakuri kw’inkomoko, kuko ukwizera kuzana ukwihangana. Iyo Imana Ivuze ikintu ico ari co cose, uracizera. Ni uko. Uba ufise ukwihangana.

²³⁴ Uvuga uti: “Emwe, naraYisavye kunkiza ejo ku mugoroba, none ndacarwaye muri iki gitondo.” Oo, bagenzi! Ni ukwihangana ki?

²³⁵ Imana Yaravuganye na Aburahamu, hanyuma inyuma y’imyaka mirongo ibiri n’itanu nta n’ikimenyetso na kimwe cariho. Yari acizeye. Yarihanganye arindira Imana. Uh-huh.

²³⁶ Wame uYishira imbere yawe. Reka Ibe ikintu gikurikira co guhura na co. Ntushobora kuYirengana, rero Yirekere imbere yawe gusa. “Yavuze uko, kandi bizoshika.” Murabona? Yirekere imbere yawe. Ni vyo.

²³⁷ Nowa yari afise ukwihangana. Ego. Nowa yari afise ukwihangana nyakuri, kuva ku Mana. Imana Yavuze Iti, “Nzohonesha iyi si imvura,” maze Nowa avuga ubutumwa imyaka ijana na mirongo ibiri, naho vyari uko. Ukwihangana kwinsihi. Nta n'ikime cakorotse kiva mw'Ijuru. Nta na kimwe cariho. Hari umukungugu utigeze ubaho, igihe c'imyaka ijana na mirongo ibiri, ariko yarihanganye.

Rero, Imana Iragerageza ukwihangana kwawe. Ni vyo. Imana Irabigerageza.

²³⁸ Imaze kubibwira Nowa, rero Yavuze Iti: “Nowa, ndashaka ko ubandanya winjire mu bwato. Ngiye kwinjizamwo ibikoko, kandi Nda—Ndashaka ko winjira. Duga ingazi, ubu, kugira ngo ushobore kuraba hanze, mw'idirisha ryo hejuru. Ubu, Ndashaka ko winjiramwo. Nshaka ko ubwira abo bantu uti, ‘Ejo, ivyo maze imyaka ijana na mirongo ibiri mvuga, bizoshika.’ Ni vyiza, wewe manuka hariya ubabwire.”

²³⁹ Ikimenyetso ca mbere cari ikihe? Nowa yarinjiye mu bwato. Nta mvura yariho. Nowa yariteguye, maze yambara ikoti y'imvura, n'ibintu vyose, kugira ngo ashobore kuraba hanze, rimwe rimwe. Yariteguye. Ariko bukeye. . .

²⁴⁰ Nibaza ko yoba yarabwiye umuryango wiwe, n'abakazana biwe na bo bose, ati: “Oo, bagenzi! Ejo muzobona ikintu mutari bwigere mubona. Kuko, mu kirere hose, hazoba hirabura. hanyuma habe imituragaro n'imiravyo. Inkota nini y'Imana igiye guca mu kirere. Izocira urubanza iyi migwi y'abanyavyaha batwanse, iyi myaka ijana na mirongo ibiri. Muraraba gusa mubone.” Murabona?

²⁴¹ Bamwe mu bizera b'ibice, murazi, bayerera ng'aho ntibigere binjira, murazi. Ba—baracahari, murazi. Rero ba—baraza, bavuga bati, “Emwe, wa mutama arashobora kuba atihenze, rero tuze kuduga turindire iminsi mikeya, canke turindire amasaha makeyi mu gitondo, turabe.”

²⁴² Bukeye, aho kuba igicu cirabura, haje izuba ryaka nk'uko ryahora ryaka. Nowa yararavye. Aravuga ati: “Hewe, nta gicu kihari.”

²⁴³ Urya muntu yaraje, aravuga ati, “Aha, nari ndabizi ko uri umwe muri bo. Urabona, uguma uyerera ng'aho.”

²⁴⁴ “Emwe, urantunga, mushingantahe. Ha-ha. Kumbure je—je—jewe gusa, urazi, ni ugushigikira gusa, murabizi. Mu buryo bunaka, urabona. Ha-ha-ha.”

²⁴⁵ Ariko, Nowa, yari afise ukwihangana. Yavuze ati: “Namba itaguye uno muni, izogwa ejo.” Kuki? Imana ni ko Yavuze.

“Ivyo yabikubwiye ryari ga Nowa?”

246 “Haraheze imyaka ijana na mirongo ibiri. Naramaze ico gihe cose, rero ndarindiriye gusa hano.” Murabibona? Akanya gaheze...

247 Turabona, ko Imana Yamaze iki gihe cose Irindiriye ishengero, kandi, ariko rizoboneka. Ntuhagarike umutima. YaraBisezeranye.

248 Twararindiriye iki gihe cose ukuzuka. Kuzobaho. Ntibibahagarike umutima. Imana Yarabisezeranye. Rorera gusa wihanganye. Niwasinzira, ivyo ntibizobura... Vyoshoboka ko wosinzira gatoyi imbere yuko ivyo biba, ariko uzokwikangura ico gihe. Yarabisezeranye, murabona. Agatiro, murabona ico twita itiro ry’urupfu, murazi. Ico twita urupfu, agatiro gatoya gusa, canke gusinzirira muri Kristo. Ivyo ngo gupfa muri Kristo ntibibaho. Ubugingo n’urupfu ntibibana. Murabona? Turasinzira gato gusa, agatiro ako abagenzi bacu badashobora kudukangura. Ni We gusa ashobora kudukangura. “Azohamagara, nanje nzomwitaba”, niko Yobu yavuze. Yobu amaze imyaka ibihumbi bine ubu asinziriye. Ntugire ubwoba. Azo—azovyuka. Ntugire ubwoba. Aracarindiriye.

249 Nowa yararindiriye. Umunsi ugira kane urarengana. Nta mvura. Ni vyiza. Bizoshika.

250 Ndashobora kwumva muka Nowa yegera akavuga ati: “Papa, urazi ne-...?”

“Ntuvuge gutyo.”

251 Yari afise ukwihangana, kuko yari afise ukwizera. Ego, mushingantahe. Yari afise ubushobozi. Yari afise ubwenge bwo kumenya ko Imana Yari mu kuri. Yari Afise ukwirinda. Ntiyatwawe nyabahururu, ngo avuge ati: “Rero, sinzi ibi vyose ivyo ari vyo. Natakaje ukuba rurangiranwa kwose ng’aho.” Oya, oya. “Abantu ntibakinyitayeho. Nzovaho nje hariya ntangure ubundi busha.” Oya, oya. Yari afise ukwihangana. Imana Yarasezeranye. Imana Izobikora. Imana Izobikora kuko Imana niko Yavuze.

252 Ndashobora no kubona umuhungu wiwe aza, avuga ati: “Papa, urazi...” Akorakora umushatsi wiwe muremure w’imvi, murazi. Kandi yari afise imyaka amajana, murazi, yicaye ng’aho. Yavuze ati: “Ndazi ko uri sokuru wacu w’umutama. Nda—ndagukunda, dawe. Ariko none, birashoboka ko woba warihenze gatoyi?”

“Oo, oya. Oya.”

“Kuki?”

“Imana niko Yavuze!”

253 “Erega, dawe, iyi ibaye iminsi itandatu twicaye hano hejuru. Twicaye hano muri ubu bwato bunini, bwa kera, bwumye

twicaye aha nyene. Kandi bwatewe ishishi ahantu hose, imbere n'inyuma. Kandi twamaze iyi myaka yose tubwubaka. Uraheza uhagarara hanze uvuga ubutumwa, gushika naho uzana imvi n'ubuhanza. None uri hano hejuru ubu, ugerageza kuvuga *iki n'iki*. Kandi abantu bariko baritwengera, bakaguma batera ama tomati aboze n'ibindi ku ruhande rwabwo. Raba hariya ico uriko urakora. Erega, urazi. . .”

“Ihangane, mwananje.”

“Urabizi neza?”

“Imvura izogwa!”

Umukazana wiwe ati: “Data, urazi. . .”

“Imvura izogwa!”

²⁵⁴ “Ariko twamaze iyi myaka yose, turorereye. Twariko twitegura. Watubwiye ko izogwa, haraheze indwi. None turi hano muri bwo, n'imiryango yose irugaye, natwe turi hano tugendagenda hirya no hino aha, n'izuba ryaka nyene nk'uko ryahora.”

“Ariko imvura izogwa!”

“Ubizi gute?”

“Imana niko Yavuze!”

²⁵⁵ Rero iyo mugeze aho muba uko, vyongereko. Ariko namba mutabifise muri ubwo buryo, nti—ntimugerageze kuvyongerako. Ntibizokunda. Ntibizokunda ku vyo gukira indwara. Ntibizokunda ku kindi kintu na kimwe. Murabona? Bitegerezwa gushongana na ca kintu gikozwe mu bintu bimwe n'ico bimataniye. Ni vyo. Mutegerezwa kuvyongerako. Ukwihanganira isezerano ry'Imana. Ego, mushingantahe. Nowa yaravyizeye. Kandi yarihanganye imbere y'Imana, imyaka ijana na mirongo ibiri.

²⁵⁶ Mose, yarihanganye imbere y'Imana. Ego, mshingantahe. “Mose, numvise amarira y'abantu baNje. Nabonye amarushwa yabo. Manukanywe no kubarokora. Ngira Ndagutumeyo.”

²⁵⁷ Kandi itandukaniro ritoya hariya hagati yiwe n'Imana, Imana Yaciye Imwereka ubwiza bwaYo. Aca avuga ati: “Ehe ndagiye.” Amaze kubona ubwiza bw'Imana, murabona, yaciye agira ukwizera.

Yavuze Iti, “Ico ufise mu kuboko ni igiki ga Mose?”

Nawe ati, “Ni inkoni.”

Ica Ivuga Iti: “Yiterere hasi.”

Yahindutse inzoka. Aca avuga ati: “Oo, bagenzi!” Yari atanguye. . .

²⁵⁸ Ica Ivuga Iti: “Yitore, Mose. Namba Nshobora kuyihindura inzoka, Ndanashobora kuyisubiza uko yari.”

259 Aa! Amen ! Asangwa Imana Ishobora kumpa ubuzima busanzwe, Irashobora no kumpa Ubuzima bwa Mpwemu! Asangwa Imana Yarashoboye kumpa ukuvuka ubwa mbere, Irashoboye no kumpa ukuvuka ubwa Kabiri! Amen! Namba Imana Ishobora gukiza *iki*, kubw'ugukiza indwara kw'Imana, Irashobora kukizurira ubwiza bwaYo, ku munsu w'iherezo. Ni vyo.

260 “Ndashobora guterera iyi nkoni hasi Nkayihindura inzoka. Ndashobora gusubira kuyihindura inkoni. Yifate ku murizo.”

261 Mose yararamvuye ukuboko arayifata. Ehe ng'iyi, inkoni. Atangura kwongerako ubwenge. Murabona?

“Ikiganza cawe gifise ingorane ki, ga Mose?”

“Nta n'imwe.”

“Gishire mu gikiriza.”

262 “Neza cane. Bimeze gute. . .” Cera kubera imibembe. “ O Mwami, raba ikiganza canje!”

“Gisubize mu gikiriza cawe, Mose.”

263 Agisubizayo *uku*, neza gisubira kuba nka . . . Yaciye atangura kuvyongerako nk'*uku*, aho, murabona. Ego, mushingantahe.

264 Yaciye amanuka hariya. Kandi itandukaniro rya mbere. . . Yaramanutse hariya. Yarashitse hariya avuga ati: “Uhoraho Imana Yavuze Ati: 'Rekura abantu baNje bagende.' Farawo, ndashaka ko ibi ubimenya. Naje nk'umuserukizi w'Imana. Utegerezwa kunyumvira.”

265 Farawo ati: “Kumvira? Mbega urazi uwo ndi we? Ndi Farawo. Ndakwumvire wewe, umuja?”

266 Aca avuga ati: “Uranyumvira, canke urimbuke. Urakora kimwe canke ikindi.” Kuki? Yari Azi ico yariko aravuga. Yari afise igikorwa. Yari hariya. Yavuganye n'Imana. Yari afise ukwizera. Yari azi aho ahagaze.

“Ushaka ko ndakumvira wewe? Sohoka va hano!”

“Ndakwereka.”

“Nyereka ikimenyetso.”

Yatereye inkoni hasi; ica ihinduka inzoka.

267 Aca avuga ati: “Erega, ayo ni amareba aciriritse y'abapfumu! Ingo hano akanya gatoya. Ingo hano Yane, mwe na Yambure, muterere hasi inkoni zanyu.” Barazitereye hasi, zica zihinduka inzoka.

268 Ati: “Ubu, wewe wa mburakimazi we, waje ng'aha kuri jewe, Umunyegiputa, umufarawo wa Egiputa. Uca uza ng'aha n'ayo mareba yawe y'ubupfumu aciriritse, ubuhumvyi bwawe,” murazi, gusoma mu vyiyumviro. Murazi ico nshaka kuvuga. Ndizera yuko muriko murabitahura. “Ugusoma mu vyiyumviro

canke ikintu kinaka, murabona, ego, waje ng'aha na bene ivyo.”
Ati: “Emwe, turashobora gukora ivyo nyene ukora.”

²⁶⁹ Mose yari iki? Ntiyavuze ati: “Oo, Mushingantahe Farawo, mba—mbabarira, mushingantahe. Nzoba umuja wawe.” Oya, mushingantahe.

²⁷⁰ Yagumye ahagaze bwuma. Amen. Yagumye aho nyene. Imana Yavuze, ata gukekeranya mu mutima wiwe, “Tekana. Ndakwereka ikintu kimwe.” Iyo wakoze neza na neza ico Yavuze gukora, bigasa n'aho vyagenze nabi; guma uhagaze bwuma, wihangane.

²⁷¹ Mose yavuze ati: “Urazi, igihe nashiraho uwo mushinge, hariho ukwihangana kwashizwe ng'aho, rero ndarindira gusa ndabe ico Imana Ikora.”

²⁷² Aho izo nzoka za kera, zariko zirikwega ahantu hose, zihuha kandi zivugirizanya uruhwa. Buno nyene murazi, inzoka ya Mose yaragiye iti, “Muru, miru, miru”, ica irazimira zose. Yari afise ukwihangana.

Abiteze Uhoraho, bazokwama biyubura mu
nkomezi nshasha,
Bazodugisha amababa nk'inkona.

Mbega ivyo ni vyo? Murabona? Ego.

Biruke ntibaruhe, bagende
ntibadendebukirwe.

Murabona, mwitege Umwami gusa. Mugire ukwihangana. Murabona? Ego, mushingantahe.

²⁷³ Rero Isirayeli yari igiye gusohoka. Itandukaniro rininiya ryaraje, maze Mose ararindira.

²⁷⁴ Nuko aja mu bugaragwa. Ni urugendo rw'iminsi nk'itatu canke iminsi ine gusa. Ni ibirometero mirongo itandatu na bine gusa kuva aho bajabukiye, gushika aho bongeye kujabukira. Ariko Mose, mu bugaragwa, yarindiriye imyaka mirongo ine. Ukwihangana. Amen. Ni vyo. Yarindiriye imyaka mirongo ine. Oo! Ego, mushingantahe.

²⁷⁵ Kandi twotegerejwe kugiririranira ukwihangana, natwe. Murabona? Igihe kimwe...Tugiranira—tugiranira ukutihanganiranira cane. Twiyumvira ko dutegerezwa kuba nka Mose. Mose yarihangana abantu. Murabe, ivyo ni vyo vyatumye batajabuka. Murabona? Namba uriko uragerageza kugira ico ukoze...

²⁷⁶ Nk'uko nagerageje gutahuza ubu Butumwa ishengero, kugira ngo ndabe yuko umunywanyi wese w'iri shengero aba *iki*. Biragoye gukora. Nagerageje kugira ukwihangana; iyi ni imyaka mirongo itatu n'itatu. Murabona? Mugire ukwihangana. Abagore baracamwa imishatsi yabo, biracari kwa kundi nyene. Ariko nimugire ukwihangana. Murabona? Nimugire

ukwihangana. Murindire. Mutegerezwa. Namba mutagufise, ntimugerageze kwubakirako *hano*. Mugire ukwihangana.

277 Mbere n'igihe kimwe, ka kagwi k'abantu b'abagarariji karagize ukutihangana cane, ku buryo batumye Mose akora ikosa. Ariko, n'aho biri uko, hageze ku guhangana, Imana Yarababajwe n'ibikorwa vyabo. Ica Ivuga Iti: "Itandukanye, Mose. Ndica ako kagwi kose kabo, Nce Ntangura ukundi gushasha."

278 Yaciye yiterera mu canzo, avuga ati: "Mana, ntUbikore." Iki? Ukwihanganira abantu bariko baramugarariza.

279 Ndibaza namba twobikora? Namba mutobishobora, ntimugerageze kwubakira kuri *iki*, kuko nti—ntibihinduka, murabizi. Ni uko ica mbere cashongesherejwe muri *iki*, kandi ni uko kimwe cose muri vyo gitegerezwa gushongesherezamwo. Mutabishoboye, ntimushika kuri ca gihagararo c'ahantu Imana Nzima Igererera, namba mudafise ukwihangana, ukwihanganirana. Ni vyiza.

280 Ba bana b'Abaheburayo bari bafise ukwihangana. Nta nkeka, bari bagufise. Imana Yari Yarabasezeraniye, Irababwira Iti: "Ntimukwunamire igishushanyo na kimwe." Ariko bari bafise ukwihangana. Bavuze bati: "Imana Yacu Irashoboye. Ariko, n'aho biri uko, ntitwunamira igishushanyo cawe." Ukwihangana, azi ibi, ko Imana Izosubira kumuzura mu minsi y'iherezo.

281 Ubu buzima nta kininiya buvuze erega. Murabona? Imana Izokwongera kubuzura mu minsi y'iherezo. Ariko iyo bigeze ku vyo kwunamira igishushanyo, ntavyo dukora. Rero, tuzoha Kayisari ivya Kayisari, ariko, iyo bigeze aho Kayisari yinjira mu vy'Imana, Imana ni Yo Iza ubwa mbere.

282 "Imana Yavuze Iti: 'Ntukunamire ico gishushanyo.' Nanje sinzobikora. Imana Yacu Irashobora kudutabara. Ariko naho Itobikora, sinzokwunamira ico gishushanyo."

Aca avuga ati: "Nta kibazo, ngiririya itanure."

283 "Rero," ati: "Oo, ndibaza, yuko imvura ishobora kugwa cane muri iri joro maze ikarizimya ryose." Ariko ntiyaguye. Bagumye bihanganye.

284 Bukeye bwaho, igihe barengutswa imbere ya sentare, Nebukadineza yari yicaye aho. Aravuga ati: "Ni vyiza, bahungu, muriteguriye kunyemera nk'umwami wanyu?"

"Ego cane. Uragahoraho, O mwami."

"Ubu rero nimwunamire igishushanyo canje."

"Oo, oya."

285 "Rero, mugiyeye guturirwa. Muri abanyabwenge. Murakerebutse. Mwaradufashije cane. Mwabereye umugisha ubwami bwacu. Ntimushobora kwumva ko ntashaka gukora ibi?"

Ariko na—natanze itangazo ng'aha, kandi bitegerezwa gukorwa. Sinashaka kubatereramwo aho. Oo, bagabo, vyabagendekeye gute?"

²⁸⁶ "Ndazi yuko ivyo vyumvikana neza. Ariko, Imana Yacu Irashoboye kudutabara. Ariko n'aho biri uko..." Baragize ukwihangana.

²⁸⁷ Batangura kuduga ingazi. Barabana. "Bimeze neza. Nta kibazo." Baragize ukwihangana. Barateye intambwe imwe, Imana ntiYari ng'aho. Intambwe zibiri, NtiYari ngaho. Intambwe zitatu, intambwe zine, intambwe zitanu, barabandanya, n'ubwo ntiYari ng'aho. Baca binjira aho nyene mw'itanura ryaka umuriro. Bari bafise ukwihangana. Ariko Yari ng'aho. Murabona? Umuriro ukwiye gusa warabashikiriye, kugira uturire ubohore iminyororo ku maboko n'ibirenge vyabo. Hanyuma rero bashitse hasi mu rwobo, Yari ng'aho. Murabona? Baragize ukwihangana.

²⁸⁸ Daniyeli vyagenze uko nyene. Daniyeli yari afise ukwihangana. Nta nkeka. Ntiyari yiteguye gutezura. Oya, mushingantahe. Yakoze iki? Yarugurura amadirisha agasenga, uko vyari kwose. Ni co Imana Yasaba. Yari afise ukwihangana. Yararindiriye Imana, azi ko Imana Ishoboye kugumya Ijambo ryaYo. Bamutaye mu rwobo rw'intambwe, bavuga bati: "Turareka intambwe zikurye zikumare."

²⁸⁹ Aca avuga ati, "Ni vyiza." Yari afise ukwihangana. Kuki? "Emwe, nararindiriye Imana uyu mwanya wose. Namba ntegerezwa kurindira iyindi myaka irenga igihumbi, nzozuka ku munsu w'iherezo. Rero, ndafise ukwihangana, nzorindira."

²⁹⁰ Paulo yari afise ukwihangana. Nta nkeka yari agufise. Raba ivyo Paulo yategerejwe gukora. Muvuga ibijanye n'ukwihangana!

²⁹¹ Gute kuri ba bantu bo kuri pentekoti? Igihe cose bari bafise iryo tegeko ngo "Rindira gushika," murabona, "rindira gushika mwambaye Ubushobozi." Gushika ryari? Nta kibazo bari bafise ngo "Bizoshika ryari?" Bararonse inyishu ngo "Rindira gushika."

²⁹² Baraduze hariya hejuru bavuga bati: "Ni vyiza, bagenzi, kumbure mu minota icumi n'itanu Mpwemu Yera Aratuzako natwe duce turonka igikorwa c'ibango cacu." Iminota cumi n'itanu irahera, nta n'umwe. Umunsu umwe urahera, ntawe; ibiri, itatu, ine, itanu, itandatu, indwi.

²⁹³ Bamwe muri bo bashobora kuba baravuze bati: "Hewe, ntimwibaza ko tuza twaMuronse?"

"Oya, oya, oya, oya." Ni vyo. Oya. Ivyo ni vyo.

²⁹⁴ "Vyoba vyiza dusohotse, bagenzi." Umurwanizi avuga ati: "Mu—mu—murazi ko mwamaze kuronka ivyo mushaka. Nimugende, mutangure igikorwa canyu."

²⁹⁵ “Oya, oya, oya. NtituraMuronka. Kuko, Yavuze Ati: ‘Hazoba, ibizoshika mu minsi ya nyuma: Nzovuganira n’ubu bwoko ku minwa idebagura no mu zindi ndimi, kandi uku ni ko Kuruhuka Navuze,’ murabona, Yesaya 28:19.” Yavuze Ati, “Ibi ni—ibi ni Ivyo, muzo—muzoMuronka igihe... Rero, tuzobimenya niYaza. Tuzobimenya niYaza. Tuzobimenya, ‘Isezerano rya Data.’” Barindiririyeye aho iminsi icenda. Hanyuma ku munsu ugira icumi, “Twari ng’aho.” Bari bafise ukwihangana, kwo kurindira.

²⁹⁶ Rero, namba ufise bene uko kwihangana, inyuma y’aho Imana Iguhereye isezerano ukaribona muri Bibiliya, “Ni rwanje,” uce rero urindira. Hanyuma, namba ufise bene uko kwihangana, ukwongere ku kwizera kwawe. Murabona aho mugeze muduga hejuru ubu? Uriko uraduga hejuru *hano* ubu. Ni vyiza. Isaha nayo nyene iriko irazunguruka, si vyo? Ni vyiza. Ni vyiza. Ongera ibi ku kwizera kwawe.

²⁹⁷ Wame uMushira imbere yawe, wibuka yuko Ari We Yasezeranye. Si jewe, nasezeranye. Si umwungere, yasezeranye, Mwene Data Neville. Si uwundi mukozi w’Imana, yasezeranye. Ntiyari umupatiri kanaka canke papa. Ntiyari umuntu w’isi. Ni Imana Yasezeranye isezerano, kandi Imana Irashoboye gushitsa ikintu cose Yasezeranye. Ni vyiza. Namba mufise bene uko kwizera, kwo kumenya ko Imana Yabisezeranije! Wovuga uti: “Mwene Data Branham, ndarwaye. Ndakeneye cane rwose gukira indwara.” Vyemere. Ni ingabire wahawe, ego, mushingantahe, namba woshobora kwizera. Wovuga uti, “Emwe ndizera.” Vyibagire rero. Ivyo birahagije. Vyaheze. Murabona?

²⁹⁸ Gira ukwihangana, namba wararonse ukwihangana. Namba utagufise, uriko urakoroka uva kuri iyi Nyubakwa hano, murabona. Bizosenyurira hasi ibisigaye vyose, ico kintu kimwe. Utegerezwa kuba ugufise. Ntucongerekako, kuko, kizosenyura inzu yawe namba udafise ukwihangana, namba udafise ubushobozi bwo kwongera ku kwizera kwawe uvuga yuko waronse. Kandi namba udafise ukwizera na mba, ukaba ugerageza kukwongerako ubushobozi, bizosenyura ukwizera kwawe. Murabona? Uravuga uti: “Emwe, rindira gatoya. Kumbure ibi vyose ni ikosa, uko biri kwose. Kumbure Imana si Imana. Kumbure Nta Mana Iriho.” Murabona, bizocamwo kubiri neza na neza ico kintu. Murabona?

²⁹⁹ Ariko namba ufise ukwizera nyakwo, aho rero nushireko ubushobozi nyabwo, hanyuma ubwenge nyabwo, hayuma ukwirinda nyakwo, hanyuma ukwihangana nyakwo. Murabona? Uriko uraduga neza kuri uwo murongo. Ni vyiza.

³⁰⁰ Ica gatanu, wongerekako ukwubaha Imana. Oo, bagenzi! Ukwubaha Imana kwongerweko. Ukwubaha Imana bisigura iki? Naravye muri kazinduzi zine canke zitanu sinashoboye no kuronka ico bisigura. Amaherezo, nari kwa Mwene Data Jeffries, hariya, twarabibonye muri—muri kazinduzi imwe. *Ukwubaha*

Imana bisigura “kuba nk’ Imana.” Oo, bagenzi! Umaze kuronka ukwizera, ingeso nziza, ubwenge, ukwirinda, ukwihangana, rero ube nk’Imana. Fyuuu!

301 Wovuga uti: “Sinshobora kubikora, Mwene Data Branham.” Oo, ego, urabishobora.

302 Reka ndabasomere Ivyanditswe bikeyi hano, akanya gatoya gusa. Matayo 5:48. Turafata ibi turabe ico bivuga, Matayo 5:48, duce turaba namba wategerezwa kuba nk’Imana. Murazi ko Bibiliya Ivuga ngo: “Muri imana.” Yesu ni ko Yavuze. Kuki? Inkomezi zose, ibintu vyose biri mu Mana, biri muri mwebwe. Matayo 5:48: “Nimube. . .” Yesu Ariko Aravuga, mu bahirwe.

Mwebwe nimube a-g-a-h-o-r-e (ico ni iki?) agahore, nk’uko So. . . wo mu’Ijuru ari agahore.

303 Washitse hejuru *hano* ubu, imbere yuko usabwa gukora ivyo. Ibi bintu vyose bitegerezwa kubanza kwongerwako. Hanyuma iyo ushitse hejuru hano, Agusaba ubu kuba agahore, ukwubaha Imana, abahungu n’abakobwa b’Imana. Ni vyo. Ukuntu hari ibintu vyinshi noshobora kuvuga muri urwo rutonde!

304 Reka tuzingurure mu Banyefeso 4, turabe ng’aha ico, mu Gitabu c’Abanyefeso, havuga ku bijanye n’iki kintu, naho, ukuntu two—wategerezwa gukora. Abanyefeso, igice ca 4, duce dutangurira ku murongo wa 12. Abanyefeso 4, duce dutangurira ku murongo wa 12. Ni vyiza. Reka dutangurire ng’aha ku murongo wa 11.

Kandi yahaye bamwe kuba intumwa; abandi kuba abavugishwa na we; . . .

305 Muribuka ejo ku mugoroba? Ntugerageze gufata igikorwa c’uwundi muntu. Murabona?

. . . abandi kuvuga ubutumwa bwiza; abandi kuba abungere . . . n’abandi abigisha;

306 “Kugira ngo Imana Ishobore gutungana”? Vyoba bisomwa gutyo? [Ikoraniro riti: “Oya.”—Umw.] Ugutungana kw’iki? [“Abera.”] Abera ni bande? Abejejwe. Amen. Abatanguriye *hano* muni.

. . . abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa (igikorwa ca Yesu Kristo), bubake umubiri wa Kristo (kubw’ukwubakwa, baWubake, bubake): kugeza. . .

Kugeza aho twese tuzoshikira ku kugiriranira ubumwe buva ku kwizera, no . . . ukumenya Umwana w’Imana, kandi kugeza aho tuzoshikira kuba abantu bakuze, no ku vyizigiro, (oo, bagenzi), ku rugezo rw’ubwinshi bu’ukunengesera kwa Kristo:

307 “Gutungana,” bisaba ukwubaha Imana. Mutegerezwa kwongera ku kwizera kwanyu, ukwubaha Imana. Murabona, mutangurira ng’aha hepfo, n’ubushobozi. Hanyuma mukaja ku

bwenge. Hanyuma mukaja ku kwirinda. Hanyuma mukaja ku kwihangana. Ubu muri ku kwubaha Imana. Ukwubaha Imana! Oo, bagenzi! Umwanya wacu uriko urahera. Reka turabe. Ariko murazi ico ukwubaha Imana bisigura. Mwaririmvye iyi ndirimbo:

Kumera nka Yesu, kumera nka Yesu,
Kw'isi nipfuza cane kumera nka We;
Mu rugendo rw'ubuzima mva kw'isi nja mu
Bwiza
Nsaba gusa kumera nka We.

308 Uko ni ukwubaha Imana. Igihe Yakubitwa ku ruhande rumwe rwo mu maso, Yahindukije n'urundi. Igihe Yatukwa, ntiYigeze avuga. NtiYigeze asubiza. Murabona? Mu kwubaha Imana, Yama Arondera ikintu kimwe: "Nama Nkora ibihimbura Data." Murabona? Ego, mushingantahe. Iminsi yose. Ivyo ni ukwubaha Imana. Murabona?

309 Umaze kuva *hano*, gushika *hano*, gushika *hano*, gushika *hano*, gushika *hano*, gushika *hano*, gushika *hano*, ubu rero uriko urashika mu gihagararo cuzuye c'umwana w'Imana. Ariko utegerezwa kugira *iki*, kongeyeko *ibi* vyose, kandi ntushobora no gutangura imbere yo kugira *iki*.

310 Rero mwibuke ca gikona ifise amubi y'umusambi. Ntimucibagire. Murabona? Ntugerageze kuvyongerako utaravuka neza na neza ubwa kabiri. Kuko, wewe, ntibizokunda, kandi ntu—ntushobora gutuma bikunda. Bizoshika kuri *iki*, canke *iki* hano, bizoca bimanyagurika ahantu kanaka.

311 Ariko iyo ushitse *hano*, inuma y'ukuri yavutse ubwa kabiri, aho rero nta na kimwe wongerako. Biriyongerako kuri wewe, urabona, bigenda biduga, ni vyiza, biriko bishika ku gutungana rero. Ni vyiza.

312 Hanyuma, ica gatandatu, reka twongereko, Bibiliya ivuga hano, kwongerako ugukunda bene Data... ubugwaneza kuri bene Data. Rero, ico ni ciza, hano nyene, ica gatandatu, indwi. Ni vyiza. Kwongerako ugukunda bene Data. Ni vyiza. Nitwashika kuri ivyo, ugukunda bene Data, kwishira mu kibanza ciwe, kuri ico kibazo. Ubu rero muravuga ngo...

313 "Mwene Data yarancumuyeko," niko Petero yavuze. "Mbega nomubabarira," avuga ati, "incuro indwi ku munsu?"

Yavuze Ati, "Mirongo irindwi ibihetangabo ndwi." Murabona?

314 Ugukunda bene Data. Rero, murabona, nimba mwene Data kamuciyemwo, ntureka kumwihanganira. Murabona? Oya. Murabona? Ba umugwaneza kuri we. Genda, uko biri kwose.

315 Umuntu umwe yaravuze, nta gihe giheze, yavuze ati: "Ni gute ushobora kwizera ibi bintu nk'uko uvyizera, ukaguma uja mu bo mu Makoraniro y'Imana, no mu Banyabumwe,

n'abandi?" Rero mwongereko, murabona, ugukunda bene Data. Murabona? Murabona? Wizigiye, ko umunsi umwe, murabona; mwihanganire, wirinde; umwihanganire; ubwenge, bwo gutahura ico yizera, wibuka, ko biri mu mutima wiwe, ni uko biri; inkomezi, muri wewe, kugira ngo uzireke zijane n'ubugwaneza, n'ubwitonzi, kuri we; ufise ukwizera ko umunsi umwe Imana izomwinjiza. Murabona?

³¹⁶ Ugukunda bene Data, ikintu kigira indwi. Kimwe, bibiri, bitatu, bine, bitanu, bitandatu, indwi. [Mwene Data Branham akubise ku kibaho incuro indwi—Umw.] Murabona, ikigira indwi. Hanyuma, rero, mukaduga.

³¹⁷ Igikurikira, rero, mwongereko ugukundana, ari rwo rukundo. Iryo ni ryo buye ry'agasongero. Umunsi umwe wo muri iyi minsi, mw'ishengero . . .

³¹⁸ Ubu, ndabasavye, bimenyekane kuri bande, n'ahandi hose, sindiko ndigisha ibi nk'inyigisho, ivyo ngira mvuge ubu. Ariko nshaka gusa kubereka yuko, mfashijwe n'Imana, ico ari co vy'ukuri, yuko, Bibiliya ya mbere Imana Yanditse yari Inyenyeri zo mu kirere. Zitangurwa n'inkumi. Zigaherezwa na Leo intambwe. Kandi igihe nzokwinjira muri rya Shashara rya Gatandatu n'iry'Indwi, muzobona ivyo ari vyo, igihe rya rindi Shashara ryugururwa, ikimenyetso c'Inyenyeri c'aho hantu yari kanseri, ifi zinyuranye. Ni iki gihe ca kanseri tubayemwo ubu, vyarahishuwe. Hanyuma ikintu gikurikira iryo Shashara rimaze kugururwa, Ryahishuye intambwe Leo, Ukuza kwa kabiri kwa Kristo. Yaje, ubwambere, ku nkumi; Aza, ubukurikira, nka Leo ya ntambwe. Nzozana ibi ku . . .

³¹⁹ Rero, sinzi ko nja kuronka umwanya muri kino gitondo. Ndaza kugira ivyo nshoboye vyose, kugira ndabereke yuko izi ntambuko ziri muri ya ma piramide, neza na neza, Bibiliya Igira kabiri Imana Yanditse. Enoki yaravyanditse, aca abishira muri piramide.

³²⁰ Hanyuma iya gatatu, Imana ibihe vyose yama Itunganye muri bitatu, Hanyuma Ica Yigira ubwaYo Ijambo ryaYo.

³²¹ Ng'aha, ubu, mwibuke, muri irya piramide . . . Nibaza yuko benshi muri mwebwe abasoda n'abandi mwagiye mu Misiri. Iyo piramide nta gasongero ifise kuri yo. Ntiyigeze ikagira. I—Ibuye rya Scone, hamwe n'ibindi vyose bafise, ariko n'ubwo . . .

³²² Namba ufise inoti y'idorari mu mufuko wawe, raba ku noti y'idorari, muraza gusanga yuko, hejuru yayo mu ruhande rw'iburyo, ifise inkona hamwe n'ibendera ya America. Havuga ngo: ikidodo "ca Reta Nzuze Umwe za Amerika." Ku rundi ruhande, ifise ya piramide, hamwe n'ibuye ririniya ry'agasongero be n'ijisho ry'umuntu. Havuga kuri uru ruhande ngo: "Ca kidodo gihambaye." Rero, namba iki ari co gihugu gihambaye, ni kuki none iki kidodo gihambaye kitoba arico

kidodo bwite c'igihugu? Imana Ituma bashinga intahe, aho boja hose.

323 Nariko ndavugana n'umuganga igihe kimwe, kandi yariko arankekeza, ku bijanye n'ugukiza indwara kw'Imana. Yari ahagaze kw'ibarabara. Avuga ati: "Mushingantahe Branham, utera uruzazane mu bantu gusa." Ati: "Nta gukira indwara kuriho, kiretse biciye mu miti gusa."

324 Narahindukiye, ndaba ku kimenyetso kiri ku modoka yiwe, yari afise ya nzoka iri ku giti. Nca mvuga nti: "Vyobaye vyiza ukuye ico kimenyetso ku modoka yawe, rero, kuko ico kimenyetso cawe nyene gishinga intahe yuko Imana ari Yo Mukiza."

325 Umuganga nyawe aravyizera. Abo ni ba babeshi. Ego, mushingantahe. Ya nzoka ku giti! Mose yadugije inzoka ku giti. Aca avuga ati, "Ndi Uhoraho Akiza indwara zawe zose." Kandi bararaba iyo nzoka, kubw'ugukira indwara kuva ku Mana. Kandi naho nyene bashinga intahe babirwanya; yamara ikimenyetso cabo bwite kirabahinyuza. Fyuuu!

326 Ng'iki, igihugu cacu, kivuga ivyo bavuga, hanyuma bagatwenga ibi bintu, kandi amahera yabo, amafaranga yabo, aashinga intahe yuko ikidodo c'isi yose ari Imana. Murabona iryo jisho riri aho hejuru y'ivyo, kuri iyo noti y'i dorari? Ico nico kidodo gihambaye.

327 Ntirigeze rishirwa ku gasongero ka piramide. Ntibashobora gutahura igituma. Ibuye ry'agasongero ryaratawe, Umutwe, Kristo. Ariko Rizoza, umunsi umwe.

328 None, mu kwubaka, ubushobozi . . . Mu kwubaka iki cibutso, mu kwubaka iki gihagararo, murabona, bitangurira kw'ibuye ry'umushinge; ukwizera, ubushobozi, ubwenge, ukwirinda, ukwihangana, ukwubaha Imana, ugukunda bene Data. None ivyo bikora iki? Rero barindiriye Ibuye ry'agasongero, ari rwo rukundo, kuko Imana ni urukundo. Kandi Iragenzura, ni Yo bukomezi bwa buri kintu muri ivyo bintu. Ni vyo. Ego, mushingantahe.

329 *Aha* nyene, *aha* nyene, murabona ndabifise, aha hagati, y'ibi bikorwa vyose hano, kandi ng'iyi imipfunda mitoyi iraje. Ivyo ni ibiki? Mpwemu Yera Amanuka, Aciye muri Kristo, murabona. Mpwemu Yera! Mpwemu Yera Ari hejuru y'ibi vyose, Abifataniriza hamwe, Yubaka (iki?) Ishengero ritunganye, kugira rya Buye ry'agasongero RiRifunike.

330 Ni igiki cakoretse ubugira kandi? Vyagaragajwe biciye mu Bihe Indwi vy'Ishengero, na za ntwarabutumwa indwi z'Ishengero.

331 Vyatanguriye *hano* kera. Ishengero ryatanguriye hehe ubwa mbere? Ishengero rya Pentekote ryatanguriye hehe ubwa mbere?

Na Paulo Mweranda, muri Efeso, inyenyeri y'Igihe c'Ishengero rya Efeso, Efeso.

³³² Igihe ca kabiri c'Ishengero cari Simuruna. "Ingeso nziza." Ireneyo, wa muntu ahambaye yashigikiye Ubutumwa Bwiza bwa Paulo.

³³³ Igihe c'Ishengero cakurikiye cari Perugamo, akaba yari Martin. Martin yari umuntu ahambaye yagumye. Paulo, Irene, Martin.

³³⁴ Hanyuma i Tuwatira haza Colomba. Muravyibuka? Ng'ibi, bicapuwe *hariya*. Colomba. Inyuma ya Colomba... Ibihe vy'Umwiza bica biraza.

³³⁵ Hanyuma haza Sarudi, bisobanura *uwapfuye*. Luteri. Haleluya! None ni igiki? Haje nde inyuma ya Sarudi, Luteri?

³³⁶ Hanyuma haza Filadelufiya. "Ukwubaha Imana." Wesley, ubweranda! Luther yavuze ati: "Umugororotsi abeshwaho n'ukwizera." Ukwezwabwira kuri Wesley.

³³⁷ Hanyuma haza ugukunda bene Data, biciye muri Lawodikiya. Natwe turizera ko Ubutumwa buhambaye bw'uguseruka kwa kabiri kwa Eliya, muri iyi minsi y'iherezo, buzokubura isi.

³³⁸ Ehe rero, Ibihe Indwi vy'Ishengero, intambuko indwi. Imana Yubaka Ishengero ryaYo, ni nk'umuntu umwe ku giti ciwe, muri Yo ubwaYo. Ubwiza, Ubushobozi bw'Imana, bimanuka biciye muri *ibi*, buBimataniriza hamwe. Kubw'ivyo, Abapentekoti basize Abaluteriyano, basize abo kwa Wesley n'abandi, ntibazi ivyo bariko baravugaga. Murabona, babaye muri *iki* gice c'urusengero. Uko ni ko abantu bamwe bashobora kuduga gushika hejuru maze bagaca bakoroka. Ariko hari igice c'ukuri cavyo, kiguma gituma iyo nyubakwa iduga. "Nzogarukana", niko Umwami Yavuze.

³³⁹ Muribuka ca *Giti Mugeni*? Muribuka ubutumwa kuri ca *Giti Mugeni*? ZazaKiriye gushika hasi, ariko YazaGitutuye. Barironkeye amashami y'ikidini; Irayatutuye. Bashinze irindi shengero, amashami y'ikidini; Yaratutuye. Ariko umutima w'ico Giti wabandaniye ukura. "Kandi hageze ku kagoroba hazoba Umuco." Murabona? Aho niho Kristo Aza, Mpwemu Yera. Yesu Aramanuka maze We nyene Agaca Aja ku Mutwe w'Ishengero rero, kandi Azozura iri Shengero, Ariwo Mubiri wiWe Bwite. Aho imbere ni ho hari Umubiri.

³⁴⁰ Kandi uburyo Imana Yiteze ko dukura umwumwe wese ku giti ciwe, nibwo buryo Yinjije Ishengero RyaYo ngo rikure. Igihe c'Ishengero cose, Rigenda riba Ishengero rinini. Murabona?

³⁴¹ Aba bantu ntibasabwe ico *abo* bandi basabwa. *Uyu* ntiyasabwa ico *urya* yasabwa. Murabona? Ariko Yubatse Ishengero RyaYo mu buryo bumwe. Yubatse Ishengero Rya—RyaYo nk'uko Iriko Irubaka abantu baYo. Rero aha Petero

avuga, ubwa mbere, ibintu indwi: ukwizera, ubushobozi, (murabona, biraduga), ubwenge, ukwirinda, ukwihangana, ukwubaha Imana, ugukunda bene Data, wongerako urukundo rwa bene Data, hanyuma rero urukundo rw’Imana. Mpwemu Yera, Kristo mu mu peresona wa Mpwemu Yera, Aza kuri wewe, mu mubatizo w’ukuri wa Mpwemu Yera, Ugaca uronka izi ngeso nziza zose zimataniye ishusha muri wewe. Rero, Imana Ica Iba mw’Thema, ryitwa Inyubako, Ihema rizima ry’aho Imana Nzima Iba.

³⁴² Iyo umuntu afise ivyo bintu nk’ivyo, aho rero Mpwemu Yera Aca Aza kuri we. Ntaco bitwaye, ushobora kuvuga mu ndimi, ushobora kwigana ingabire iyo ari yo yose Imana Ifise. Urashobora kubikora. Ariko kiretse izi ngeso nziza *hano* zije muri wewe, uba ukiri kure y’umushinge w’ukuri, nyawo, w’ukwizera. Ariko iyo izi ngeso nziza zigukuriyemwo, hanyuma ukongerako ivyo kuri ivyo, aho uba uri icibutso kizima. Uba uri ikigirwamana kizima, kigendagenda.

³⁴³ Ariko, murazi, aba—abapagani, bunamira ikigirwamana, imana yo mu vyiyumviro. Kandi mu buryo bw’ivyiyumviro bizera ko iyo mana yo mu vyiyumviro ibishura. Ubwo ni ubupagani. Ivyo ni Uburoma. Bunamira aberanda b’ubwoko bwose n’ibindi vyose. Bafise Umweranda Sisiliya, imana yo mu nzu, n’ibindi vyinshi cane nk’ivyo bitandukanye. Baravyunamira, kandi mu vy’ukuri baravyizera mu buryo bw’ivyiyumviro. Mbega—mbega ikigereranyo, c’Imana nzima y’ukuri.

³⁴⁴ Ariko iyo twebe, atari mu buryo bw’ivyiyumviro, ariko twunamye imbere y’Imana Nzima, ingeso nziza nzima, ubwenge buzima, ukwihangana kuzima, ukwubaha Imana kuzima, Ubushobozi buzima buza buvuye ku Mana Nzima, bigira umuntu muzima mw’ishusho nzima mu gihagararo c’Imana. Ariko akora iki? Nka vya bindi nyene Yesu Yakoze; kugenda kumwe nyene Yagenda, akora birya nyene Yakora. Kuko, si ikintu co mu vyiyumviro. Hariho ukuri kuvyemeza.

³⁴⁵ Murabona ico nshaka kuvuga? Murabona ukuntu izo ngeso nziza, ivyo bikoresho vyo kwubaka, bigereranywa na za ntwarabutumwa z’Ishengero, hamwe na vya bihe vy’Ishengero? Rero, umunsi umwe muri iyi minsi, tuzofata rimwe rimwe muri aya majambo, duce tuyiga, twerekane yuko bibigaragaza. Vyose birajana. Nta nkeka. Murabona? Oo, bagenzi! Ese ukuntu ari vyiza cane, murabona, kubona ico bi—ico bikora.

³⁴⁶ Rero, iyo ni yo Nzu Imana Igereramwo; atari inyubakwa ifise inkengeri niniya ku gasongero kayo, n’umunara muremure. Murabona? “Ariko Wanteguriye Umubiri,” Umubiri Imana Ishobora kugereramwo, Imana Ishobora kugendagenderamwo, Imana Ishobora kurabiramwo, Imana Ishobora kuvugiramwo, Imana Ishobora gukoreramwo. Amen! Igikoresho kizima

c'Imana, Imana Igendesha amaguru abiri, muri wewe. Ubwiza! "Intambuko z'umugorotsi zishigikiwe n'Imana," Imana Igendagenda muri wewe. "Kuko muri ivyete vyanditse, bisomwa n'abantu bose." Kandi namba bwa Buzima bwari muri Kristo buri muri mwebwe, muzogira bwa Buzima Kristo Yari Afise.

³⁴⁷ Nk'uko namye ndabivuga. Fata ubukame ubukure mu giti c'ipeshe, kandi hamwe woshobora kubushira biciye, mu kubutera, mu giti c'ipome, ico c'ipome cokwama amapeshe. Nta nkeka. Nta gukeka ni yo cokwama. Uko amashami yoba asa kwose, gifise ubukame bw'igiti c'ipome muri co, murabona, canke igiti ico ari co cose. Murabona? Kura ubuzima bwaco mu giti c'ipome, bukuremwo bwose, uce ugiteramwo u—ubukame, ubukure mu giti c'ipeshe ubwinjize mu giti c'ipome. Haca haba iki? Ntikizosubira kwama amapeshe ukundi. Murabona? Oya, mushingantahe. Ntikizosubira. Namba ubuzima bw'igiti c'ipeshe bwinjiye mu giti c'ipome, nako, ntikizosubira kwama amapome ukundi. Kizokwama amapeshe, murabona, murabona, kuko gifise ubuzima muri co.

³⁴⁸ Rero, ufashe twebwe, ata kindi turi atari igikunga gusa, intumva, urabona, kandi nta kintu na kimwe kiri muri twebwe, kuko twese twari dupfiriye mu vyaha n'ibigabitanyo. Twese tumeze uko nyene. Kandi rero twebwe, ubwacu, dushobora kwunama, tukishikana, gushika aho Imana Ifata urushinge rwaYo rwo gutera amaraso, Izina rya Yesu Kristo, kuko, "Nta rindi Zina muni y'Ijuru umuntu ashobora gukirizwamwo," Igashira Ubuzima bwa Kristo muri twebwe. Duca turonka ukwizera nk'uku, kwa kwizera Kristo Yari Afise. Kandi ukwizera kwa Kristo ntikwari gushingiye kuri abo Bafarisayo, canke Abasadukayo, canke mu nkono zabo, amabirika, n'amapanu, no kwoza kwabo. Kwari gushingiye kw'Ijambo ry'Imana, amen, cane rwose, gushika aho Kristo Yari Ijambo, Ijambo Ryihaye umubiri. Kandi rero iyo dushoboye guterwamwo cane Ubushobozi bwiWe, ku buryo dupfa ku vyiyumviro vyacu bwite, ukwizera kwacu kugaca kuba ukwizera nyakuri, haleluya, aho rero Ubuzima bwa Kristo buca buterwa muri twebwe. Duca ducika ivyaremwe bizima vy'Imana, ikibanza co kubamwo aho Mpwemu Yera Ashobora kurungika imishwarara yiWe y'imihezagiro biciye ngaho, tukaba turi mu gihagararo ca Kristo.

³⁴⁹ Yesu Yavuze Ati, "Mbega ntivyanditse? MwaNyagiriye muvuga ngo: 'Ndi Umwana w'Imana.' Mbega ntivyanditswe, yuko, 'Muri imana.' Mbega ivyagezwe vyanyu si ko bivuga?" Nka Mose, nka Eliya, nk'abo bavugishwa babayeho begeranye n'Imana cane, gushika aho Imana ubwaYo Yirungika muri bo. Hanyuma bakavuga, atari bo ubwabo, ariko Ari Imana. "Ntimuze mwiyumvire kuvyo muzovuga, kuko si mwebwe muzoba muriko muravuga. Ni Data Ari muri mwebwe; We niwe Avuga." Amajambo yiWe si ayiwe, kuko, ubuzima bwiwe,

yarapfuye.

³⁵⁰ Iyo umuntu apfuye, murakura amaraso mu muntu, mukamusiga ngo ntabore. Ingorane yavyo n'uko, benshi muri bo batigeze basigwa ngo ntibabore. Ukuye amaraso mu muntu, aba apfuye. Rero ikintu conyene ukora ni ukumusubizamwo ayandi maraso; azoca asubira kubaho ubugira kandi. Waramukuyemwo amaraso yiwe.

³⁵¹ Rero ubu twashizemwo Amaraso ya Yesu Kristo, murabona, ivyo na vyo bizana ukwizera kwa Yesu Kristo, inkomezi za Yesu Kristo, ubwenge bwa Yesu Kristo, ukwirinda kwa Yesu Kristo, ukwihangana kwa Yesu Kristo, ukwubaha Imana kwa Yesu Kristo, ugukunda bene Data kwa Yesu Kristo, n'urukundo rw'Imana, ari rwo Yesu Kristo. Ni we Mutwe kandi ni We Akuganza. Ibirenge vyawe ni vyo mushinge, ukwizera. Amen! Bigenzurwa n'Umutwe, fata i...?...Ng'ivyo. Ng'uwo umuntu w'Imana atunganye, iyo afise izo ngeso nziza.

³⁵² Rero, Imana, igereranya Ishengero ryaYo nk'Umugeni, umugore. Imana Igereranya Ishengero ryaYo nk'Umugeni. Kandi ukuntu Izana buri muntu ku giti ciwe ngo abe umwana waYo, ngo yinjire muri uwo Mugeni, ni nako Yazanye Umugeni muri ibi bihe, [Mwene Data Branham akubise ku kibaho ciwe incuru indwi—Umw.] gushika Izanye iri Shengero rikwiye muri *ibi*.

³⁵³ Ibirenge vyanje biragendagenda. Kubera iki? Kuko umutwe wanje ubivuze. Rero, ntibishobora kunyiganga nk'ikiganza canje, kuko vyo ni ibirenge vyanje. Luther ntashobora gukora ivyo twakoze, nk'uko Abametodiste batabishoboye, kuko bari ikindi kintu. Murabona? Ibirenge bigenda kuko umutwe ubivuze. Kandi umutwe ntiwigera uvuga ngo: "Ubu, birenge, mubaye ibiganza. Gutwi, ubaye amaso." Murabona?

³⁵⁴ Ariko, mu gihe cose, Imana Yashize ibi bintu mw'Ishengero ryaYo, kandi yabitanze akarorero mu kwerekana yuko umuntu wese afise ibi, afise izi ndangagaciro. Kandi *iki* Caremwe, nicuzura, ni Ishengero ry'Imana rizoba rigiye mw'Izamurwa. Rero *iki* caremwe, kandi cuzuye, ni umukozi w'Imana, mw'Ishengero ry'Imana, Azoja mw'Izamurwa. Imana Ishimwe! Murabona ico nshaka kuvuga? Ng'ivyo. Ng'ico ikintu cuzuye.

³⁵⁵ Hano haje umuntu, Paulo, yashizeho umushinge. Ireneyo atangura asukako *iki* kuri wo. Uwukurikira asukako *iki*. Uwukurikira asukako *iki*. Uwukurikira *kirya*, na *kiriya*, na *kiriya* no kubandanya gushika bishitse ku gihe ca nyuma. Ariko ni iki? Ni Wa Mpwemu nyene.

³⁵⁶ Ya mpwemu nyene iba muri jewe, iravuga iti: "Biganza, tora irya sandugu." Iyo mpwemu nyene ikavuga iti: "Birenge, tera intambwe." Murabona ico nshaka kuvuga?

357 Rero, igihagararo cose cawe gitegekwa kandi kigenzurwa n'ivyo bintu, ariko ntigishobora kugenzurwa neza gushika kironse vyuzuye izo ndangaciro.

358 Mwari bwigere mwumva ibi? Rero reka ndababwire ibi. Kandi mugume vy'ukuri...Mwumvirize neza. Murabona? Umunyororo ukomera cane rwose mw'iyungiro ryawo ry'intege nke kuruta ahandi hose. Ivyo ni vyo. Ntukomera gusumba iyungiro ryawo ry'intege nke kuruta ahandi hose.

359 Ntaco bitwaye uko *ibi* vyubatswe mu buryo bukomeye, *iki* cubatse; namba gifise iyungiro ry'intege nke, aho ni ho bicikira. Ntibikomera gusumba iryo yungiro ry'intege nke kuruta ahandi hose. [Mwene Data Branham ariko arisunga igicapu ciwe co ku kibaho—Umw.] Rero iyo ufise, uvuga ngo urafise *iki*, *iki*, *iki*, ariko ukaba udafise *iki*, aho ni ho ucikira. Namba ufise *iki*, ntugire *kiriya*, uzocikira aho nyene. Namba ufise *iki*, ntugire *kiriya*, uzocika. ufise *Iki*, ntugire *iki*, bizocika. Ufise *Iki*, ntugire *iki*, bizocika. Murabona? Kandi iyo uta... Ntushobora kugira *iki* udafise *iki*.

360 Rero iyo wishikanye ico uri cose, Mpwemu Yera Aca Yisuka muri wewe, muri izi ngeso nziza, ugaca uba ihema rizima. Hanyuma abantu bakwitegereje bakavuga bati: "Urya ni umuntu yuzuye ubushobozi, ubwenge (arizera Ijambo), Ukwirinda, ukwihangana, ukwubaha Imana, ugukunda bene Data, yuzuye urukundo rwa Mpwemu Yera. Murabona, ng'uwo, ariko aragenda." Ivyo ni ibiki? Igihagararo abatizera bashobora kuraba bakavuga bati: "Ng'uyu Umukristo. Ng'uyu umugabo, canke umugore, azi ico ariko aravuga. Ntimurigera mubona umuntu afise ubugwaneza, atekereje, yubaha Imana kuruta urya." Washizweko ikimenyetso. Ikimenyetso kigaragara ku mpande zompi. Waba uriko uragenda canke uraza, ubona ikimenyetso kwa kundi nyene. Ni ivyo. Murabona? Iyo umugabo canke umugore afise *ibi*, rero Ibuye ry'agasongero riramanuka rikabashirako ikimenyetso mu Bwami bw'Imana, aribwo Mpwemu Yera.

361 Rero Ijambo, Riva *Hano*, Rikigaragaza muri umwe wese muri ibi vyaremwe, murabona, maze Rikagira iki Caremwe gikwiye Ihema ry'Imana Nzima, akarorero, kagenda, kazima k'Ubukristo. Ico Kristo Yari, abo bantu ni co baba bari, kuko Ubugingo bwiWe burimwo hano. Bari muri Kristo. Kandi ubuzima bwabo bwarapfuye bunyegzwa muri Kristo, biciye ku Mana, bushirwako ikimenyetso imbere na Mpwemu Yera. Ab' i Ikorinto ba Mbere, 12. Ivyo ni vyo. Murabona? Utahura ubwawe ko wapfuye, ugaca rero uvyarwa n'ukwizera. Hanyuma ingeso nziza n'ibi bintu bindi bikakwongerwako gushika ubaye ishusho nzima, itunganye y'Imana. Mbega ntibiteye igomwe?

362 Hanyuma rero Imana, Iciye muri ivyo, Yazanye Ibihe Indwi vy'Ishengero navyo, kugira ngo Yerekane intambuko indwi

Yazanye, Yubaka umuntu waYo mw'ishusho yaYo, Iriko yubaka Ishengero rikwiye mw'ishusho yaYo. Kandi kw'izuka, uyu Mubiri ukwiye uzozuka kugira ngo ubane na We ibihe bidashira, kuko ni Umugeni. Murabona? Rero ivyo biraba ibihe vyose, igihe cose kije.

³⁶³ Kandi nta bindi bisabwa, muvyibuke. Muribuka ivyo Paulo yavuze hariya mu Baheburayo 11? Reka ndabasomere ikintu kimwe imbere yuko duheza ng'aha, akanya gatoya gusa. Muca rero mu... Umengo bituma mwiyumva ukuntu gutangaje iyo na... igihe cose, iyo nsomye ibi. Ngiye gufata Abaheburayo 11, nce ntangurira ku murongo wa 32.

Ikindi ki, *mvuge ikindi ki? Kuko igihe condengana ndondoye ivya Gideyoni... ivya Baraki, ivya... Samusoni, ivya... Yefuta;... Dawidi... ivya Samweli, ... n'ivyo abavugishwa n'Imana,*

Baheshejwe n'ukwizera gutsinda abami, no gukora ibigororotse, no kuronka ivyasezeranywe, no kuzibira iminwa y'intambwe,

no kuzimya ubukari bw'umuriro, no gukira ubugi bw'inkota, kandi no guhindurwa mu ntege nke ngo zicike inkomezi, no kuba agahebuza mu guhunga, no kunesha... ingabo z'abanyamahanga.

Abagore bagarukaniwe abo babuze kuko bazutse, ... abandi baciye mu mibabaro, bagiriwe nabi, ntibemera gucungurwa, kugira ngo bazohabwe ukuzuka kurushiriza kuba kwiza:

³⁶⁴ Umanutse hepfo hano. Murabona? [Mwene Data Branham ariko yisunga igicapo kiri ku kibaho—Umw.] Ni vyiza.

Abandi bageragereshwa... gushinyagurirwa... gukubitwa ibimoko, mbere... bashirwa mu ngoyi... no mu mabohero:

bicishijwe amabuye, bakerewemwo kubiri, barageragejwe, bicishijwe... inkota: bayerera bambaye insato z'intama n'izo impene; bari baburaniwe, bababazwa, bagirirwa nabi;

(Isi ntiyari ibabereye ko bayibamwo:)... .

³⁶⁵ Murabona, mu tuzitizo harya, mwabonye muri Bibiliya zanyu.

... bayerera mu bugaragwa no mu misozi no mu masenga no mu vyobo.

... abo bose bamaze gushingirwa intahe kubwo ukwizera kwabo, ...

³⁶⁶ Ng'aha! [Mwene Data Branham yerekanye ku gicapo ciwe yagize ku kibaho—Umw.]

...gushingirwa intahe kubwo ukwizera kwabo,
ntibahabwa ivyasezeranywe: (Murabona?)

kuko Imana yatuboneye kera ikirushiriza kutubera
ciza, kugira ngo abo ntibatunganywe rwose tutari
kumwe.

367 Mwabitahuye? Aba bantu bapfuye, bo *ng'aha*, biteze twebwe
kandi baraturindiriye. Rero, *iri* Shengero ritegerezwa gushika ku
gutungana, kugira ngo rizane izuka. Kandi bari muni, imishaha
iri muni y'igicaniro, irindiriye ko *iri* Shengero Rishika ku
gutungana kwaRyo, aho niho Kristo Aca Aza.

368 Kandi *iri* Shengero, murabona, rigenda riba ritoya
kurushiriza, riba inkehwa. [Mwene Data Branham yerekanye
ku gicapo ciwe yagize ku kibaho—Umw.] Birasongoye cane
kurusha aha, ariko gusa nashatse ndonke aho kwandikamwo,
murabona. Bigeze ku gasongero. Gushika aho, Ishengero, mu
bukehwa, Ritegerezwa gushika ahantu kugeza aho biba ca
gikorwa nyene c'ibango ico *iki* casize, kuko, igihe *iri* Buye
ry'agasongero Rigarutse...

369 Hariho akantu kameze nk'umufuko *ng'aha*, aho rizoshikira
nyene, kuri piramide isanzwe. Si igipfukisho gusa gipfuka
hejuru ku gasongero. Ni imbiga ntoy, kandi ritegerezwa
gushirwa aho, kuko bisesa amazi.

Kandi niryaza, *iri* Shengero ritegerezwa kuba risenwe.

370 Ayo yandi mabuye yose muri piramide, ashizweho neza cane
ku buryo udashobora gucisha n'urwembe hagati yayo, apima
amatoni, ari *ng'aho*. Ingene bayashikanye hejuru, ntavyo bazi.
Ariko zarubatswe.

371 Kandi *aha* hejuru, igihe Agasongero ka piramide kaza,
piramide ubwayo, Umubiri wa Kristo uzotegerezwaga kuba
usenwe. Si za nemera canke inyigisho gusa, canke ikindi kintu
ducamwo. Rizotegerezwaga kuba rimeze neza rwose nka Kristo,
gushitsa aho, igihe Azozira, We hamwe n'ico gikorwa c'ibango
bizokwinjiranamwo neza. Murabona? Hanyuma Izamurwa
rizoca rishika, kuja i Muhira.

372 Raba aho tubaye ubu, muri Lawodikiya, aho ishengero
ryari igihe kibi c'ishengero batari bwabone. Muri Bibiliya,
tubona yuko, ari co gihe c'ishengero conyene Imana Yari
hanze y'ishengero, Idodora, Igerageza gusubira kwinjira mu
nyubako yaYo. Za nemera n'amadini vyari vyaYishize hanze
y'ishengero ryaYo bwite. "Ehe, Mpagaze ku rugi Ndaramukije.
Nihaba hari umuntu afise inyota agakingura urugi, Ndinjira,
dusangire." Murabona? Ng'ibi, muri *iki* gihe c'ishengero. Bagaye
baYurukana buhoro buhoro, kugeza aho *ng'aha* baYurukanye
burundu. Ntibashaka ko hagira ico bahurirako naVyo.

373 Ubu murabona uyu muni aho turiko turajya. Mbere no
kw'iherezo ry'igihe c'Ishengero rya Lawodikiya ryabaye

iryo kwishusho, kugeza aho ryo n'ivy'Ikigatolika, arivyo vyarisambuye *ng'aha*, bishira hamwe bakiyunga nk'ishengero rimwe rihambaye. Hamwe n'ihuriro ry'amashengero, ni co kimwe n'ivy'Ikigatolika.

³⁷⁴ Hariho itandukaniro rimwe gusa, namba bashobora kubirengana, ni ivy'isangira. Ni co kintu conyene muri diyosezi, ki—ki—kibuza Abagatolika n'Abaporoti kwunga ubumwe, ni insiguro ihabwa isangira. Ishengero Gatolika rivuga riti: "Ni umubiri." Ishengero ry'Abaporoti naryo rikavuga riti: "Ni ikigereranyo c'umubiri." Abagatolika babikoramwo imisa. Imisa n'ukuvuga, yuko, bagira isangira, bizigiye yuko bahariwe. Abaporoti barigira kubw'ukwizera, bashima Imana, mw'isangira, yuko bahariwe. Abaporoti bavuga bati: "Twarahariwe." Abagatolika bakavuga bati: "Twizigiye yuko twahariwe." Imisa n'isangira. Bavyita imisa; tuyita isangira. Imisa ni ukwizigira yuko ari uko biri. Isangira ni ukumenya yuko ari uko biri, no kuYishimira kubw'ivyo. Murabona? Kandi ico ni co kintu conyene badashobora guhurizako. Bazobikora.

³⁷⁵ Oo, biboneka neza cane. Bazoja hamwe, ngo barongore... Bizo—bizerongorera vyose... Rero, Bibiliya Ivuga Iti: "Kandi iki gikoko cahaye ububasha bwaco umwe maraya," murabona, barifataniye. Murabona? Neza na neza nyene ivyo Bibiliya Yavuze ko bokoze, bariko barabikora ubu. Biriko birashika, muri iyi ndwi nyene. S'uko noba mfise ico mpfa n'Abagatolika, nk'uko ataco mpfa n'Abaporoti.

³⁷⁶ Mwebwe Abametodiste n'Ababatista, na benshi muri mwebwe Abapentekoti, mu gihe amashengero yanyu yinjiye nyene muri iri huriro ry'amashengero, igihe bubaka ubwo buruhukiro bunini bw'abapfuye aho i New York, iryo huriro ry'amashengero, ni co kimwe n'Ishirahamwe Mpuzamakungu n'ibindi. Bariko bagerageza guhuriza Abaporoti bose hamwe.

³⁷⁷ Rero, Abagatolika baraciye ubwenge kuri ivyo, bagiye kuzana, uyu Papa Yohani wa mirongo ibiri na gatatu, canke mirongo ibiri na kabiri, ico ari cose, ariko agerageza mu buryo bworoheje, buciye bugufi, kuzana ukwizera kwose kw'Abaporoti n'ukwizera kwose kw'Abagatolika ku kwizera kumwe, neza na neza ivyo Bibiliya Yavuze ko bokoze. Ng'ivyo. Kandi Abaporoti babigwamwo, bakagwa mu mutego bikomeye.

³⁷⁸ Kuki? Kuki? Kuko badafise ibi bintu. *Ubwenge*, "Ijambo ni ukuri." *Ukwihangana*, "Abiteze Uhoraho." Murabona ico nshaka kuvuga?

³⁷⁹ Ni nka kurya wa musenyeri w'Umumetodiste yavuze ejo bundi, igihe batora iryo tegeko. Kandi umuntu wese arabizi, ingene, icabiteye, ni ukugerageza kuzana isengesho kanaka ngo rivugwe mw'ishengero, canke mw'ishure. Kandi bashaka ku... Niyumvira yuko cari igitabu c'amasengesho c'Abaperesibiteriyano, canke ikindi kintu, hanyuma abavyeyi

baritwariye i-i—ishure kubera yuko batari kwemera yuko iryo sengesho rivugwa mw'ishure. Rero uyu musenyeri w'Umumetodiste yari umutama ahumuye w'ubwenge, yarahagurutse aravuga ati: “Ivyo si vyo.” Ati: “Binyuranije n'ibwirizwashingiro.” Yari yumvise iryo banga. Yavuze ati: “Ni co kimwe no mw'ishengero ryacu rya Metodiste,” ati: “mw'ishengero ryacu rya Metodiste,” ati: “benshi mu bantu bacu bama bavuga ivyerekeye ibitsitaza vya Hollywood, kandi mirongo icenda na batanu kw'ijana muri bo baraja kubiraba n'ubwo biri uko.”

³⁸⁰ Ingorane ni iyihe? Barahevye *ibi*. Neza na neza. Barahevye ivyo.

³⁸¹ Nariko ndavuganira aha nyene, ejo bundi, n'u—u—umurongonzi wa rimwe mu mashengero manini ya Metodiste riri hariya muri Falls City, rimwe mu mashengero ya mpwemu cane ya Metodiste riri hariya muri Falls City. Nerekana ko igihe c'Abametodiste cegereye igihe cacu, Abapentekoti. Aca avuga ati: “Muri St. Louis, Missouri, baragize itohoza, nko mu mezi atatu canke ane aheze, barabitoye.” Uwo muntu ashobora kuba yicaye ng'aha muri iki gitondo. Rero, ni we mwubatsi ariko yubaka iyi, adusanurira iyi nyubako. Ishengero Metodiste ryo kuri Main Street, niho ari umunywanyu, aho Mwene Data Lum n'abo bandi ari umupasitori. Kubw'ivyo rero twamenye yuko, muri ryo, yuko nibaza ko ari ibice mirongo irindwi n'ibindi kw'ijana vy'Abametodiste muri iryo tohoza, yuko, icegeranyo c'i St. Louis, cerekanye ko ibice mirongo irindwi n'ibindi kw'ijana vy'Abametodiste banywa itabi, kandi ko ibice mirongo itandatu n'umunani kw'ijana muri bo banywa inzoga ziboreza. Umumetodiste! Kandi ikintu gitangaje cari, igihe iryo tohoza ryatangwa, canke ikigereranyo hagati y'abagabo n'abagore; abagore, bari mirongo irindwi, ibice mirongo irindwi n'ibindi kw'ijana, ku bice hafi mirongo itanu kw'ijana vy'abagabo. Abagore benshi banywa itabi kandi banywa inzoga kurusha abagabo. Mirongo irindwi kw'ijana, ibice mirongo irindwi n'ibindi kw'ijana, abagore benshi kurusha uko vyari bimeze ku bagabo.

³⁸² Ubu mbega vyomera gute dufashe Inyigisho za Bibiliya zo kwambara impuzu ngufi, no kumwa imishatsi, n'ibintu nk'ivyo, murabona, aho ukwubaha Imana, abagore batura ko bubaha Imana kandi ari aberanda? Ugukina amakarata n'ibindi vyose, bavuga insaku, bavuga amajambo menshi, badashobora kugumya ururimi. Ururimi rwabo bavuga barenza urwamo, baja irya n'ino. Mbega abagabo bo bimeze gute? Gukina amakarata, gukina inkino za golf, basohoka bambaye batikwije, bambaye uduhuzo duta duta twa kera twanduye, n'abagore biyandagaje hanze. Ntibitangaje!

³⁸³ Murabona ikibi bakoreye urya muvugabutumwa, umuvugabutumwa wo mu mabohero, kino gitondo? Ego,

mushingantahe. Sinibaza ko urya muntu yagirwa n'ivyo. None vyakoze iki? Uwo ni Mwene Data... Sinshobora kwibuka izi... [Umuntu umwe avuze ati: "Dan Gilbert."—Umw.] Ego. Dan Gilbert, umuvugabutumwa wo mu mabohero. Igihe urya muntu yinjira akica Dan, haciye amezi makeya hano, none ubu umugore wiwe ari mu kuvyara. Ni vyo, Dan yarapfuye, ntibashobora gutera amaraso umwana ubu. Avuga ko Dan yamufashe ku nguvu, kandi ko ari... "Ko ari umwana wa Dan." Mwene uwo... Ivyo sindavyizera nk'uko ntizera kw' i—kw'i—igikona gifise amubi y'inuma. Oya, mushingantahe. Nibaza ko ari ikinyoma. Ndizera ko Dan Gilbert yari umuntu w'Imana. Kandi nibaza yuko ari umutege wa shetani.

³⁸⁴ Ni nka kirya kintu bagerageje gusigura ku vyerekeye amasengesho. Urya mutama w'umusenyeri w'Abametodiste—w'Abametodiste yari afise ubwenge bukwiye bwo kubitahura. Iyo aza kuba yaragize, iyo iryo tegeko riba ryararenganye, gusa vyari vyahumekewe n'ikindi kintu. Ni vyo.

³⁸⁵ Ni nk'iyi ngorane y'ivanguramoko yo mu Bumanuko, ni co kimwe. Nibaza yuko abantu bakwiye kwidegemvya. Nizera ko iki gihugu gishigikiye ukwidegemvya. Singaye Umushingantahe Kennedy kuba yararungitse ingabo hariya. Naho ntari u—u—umuntu "w'ivyiyumviro bishasha," si ndi n'umudemokarate. Si ndi umu repubulikani. Ndi Umukristo. Kubw'ivyo ndi... Ariko ivyo sindavyizera. Vyongeye, sinizera ko abirabure bategerezwa kugurisha ubufura bwabo ku bintu nk'ivyo. Wari u—wari umugambwe w'aba Repubulikani. Amaraso ya Abraham Lincoln yahaye umwidegemvyo abo bantu kubera ko yari umuntu yubaha Imana. Nibaza ko bategerejwe n'imiburiburi kuguma ku mugambwe wabo namba vy'ukuri bizoshika bakaja gutora.

³⁸⁶ Ariko ndababwire ikintu kimwe, urya muhungu ntiyari hariya gusa kubera ivyo, amashure yabo. Urya muhungu ni umwenehugu. Ni Umunyamerika. Uyu ni umwidegemvyo kuri bose. Ibara ry'umuntu ntaco ryategerezwa guhindura. Twese tu... "Imana," bivugwa ngo: "bivuye ku muntu umwe, mu maraso amwe, yaremye, amahanga yose." Twese turi umwe. Ariko, uwo muhungu, yari umusirikare. Ni inararibonye. Yarwaniye ikiri ukuri. Yari afise uburenganzira bwo kuja kw'ishure. Ivyo ni ukuri. Ariko hari amashure menshi yashobora kujamwo.

³⁸⁷ Bivana n'ico ari co. Namba ubishigikiye, ni ubuhumvyi bw'aya madini y'iki gihe hariya, bubahumekera ivyo. Kuber'iki? Bakura ayo majwi y'abirabure mu mugambwe w'Abarepubulikani bakayaha Abademokarate, bakaba bagurishije ubufura bwabo gutyo. Ukuri neza na neza. Mpwemu Yera Ntari hano... .

³⁸⁸ "Uwufise ubwenge." "Uwufise ubwenge." Neza neza. Nka

kurya nyene kw'iri shengero, iki gihe, cigurisha. Ntimubona ibigiye gushika?

³⁸⁹ Ntaco bimbariye namba ibi biriko birashirwa kuri bande. Ng'ivyo. Hu-huu. Ego. Ingorane ni iyihe? Umutamakazi mawe ni we yakunda kuvuga ati: "Ha shetani ivyiwe."

³⁹⁰ Hari umuntu umwe yakoze ikintu kimwe conyene c'ubwenge, uwo na we ni Castro hariya epfo. Ego, mushingantahe. Yaragiye hariya. Abakapitaliste bari bafise imisigati n'ibindi vyose vya... bifatiye ku gipimo c'inzahabu, nka Reta Zunze Ubumwe za Amerika. Yakoze iki? Yaguze iyo mitahe yose. Arondera amahera mu nzira zose zishoboka. None yaciye agira iki? Yiganye amahera, aca arayahindura. Aca yongera arayasubizaho. Ico ni co kintu conyene iki gihugu cokora.

³⁹¹ Mwarumvirije *Life line* ejo bundi mu gitondo? Erega, murazi, ni nka kurya nyene ugurisha imitahe ku nzahabu. Imitahe iba yamaze kwegereanywa. None iyi reta y'ubu iriko ikoresha amafaranga ku biki? Ku mahera y'amakori bazotoza mu myaka mirongo ine uhereye ubu. Karabaye. Iyo ni *Life Line* ivugira i Washington DC, igakwira mu gihugu cose. Bariko bakoresha amakori, bagerageza kugura ayo hanze... Emwe, bakwiragiza amahera ahantu hose. Ntimubona? Ivyo ni vyo neza ba—ivyo bazokora. Murabona? Ni ibiki? Ubu, namba iki gihugu kigiye guhomba, ikintu conyene gishobora gukora ni uguhomba. Ikintu conyene gishobora gukora ni uguhomba.

³⁹² Ico nico kintu c'ubwenge conyene co gukora, ni uguhindura amahera. Ariko ntibashaka kubikora, kuri ubu butegetsi bw'ubu. Ishengero Gatolika ry'i Roma ni ryo rifise inzahabu z'isi. Kandi ico bazokora ni ukuzidandaza, "Abo bagabo b'abatunzi," n'ibindi, "bo kw'isi," nk'uko Bibiliya Ibivuga. Mbega bazokora iki, imbere yo guhomba, rwa Ruganda rw'itabi rwa Brown And Williamson, benshi muri bo ni Abagatolika, uko biri kwose, n'ibi bindi vyose, mbega bazokora iki? Ivyo bazovyemera, bazotwara amahera avuye i Roma, aho rero azoba yagurishije ubufura bwiwe. Roma iramushigikiye. Ego, mushingantahe. Izobishigikira. Ubu bariko barashiraho amategeko akwiye, barishigikiza ayakwiye, ngo babizane aho akorera. Raba ivyo Umushingantahe Kennedy ariko arasaba.

³⁹³ Iyo mubonye ivyo mwabonye, ejo bundi, ntibigikenewe gutora ukundi. Mbega bimaze iki gutora? Mu gihe, babishize mu kinyamakuru, baravyemeza imbere y'abantu, baca baranka kugira ico babikozeko. Mu gihe, berekanye ko ziryamba mashini zikwiragiye mu gihugu baziteguye ukuntu, ku buryo zatoye Umushingantahe Kennedy mu kwiba amatora. Mbega Bibiliya ntivugaga ko yokwinjiye ku buriganya? Ata nkeka, amatora yibwe. Sindwanya umugambwe w'Abademokarate, nta n'ubwo ndwanya umugambwe w'Abarepubulikani, ariko ndiko

nderekana gusa ivyemezo bivuye muri Bibliya. Bimaze iki gutora? Barazi uwuzotsinda.

³⁹⁴ Ni bangahe muri mwebwe bibuka ikiganiro co muri tereviziyo aho hari abagore babiri bahagaze? Umwe avuga ati “Nzotora Umushingantahe...” Nako, umugore w’Umuporoti avuga ati: “Nzotora Umushingantahe Kennedy.

Baramubaza bati: “Kubera ki?”

³⁹⁵ Ati: “Kuko niyumvira yuko aciye ubwenge kurusha Umushingantahe Nixon. Azoba umukuru w’igihugu mwiza kuruta.”

³⁹⁶ Hanyuma aca avuga ati: “Uyu ni umugore w’Umugatolika. ‘Uzotora nde wewe?’”

³⁹⁷ Aca avuga ati, “Ndi Umugatolika, Umugatolika w’Umuroma, Umugatolika w’intahemuka.” Avuga ati: “Nzotora Umushingantahe Nixon.”

“Kubera iki?”

³⁹⁸ Ati: “Kuko, niyumvira ko Umushingantahe Nixon azoba umukuru w’igihugu mwiza kuruta kuko arabimenyereye. “Aramenyereye cane ivy’ubukomunista.” Uwo mugore yavuze ikinyoma.

³⁹⁹ Ndafise I...ico bita, *Ishimikiro ry’Ukwemera Kwacu*, igitabu gihambaye c’Abagatolika umuntu ashoboye kugura. Havurwa muri co ngo: “Ni haba hari Umugatolika kw’ikarata y’amatora, ariko ahiganwa n’Umuporoti; Umugatolika niyatora Umuporoti, ace acibwa mw’isangira ry’ishengero Gatolika.” Ni vyo. “Nihaba naho hari Abagatolika babiri bariko barahiganwa mu kibanza kimwe, bazohitemwo Umugatolika arusha uwundi kuba intahemuka kw’ishengero rivyeyi’ bamutore.”

⁴⁰⁰ Murabona ukuntu, urwo ruhendo, ivyo bariko baragerageza gukora? Gutanga amahera, yo kugura amajwi. Kuki? Bariko bagerageza kuyihombesha. Kandi bariko barabikora, kandi yarahombye. None ni ibiki? Biri ku gipimo c’inza habu. Kandi ishengero Gatolika, inzego zaryo, ni ryo rifise inzahabu zo kw’isi. [Umuntu umwe avuze ati: “Imiriyaridi ijana na mirongo itandatu n’umunani z’amadorari.”—Umw.] Imiriyaridi ijana na mirongo itandatu n’umunani. Ng’ivyo. Bizobigarukana ku gipimo c’inza habu, namwe bantu mugumye amazu yanyu n’ibindi, ariko mwegukira ishengero Gatolika. Igihugu cegukira ishengero Gatolika. Ibintu vyose bavyigarurira nk’uko nyene, kubw’amahera yabo. Mbega Bibiliya ntibivugako? Iyo ni ishusho Bibiliya itwerekana.

⁴⁰¹ Ico ndiko ngerageza kuvuga, mwene Data, uno munsu. Bazovuga bati: “Ivyo bizotuma riba ishengero ryiza. Bizoshira hamwe Abaporoti.” bisa neza ku maso y’umubiri, ariko ubwenge bw’iyi si ni ubupfu ku Mana.

402 “Kandi vyarahimbaye Imana, biciye mu—bupfu bw’ivyigishwa, kurokora abazimiye,” kubwo igikorwa c’Imana, ico Yashinze mw’ishengero ryaYo, kwubakira Ishengero kuri izi ndangagaciro z’ivy’impwemu atari ku kintu ico ari co cose kijanye n’ivy’isi.

403 Petero yavuze ati: “Kandi kubera mumaze guhunga muva mw’iborero ryazanywe mw’isi no kwipfuza amafaranga, no kwipfuza ibihimbaro no kwinezereza no kurya no kunywa, n’ukwipfuza kubi dufise. Ivyo mwarabihunze. Ubu naho mwubatswe mu buzima. Ibi ndiko ndabibwira Ishengero,” ni ko yavuze. Ng’ivyo. Mwabisomye? Mwabitahuye? Mwavyumvise igihe twabisoma ng’aha muri Petero wa Kabiri? Umviriza gusa ico avuga ng’aha, ukuntu ivyanditswe hano ari vyiza, ukuntu a—abivugako. Ni vyiza. Mumwumvirize ubu uko avuga. Ni vyiza.

Petero, Simoni Petero, umushumba wa Yesu Kristo kandi intumwa yiwe, ndabandikiye mwebwe... abahawe ukwizera kw’akabururugero kungana n’ukwacu, muguheshejwe n’ukugororoka kwa Yesu Kristo,

...amahoro bi—bigwire muri mwebwe, mubiheshwa no kumenya Imana neza na Yesu Umwami wacu,

Kuko u—ubushobozi bw’ubumana bwaduhaye ivyo...

404 Ni nde azoragwa isi n’ibindi vyose? [Umuntu umwe avuze ati: “Abera.”—Umw.] Ego cane. “Ivyo...” Ego. Ni vyiza.

...ivyo ubugingo no kwubaha Imana vyose, tubiheshwa no kumenya neza uwaduhamagarishije ubwiza bwiwe tuja mu bwiza:

Ivyo vyatumye aduha ivyo yasezeranye vy’akabururugero... bihambaye cane, kugira ngo bibatere gusangira n’Imana akameremere kayo, mumaze guhunga muva mw’iborero (Nimwumvirize ibi.) ryazanywe mw’isi no kwipfuza.

405 Kwipfuza Amafara, kwipfuza ibintu bihambaye, kwipfuza kuba rurangiranwa, ibi bintu vyarapfuye ku wizera. Ntaco bitubwiye. Ihema canke akazu gatoya, kuki novyitaho; kubaho canke gupfa, kwibira canke gusoma nturi? Iki ni co kintu nitayeho, Ubwami bw’Imana. Nogumana inzu yanje, nogumana umuryango wanjye, nogumana ico ari co cose, reka ngumane Kristo, ivyizigiro vyacu vy’ubwiza.

406 Nyubaka, O Mwami, ungire Iki. Reka Kristo Abe Umurongozi wanjye, Akorera muri jewe. Ku mushinge wanjye, ukwizera kwanje kuri muri We, reka ubushobozi, ubwenge, ukwirinda, ukwihangana, ukwubaha Imana, n’ugukunda bene Data, bikorere muri jewe, Oo Mwami, ni ryo sengesho ryanje. Ntaco bimbariye; kubaho canke gupfa, kwibira canke gusoma nturi; haba idini, ata dini; haba umugenzi canke ata mugenzi.

Reka ivyo bikorere muri jewe, reka ubushobozi bwa Kristo, ubwenge bwiWe, bisesekare kugira nshobore kwigisha abo.

407 “Kuko Imana Yashize mw’Ishengero, intumwa, abavugishwa na Yo, abigisha, abungere, n’abakwiragizabutumwa, vyose kubw’ugutungana hamwe no kuzana izi ngeso nziza muri ryo, kubwo ukwo gutungana kw’Ukuza kw’Umwana w’Imana.” Rimwe ryose muri *aya* mabuye ni igikoresho kivuye muri Ririya. *Iki* ni igikoresho c’Iki. Imwe yose muri izo ngeso nziza iri muri We, kandi zisukwa zivuye muri We, zikamanuka biciye muri zo. Amen.

408 Ni isaha zindatatu zuzuye. Uwo mwanya wose uja hehe? Amen. MuraMukunda? [Ikoraniro rivuze riti: “Amen.”—Umw.] Muravyizera? [“Amen.”] Nimwumvirize, gatoya.

409 Mushiki wacu Kidd kino gitondo yavuze ati: “Mwene Data Bill, sinzi ko nzosubira kukubona.” Ivyo vyahatswe kunyica. Murabona? Yiyumvira yuko ashaje, kandi arashaje. Nasavye Imana ngo Imuzigame we na Mwene Data Kidd, igihe kirekire.

410 Reka ndababwire, ntituzi igihe tuzomarana. Sinzi igihe nzomarana namwe. Imana Ishobora kumpamagara nkava mw’si. Ishobora kumpamagara ku rundi rubuga rw’igikorwa. Irashobora kuguhamagara kuja ahantu hanaka. Ntitubizi. Ariko, reka—reka turonke ibi. Reka ibi ntitubireke ngo biduce hejuru gusa. Reka tubifate.

411 Ng’ivyo, muri Bibiliya. Ng’ibi, akarorero k’ibindi vyose. Ese iyo mba mfise umwanya wo kubikora! Ntushobora kubikora ku munsu umwe. Murabizi. Ariko, noshobora kubifatanya vyose!

412 Raba, igihe twaheza bwa butumwa hariya, murabona ico Mpwemu Yera Yakoze hariya ku ruhome, si vyo? Ni bangahe bari ng’aha ico gihe? [Ikoraniro rivuze riti: “Amen.”—Umw.] Murabona? Nta nkeka! Yaramanutse, Acapa nka ca kintu nyene, uwo Mumarayika w’Uhoraho.

413 Murabona, ni ukuri. Ntimubireke ngo bibacike. Nimuvyumireko, bane. Nimuvyumireko. Mwibuke, ukwizera kwanyu, mukwubakeko ubushobozi, ubwenge, ukwihangana!

414 Ubu, aha, nibaza ko nari mfise urupapuro ng’aha, namba ntarutaye ahantu hamwe igihe nariko ndavuga ubutumwa. Ng’uru hano. Urakoze, mwene Data. Urakoze cane. Namba ushaka ku—kuraba kuri rwo, no kuraba namba hari ikintu ng’aha woshobora gu... Kumbure ni igicapo ciza kuruta gatoya ico kiri ngaho, ku buryo mwoshobora kwimura bimwe muri vyo. Ndarumanika ng’aha, kandi murashobora kubiraba neza no—no kuvyandika.

415 Nshaka ko mubifata mukavyiga, mukabigereranya, hanyuma mugaca mubikorera. Ntimuvyige gusa, canke mubigereranye, ariko mubikorereko nimwabikora. Mubifate bivuye ku mutima mubigire ivyanyu. Ntimuvuge muti: “Emwe,

naryohewe no kuvyumviriza.” Naryohewe, nanje. Ariko kuvyumviriza, no kuvyakira, biratandukanye. Murabona? Murabona? Biratandukanye. Murabona?

⁴¹⁶ Hari ingeso indwi mu kugira igihagararo c’Imana. Hariho Ibihe Indwi vy’Ishengero, ivyo Imana Yakoresheje mu gushikana Ishengero kuri izo ngeso. Kandi Yatumye intwarabutumwa indwi ngo zibikore. Hariho indwi, indwi, indwi. Murabona? Indwi ni—ni igiharuro c’Imana c’ukwuzuzwa, gatatu na co ni igiharuro c’ugutungana c’Imana. Rero, hariho gatatu, n’indwi incuro zitatu. Rero, mu buryo bw’ibiharuro, bw’impwemu, kubw’Ijambo, kubw’igishingantahe ca Mpwemu Yera, ivyo vyose vyarahaheje ico kintu. Reka tuyigye.

⁴¹⁷ Reka twongere ibi bintu ku kwizera kwacu, rero, kugira dushobore kuja mu gihagararo cuzuye ca Kristo; duhujwe n’urukundo rw’Imana, ugutinye Imana, twubahana mu mitima yacu, ukwubahana kw’ibwina, n’ugukunda bene Data na bashiki bacu, ata biterasoni namba, ata kindi atari gusa ubuzima bwejewe bwa Mpwemu Yera. Murabona? Mube hamwe, ba Umukristo. Gendena ukwizera. Reka inkomezi z’Imana zigutembemwo; reka ubwenge bw’Imana, igihe hageze gutandukanya iciza n’ikibi. Igihe umurwanizi yerekanye ikintu kitari neza na neza Icanditswe, ja kure y’ivyo. Ni vyo.

⁴¹⁸ Ndashobora kwiyumvira ko za ntumwa zitigeze zikora nka twebwe. Bagenda bava aha baja hariya, kumbure abagabo bavuga make, kugeza aho bashika ku gicaniro. Barinjira bagakora ico bategerezwa gukora, bagaca bisohokera. Ego, mushingantahe. Bari bafise ubushobozi. Bari bafise ingeso nziza. Nta bihari bagira n’abantu. Bari bazi aho bari bahagaze. Nta bindi. Bari bazi uwo bari bizeye. Bagumye bagendera muri Mpwemu. Bakora gusa. . .

⁴¹⁹ Nk’uko nabivuze ubuheruka ku mugoroba. Ukuzunza umutwe gusa ko kwemera, ni co Imana yakora vyonyene, aho nta kintu cabahagarika. Ntibagiye mu vyo guharira no kwiga, no gukekeranya no kwidoga nkuko tubikora, namba bokoze *iki* canke *kiriya*. Barabandanije barabikora, ukwo vyari kwose. Ukuzunza umutwe gatoyi kw’Imana ko kwemera, vyaba biheze, ubwo nyene. Kuki? Mbega bashobora kumenya gute ko cari ikimenyetso co kwemera kivuye ku Mana? Bari bafise izi ngeso nziza zose, izi ndangagaciro zose. Kandi ikimenyetso gitoya c’umutwe ca mbere co kwemera c’Imana ugereranije na buri gace k’ibi, n’Ijambo rya Yo. Bari bazi ko ari Ijambo ry’Imana, bagaca bagenda. Ntibari bafise ubwoba ku kindi kintu na kimwe. Imana Ivuze, baca bagenda. Tuvuga. . .

⁴²⁰ Imana Iravugana natwe, tukavuga tuti: “Emwe, turaza gutangura. Turaza kuraba namba twashobora kubaho buno Buzima.” Ubwo nyene murazi, umuntu kanaka aca agushavuzwa. Rero, nta nkeka, uwo ni umurwanizi.

421 Iyo muza kubona ukuntu yagerageje kumbuza kuba muri kino gikorane kino gitondo. Mwari mukwiye kubibona igihe kimwe. Oo, imbabazi! Ntegerezwa kurwana igihe cose mba ntangaje igikorane. Kandi ngomba nje gusengera uwurwaye, hakaba hari umuntu ari ku mpfiro atarakizwa, nca ndonka abampamagara kuri terefone nka mirongo itatu mu minota cumi, hamwe boshobora kunyarutsa gutyo, kugira babimbuze. “Oo, Mwene Data Branham, utegerezwa gukora *ibi*.” Ariko hariho ubugingo buri mu kaga. Nta nkeka. Ego.

422 Ejo bundi ku mugoroba, barampamagaye ahantu hamwe. Umugabo umwe akiri muto, naravuganye na we hariya hepfo mu co mwita inzu nini yo kudandarizamwo, haraheze imyaka mikeyi. Yahindutse imborerwa. Uwo muhungu nari ndamuzi, umuhungu mwiza, ariko yari umunyavyaha. Nuko rero nyina wiwe arahamagara. Nibaza ko yahamagaye Doc incuro nyinshi. Na . . . Barahamagaye, bahamagara Billy, maze— maze amaherezo ndaronka ubutumwa. Kandi igihe naronka ubutumwa, mu vy’ukuri, sinari bwigere ngira intambara nyinshi nk’izo mu buzima bwanje, kugira nshikire uwo muhungu.

423 Hanyuma nshitseyo, uwo muhungu mugorwa ntiyari agishobora kumenya. Yari ng’aho, aryanye aho, yataye ubwenge, aguma ata amaguru n’amaboko. Se wiwe yaguma agerageza kumukomakoma, avuga ati: “Mukundwa.” Uwo mugabo afise imyaka mirongo itanu, hafi imyaka mirongo itanu n’umwe. Avuga ati: “Mukundwa,” *iki*, kandi “guma hamwe.” Kandi yaguma agerageza kuvyuka. Amaboko yiwe matoya yangana nk’uko. Uwo muhungu yari afise kanseri nyinshi cane kugeza aho ata kindi yari atari kanseri gusa. Ibihimba vyose vy’umubiri wiwe vyari vyuzuye kanseri. N’amaraso yiwe yari kanseri, ibintu vyose. Yari ng’aho, agerageza kuvyuka, aguma ata amaguru n’amaboko nk’uko.

424 Naramufashe ukuboko, ndavuga nti: “Woodrow, Woodrow, ni Mwene Data Branham.”

425 Se wiwe aca avuga ati, “Ntumuzi? Uyu ni Mwene Data Bill. Woodrow, uyu ni Mwene Data Bill.”

Yavuze ati, “Uh. Huh. Uh-uh-uh.” Nk’uko.

426 Se wiwe araraba aca avuga ati: “Billy, uje wacerewe gatoya.”

Nca mvuga nti: “Ntiyigera Acererwa. Ari hano.” Nari nagize intambara.

427 Rero abandi bahungu, abandi bahungu benshi, b’abanyavyaha, bari bahagaze aho, bo mu ncuti ziwe. Nca mvuga nti: “Murabona, bahungu, mwitegure, kuko muzoshika aha hantu. Muzotegerezwa gushika aha nyene. Murabona? Birashoboka ko itazoba ari iyi—iyi kanseri. Murashobora kuhashikanwa n’ikindi kintu, aho hanze kw’ibarabara rininiya, muvirirana muri ku mpfiro, canke ikindi kintu. Mutegerezwa kuhashika.” Twaravuganye nabo.

428 Nariko ndindira ngo ndabe ico Mpwemu Yombwira ngo nkore. Nararindiriye. Buno nyene, numva kwa kwemera ko kuzunza umutwe gatoya. “Murambikeko ibiganza.”

429 Nca ndagendagenda, mvuga nti: “Mwese mwunamike imitwe yanyu.” Bose baca barumika imitwe yabo, abahungu babiri canke batatu ng’aho.

430 Nca ndamushirako ibiganza. Mvuga nti: “Mwami Mana, reka uwo muhungu agarukane ubwenge bwo kumenya ico agiye gukora, imbere yuko ahura n’iki kintu. Ari ku mpfiro. Iyi dayimoni yamucumukuje, kandi ariko aracikana. Kandi yaraborerwa vyo kwiyica, none ng’uyu uko amerewe. NdaGusavye Umugirire imbabazi.” Igihe namusengera, bukeye bw’aho yari yicara, aganiriza se wiwe.

431 Busty Rogers, we . . . Barampamagaye ng’aha ku bitaro, nta gihe kinini giheze. Nari hariya uwo munsu, inyuma yo kuvuga ubutumwa hariya i Milltown aho Georgie Carter yakirijwe indwara. Mwese muravyibuka. Kandi hariya igihe Mwene Data Smith, umuvugabutumwa w’Umumetodiste, yavuga ati: “Hamwe hogira umuntu abatizwa, mw’Izina rya Yesu Kristo, ace amvira mw’ihema,” nk’uko. Hariya ruguru i Totten Ford, ariko agirisha ca gikorane hariya. Oo, anyiyamiriza ku bintu vyose mushobora kwiyumvira. Sinigeze mvuga ijamba na rimwe; narabandaniye. Nari mfise igikorwa. Umwami Yanyeretse iyerekwa. Hariho umwagazi w’intama hariya, wafatiwe ahantu kanaka mu bugaragwa. Muribuka mwese iryo yerekwa, mwese. Nibaza ko muriyibuka. Muraryibuka? [Ikoraniro rivuze riti: “Amen.”—Umw.] Nta nkeka. Ni vyiza. Rero nariko ndamanuka mu bugaragarwa hariya, ndawurondera.

432 Nagiye i Totten Ford. Mwene Data Wright ng’aho arabizi. Twaragiye, tutazi ico turi buko. Naguze agakarato k’isabune, ku giceri kimwe. Nari ngiye kuja hariya, ngahagarara hariya mvuga ubutumwa ndi ku ngazi. We yavuze yuko yashaka kuduga, hejuru ku musozi, gukora urudandaza gatoya. Duca turajana. Hariho ishengeru rya kera rinini ry’Ababatista ryari aho, rigaragara. Umwami Arambwira Ati, “Hagarara ng’aho.”

433 Nca mvuga nti: “Nsiga hano nyene, Mwene Data Wright.” Nca ndahagarara. Yaraduze aragaruka.

434 Naragiye, ariko sinashobora kwugurura urugi. Nca mvuga nti, “Mwami, namba Uri muri ibi, Ushaka ko ninjira mu rusengeru, Nyugururira urugi.” Naricaye ng’aho ndiko ndiyumvira.

435 Nca numva umuntu umwe aje; atambuka, aca avuga ati: “Ni amaki? Ndakubwira,” ati, “Urashaka kwinjira mu rusengeru?”

Nca mvuga nti: “Ego, mushingantahe.”

Aca avuga ati: “Ndafise urupfunguruzo hano.”

436 Naciye ntanguza igikorane. Iyinga rya mbere, bisa n'uko atacarimwo. Umugoroba wa mbere, nari mfise ikoraniro, rigizwe na Mwene Data Wright n'umuryango wiwe. None murazi, ku mpera y'yinga, ntibashobora kuronka n'aho guhagarara hanze ku kibuga, vyari bigoye. Ariko n'ubwo uwo mwagazi w'intama ntiwari bwaze. Mwene Data Hall yakijijwe muri ico gihe, umwungere wa hariya ubu. Sinashobora kubona aho uwu mwagazi w'intama wari. Haciye akanya, uwo mw'Ishengero rya Kristo, mu ntango z'umusozi, uwo mukobwa mutoya, atigeze ava mu gitanda ciwe imyaka icenda n'amezi umunani, aryamye ng'aho. Yari aho. Mwese murazi iyo nkuru. Ego, mushingantahe.

437 Hanyuma uwo muhingamo igihe Busty Rogers, umukukuruke w'igihagararo munini yari ahagaze aho... Naragiye yo. Kandi aho hari hahagaze abo mw'ikoraniro rya Mwene Data Smith ngo bantwenge, bankekeza, kuko mbatiza mw'Izina rya Yesu. Naravuye muri ayo mazi y'ivyondo ya Totten Ford, aho bari bafise i...[Ahantu ata kiriko kuri bande—Umw.]...ku mugezi hariya, usuma cane uko bishoboka. Twari twajanye n'abadiyakoni bakeyi.

438 Nca mvuga nti: "Mpagaze ng'aha uyu muhingamo nserukira Ivyanditswe Vyeranda vy'Imana." Mvuga nti: "Nasomye ng'aha muri Bibiliya aho Petero yavuze ati: 'Nimwihane, umuntu wese muri mwebwe, abatizwe mw'Izina rya Yesu Kristo mubone guharirwa ivyaha ivyanyu.'" Naciye mpindukira, mpereza Igitabu umwe mu badiyakoni.

439 Nca ndegera aho, nca mvuga nti: "Uwushaka wese, yihanye ivyaha vyiwe, arashobora kuza." Naregereye aho mu mazi. Nca mvuga nti: "Mbona nk'uko umengo Abamarayika bicaye kuri buri shami, bariko bitegereza." Oo, bagenzi! Maze nko kubatiza nka babiri canke batatu, ikoraniro ryiwe ryose, abagore bambaye impuzu nziza, bakubita ayo mazi, basemerera n'inkomezi zabo zose. Nabatije ikoraniro ryiwe ryose mw'Izina rya Yesu Kristo. Murabizi. Ndafise ifoto yavyo. Vyari ivyo.

440 Vyari ibiki? Ongerako ubushobozi bwawe. Murabona? Bireke. Imana Irazi uko Ibikora. Imana Irazi ukuntu Ituma ibi bintu biba. Bareke bavuge ivyo bashaka. Ntaco bihindura. Ni mwibandaniyize gusa.

441 Busty Rogers yari ahagaze aho, abonye ivyo, yavuze ati: "Nanje ndavyizeye n'umutima wanjye wose." Maze yaciye yinjira mu mazi, yambaye impuzu ziwe nziza, aca abatizwa mw'Izina rya Yesu Kristo.

442 Haciye nk'imyaka itatu canke ine, barampamagaye hariya mu bitaro muri New Albany. Niho yari, ari ku mpfiro, afise kanseri yamusesereje. Abaganga bari bamugereye kubaho gushika bukeye mu gitondo. Yavuze ati: "Ari ku mpfiro ubu." Ati: "Ingo ubu nyene."

443 Naramanutse nja muri ico cumba, igihe najayo, ngo mpagarare aho nsenge. Yavuze ati: "Billy, hari umunywamazi uriko uzunguruka irya mfuruka hariya."

444 Nca ndahindikira, kuraba. Nca mvuga nti: "Busty, ni isezerano. Ntupfa. Isezerano ry'Amaraso riragukiza."

445 Nca ndamushirako ibiganza, mvuga nti: "Mwami Mana, ese ingene iryo yerekwa rimenyekanisha ko Uri hano. Isezerano ryaWe ni uko, iri: 'Mu mishishagu yiWe niho dukirizwa.'" Ndamurambitseko ibiganza, aca arakira. Bamurungika i muhira.

446 Haheze k'imyaka ine canke itanu, nk'imyaka ine, aroba amafi, aha na hariya mu ruzi n'ibindi, yibandaniye. Kandi aho kanseri yari yakwiragiye mu muringoti winjira mu mushishito, harakomantaye, hariho igipfundo kinini. Abaganga, ibicocoro b'ivyo bitaro, bamubariye yuko bomuvuza kobaliti ko yoshobora kuhoroshya, bigatuma ibifungurwa bimanukira rimwe na rimwe. Vyaramugora kumira ivyo kurya vyinshi, vyasaba ko afungura bukebuke cane. Yagiye hariya ngo bamuvure. Sinamenye ko ari yo ari.

447 Bamaze kumubaga, basanze vyamuteye kujugumira cane, umutima ugira ikibazo. Vyamuteye gukongatara igice kimwe nk'uko. Ikintu conyene yashobora gukora kwari ukurira adashikana. Aca atora ikaramu, nk'uko, aca agira ati, "hu, hu, hu." Yagerageza kwandika, ajugumira nk'uku, n'ukuboko kwiwe gukomeye. Ukuboko kwiwe kw'ibubamfu, kwari kwabaye nabi. Maze arandika, n'ukuboko kwiwe ati: "Yesu Arakiza, 1900 n'ibindi." Ntibashobora kubitahura.

448 Nuko rero igihe umugore wiwe yavuye ati: "Mwene Data Branham, sinzi ico ashaka kuvuka kuri ivyo."

449 Navuze nti: "Mupfasoni Rogers, ivyo ashatse kuvuka, hari mu mwaka w'1900 n'ibindi, aho yakizwa akabatizwa mw'Izina rya Yesu hariya. Ivyo ni vyo bimufashije ubu. We ntatinye gupfa."

450 Naciye mvuga nti: "Mwami Mana, zigama ubuzima bwiwe. Ndbisavye, mw'Izina rya Yesu, ko Uzigama ubuzima bwiwe." Ndamurambitseko ibiganza vyanje. Ubwo burwayi bumuveko. Ukujugumira guhagarare. Yaciye avyuka mu gitanda. None ubu arahagaze, ashingira intahe.

451 Ku kwizera kwawe wongereko ubushobozi; ku bushobozi bwawe, wongereko ubwenge; ku bwenge bwawe, wongereko ukwirinda; ku kwirinda kwawe, ukwihangana; ku kwihangana kwawe, ukwubaha Imana; ku kwubaha Imana kwawe, ugukunda bene Data; ku gukunda bene Data, Mpwemu Yera, hanyuma Kristo Azoza. Kuko, aho nyene muni yiWe... Mpwemu Yera ni Mpwemu wa Yesu Kristo mw'Ishengero, ngo agaragaze izo ngeso nziza. Oo, bagenzi!

Ehe, isaha zitandatu zirenga iminota cumi n'itanu.

Ndakunda . . . ndaMukunda
Kuko Yabanje kunkunda

Hariya, utaraba ikintu na kimwe.

Akariha ikiguzi . . . (Mbega Yakoze iki?) . . .
agakiza kanje

Ku giti c'i Karuvariyo.

Ni gute meze *uku*? Kuko Yankunze, ubwa mbere.

NdaMukunda, ndaMukunda
Kuko Yankunze ubwa mbere (Ng'iki igituma.)
Akandihira ikiguzi c'agakiza kanje
Ku giti i Karuvariyo.

⁴⁵² NdaMusezeraniye, kino gitondo, n'umutima wanje wose, Yuko, kubw'imfashanyo yiWe n'ubuntu bwiWe, ndasenga ngo nzorondere buri muni, ntahengeshanya, gushika numvise kimwe cose muri ibi bisabwa gitemba muri iki gihagararo canje gitoya ca kera, gushika aho nshobora kuba ukugaragazwa kwa Kristo Muzima. Kuko, We Yacitse icaha nkanje, kugira ngo nciye . . . nciye ukugororoka kw'Imana, nka We. "Yangiriye mu gishingo; Mwami, reka nje mu ciWe ubu." Kuko, iyo ni yo ntumbero Yapfiriye. Ni bangahe baza gusezerana ico kintu nyene, kubw'ubuntu bw'Imana? [Ikoraniro rivuze riti: "Amen." — Umw.] Twunamitse imitwe yacu ubu, n'amaboko hejuru.

Nzo . . .

⁴⁵³ Ndabisezeranye, Mwami, iri shengero rirabisezeranye, "Igihagararo ca Yesu Kristo cuzuye!"

Kuko Yabanje kunkunda
Akariha ikiguzi c'agakiza kanje
Ku giti i Karuvariyo. 

62-1014M Igihagararo C'Umuntu Atunganye
Ihema rya Branham
Jeffersonville, Indiana Leta Zunze Ubumwe za Amerika

KIRUNDI

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Itangazo rijanye n'Uburenganzira

Uburenganzira bwose burarinzwe. Iki gitabu kirashobora gusohorwa ku mashini yo muhira kugirango umuntu agikoreshe canke gitangwe, ku buntu, nk'igikoreshe co gukwiragiza Ubutumwa Bwiza bwa Yesu Kristo. Iki gitabu ntigishobora kugurishwa, gusubirwamwo ku rugero runini, gushirwa ku rubuga, kubikwa mu buryo bwo kurondera amakuru, guhindurwa mu zindi ndimi, canke gukoreshwa mu gusaba amahera ata ruhusha rwanditse rwa Voice Of God Recordings®

Ushaka kumenya vyinshi canke ushaka kuronka ibindi bikoreshe bihari, ushobora kwandikira:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org